12+

4

2013





# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**

Ахсар КОДЗАТИ

**Редакция**

Ответств. секретарь, проза – Борис ГУСАЛОВ
Поэзия, драматургия – Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Станислав КАДЗАЕВ, Елизавета КОЧИЕВА,
Анатолий КУСРАЕВ, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2013

# МАХ ДУГ

4

2013

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги – МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2013

## НОМЫРЫ ИС:

*САЕБАЕТХЪУАТЫ Рамазан.* **Ӕмхъæуккæгтæ.** Роман 5

*КАСАТЫ Батрадз.* **Ивы рæстæг.** *Ӕмдзæвгæтæ* 54

*СИТОХАТЫ Саламджери.* **Юмористон радзырдтæ** 61

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз.* **Уалдзыгон сагъæстæ.** *Ӕмдзæвгæтæ* 77

*ХӔМЫЦАТЫ Юри.* **Мæ бæллицтæ.** *Ӕмдзæвгæ* 81

**Алы адæмты æмбисæндтæ** 82

## СААДИ ШИРАЗИ: 800 АЗЫ

*СААДИ Ширази.* **Ӕмдзæвгæтæ, хъуыдытæ** 91

## «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ 101

## ӔВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*КЪОСИРАТИ Сæрмæт.* **Къæрцхъусдзинады тыххæй** 112

*БӔДОАТЫ Хъазыбег.* **«Мах дуг»** 116

*Я. Лурье.* **Гнездо буржуазных националистов** 120

## ИРОН ПРОЗӔЙЫ АНТОЛОГИ

*МАЛИТИ Геуæрги.* **Новеллæтæ** 125

## АРВИСТОН 136

*Журналы авторты хъуыдытимæ редакци*
*алкæд разы нæ вæййы*

*СÆБÆТХЪУАТЫ Рамазан*

# ÆМХЪÆУККÆГТÆ

*Роман*[*]

* * *

Бонæй Таймураз машинæты уынæрæй куы райхъал ис, уæд фыццаг нæ бамбæрста, кæм хуыссы, уый æмæ æвиппайды куыддæр сонтау фæци. Фæлæ, йæ алывæрстæм куы акастис æмæ Мурат æмæ Зауырбеджы фынæйæ куы ауыдта, уæд, æмдзæрæны кæй ис, уый бамбæрста æмæ æхсызгон сулæфыд. Болаты сынтæг уыдис афтид. «Æвæццæгæн, йæ хæстæджытæм цæрдзæн. Æмæ ма цымæ уæд æмдзæрæны та бынат цæмæн æрцахста?» – бадис кодта.

Исдуг фезмæлын дæр нæ уæндыди: тарсти, Мурат æмæ Зауырбеджы афтæ раджы куы райхъал кæна, уымæй. Дысон æртæйæ дæр суанг æнафонтæм нæ бафынæй сты: дзырдтой, ахуыргæнæджы дæсныйад куыд ахсджиаг у, ууыл. Таймураз æмæ Мурат кæрæдзийы дзыхæй исгæйæ иудадзыг дæр кодтой Луизæ Ивановнæйы кой. Зауырбегæн дæр уыдис уарзон ахуыргæнæг.

– Уый тыххæй равзæрстон литературон факультет, – загъта лæппу сæрыстырæй, – фæлæ ахуыргæнджытæ дæр иухуызон нæ вæййынц. Иутæ дзы бауарзынц сывæллæтты, архайынц, цæмæй сын фаг зонындзинæдтæ дæттой, чиныгыл сæ иузæрдион

* Дарддæр. Райдайæн кæс журналы ацы азы 2-æм æмæ 3-æм номырты.

скæной. Иннæтæ та сæ куыстмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсынц. Раст сæ урочыты фæуынмæ дæр нал фæхъæцынц. Æмæ сæм къласмæ фæстаг хатт дзæнгæрæджы уынæр куы ‘рбайхъуысы, уæд сыл хур ракæсы. Айрох сæ вæййынц сæ ахуырдзаутæ æмæ уайтагъд сæхимæ лидзыныл фæвæййынц...

«Раст дзуры», – йæхинымæр ахъуыды кодта Таймураз æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд йæ фыццаг ахуыргæнæг Верæ Михайловнæ.

Рагæй дæр афтæ фæдзурынц, сывæллон йæ фыццаг ахуыргæнæджы хи мадау бауарзы, зæгъгæ. Фæлæ Верæ Михайловнæ Таймуразмæ ахæм æнкъарæн нæ сæвзæрын кодта. Уый скъоладзаутæм касти тарæрфыгæй, чысыл-иу чи суынæр кодта, уыйиу йæ дзыхыдзаг фæцъæхахст ласта. Уымæн дзы афтæ тынг тарстысты сывæллæттæ сегас дæр, уæлдайдæр та чысыл Таймураз. Лæппумæ йæ мад Бади хъæрæй дæр никуы сдзырдта. Уымæ гæсгæиу Верæ Михайловнæйы тызмæг хъæлæс куы айхъуыста, уæд-иу фыр тарстæй йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыди.

Иу хуыцаубон Бади Таймуразæн Беслæныхъæуы базарæй резинæ пурти æрхаста. Ахæм пурти сыхы сывæллæттæй Болатмæ йеддæмæ никæмæ уыд. Таймурзæн-иу Бади хæцъилын пурти скодта, æмæ лæппутæ уымæй хъазыдысты. Фæлæ ныр, йæ астæу сырх таг кæмæн уыд, ахæм резинæ пурти куы ауыдта, уæд йæ цæсгом фыр цинæй ныррухс. Уайтагъд дзы лæппу кæрты хъазыныл фæци. Æхсæвы Таймураз пурти йæ базы бын бакодта, цыма йын адавынæй тарсти, уыйау. Куы-иу фехъал ис, уæдиу сонтæй пурти асгæрста æмæ йыл-иу йе ‘нгуылдзтæ куы андзæвыдысты, уæд та-иу ногæй афынæй.

Уæ, фæлтау уыцы райсом йæ пурти сæхимæ куы ныууагътаид! Бади йын бæргæ дзырдта, скъоламæ йæ ма ахæсс, зæгъгæ. Фæлæ Таймураз фыццаг хатт йæ мады коммæ нæ бакасти.

– Ницы йæ фæкæндзынæн, – загъта фидарæй.

Фыццаг урочы Верæ Михайловнæ сывæллæттæн радта фысгæ куыст. Таймураз иу рæнхъ байдзаг кодта дамгъæ «а»-тæй, уый фæстæ бавнæлдта «б»-тæ фыссынмæ. Фæлæ та уыцы минут йæ зæрдыл æрбалæууыд йæ пурти æмæ йæ галиу къух хъавгæ йæ цыбыр хæлафы дзыппы бынмæ ауагъта, æмæ, цыма йæ мады лæварæн схауынæй тарсти, уыйау ыл дæлæмæ ныххæцыд. Æгæр ныххæцыд: йæ дзыпп фескъуыд, æмæ йæ хæлафы фадыгæй пурти пъолмæ æрхаудта, æмæ йæ тъæпп-тъæпп ссыди.

– Уый та циу?! – йе стъолы разæй тызмæгæй афарста Верæ Михайловнæ æмæ цæстыфæныкъуылдмæ Таймуразы уæлхъус алæууыд.

– Пур... Пур... – тарстхуызæй сдзырдта Таймураз. – Мæ пурти... пъолмæ æрхауди...

– Æмæ ардæм пуртийæ хъазынмæ цæуыс?! – йæ хъæлæс фæбæрзонддæр кодта Верæ Михайловнæ. – Æри-ма йæ ардæм!

Таймураз партæйы бынæй пурти systa æмæ йæ ризгæ къухæй ахуыргæнæгмæ радта. Верæ Михайловнæ йæ бынатмæ куы ацыд, уæд лæппуйæн æваст йæ цæссыгтæ йæ тетрадыл æргæр-гæр кодтой, æмæ уайтагъд дамгъæтыл чернилæ фæйнæрдæм апырх.

Урочыты фæстæ Таймураз сæргуыбырæй дуары цур æнхъæлмæ касти, кæд мын Верæ Михайловнæ мæ пурти раттид, зæгъгæ, фæлæ йæ цыма уый уынгæ дæр нæ фæкодта, афтæ æд хызын хъуыддагхуызæй ахуыргæнджыты уатырдæм атындзыдта.

Каникулты рæстæг Таймураз фæцæйцыд, Верæ Михайловнæ фатеры кæмæ цардис, уыдоны дуæртты, æмæ федта, йæ лæппу Вовæ йын йæ пуртийæ куыд хъазыди, уый. Уæдæй фæстæмæ Таймуразæн Верæ Михайловнæ йæ удхæссæг фестад. Исдуг æй скъоламæ цæуын дæр нал фæндыд. Фæлæ йæ амондæн, уыцы аз йæ фыццаг ахуыргæнæг се скъолайæ æндæр ранмæ куыстмæ аивта...

Уый фæстæ йын уыдис хорз ахуыргæнджытæ. Фæлæ дзы уæддæр Луизæ Ивановнæйæ хуыздæр нæ разынд...

Мæнæ та ныр дæр хъуыды кæнын байдыдта йæ уарзон ахуыргæнæгыл. Йæ цæстытыл ахъазыд йæ фæлмæн мидбылты худт, йæ хъустыл ауад йæ рæвдаугæ хъæлæс. Куыд сцин кодта уый, Таймураз ын, институтмæ бахаудтон, зæгъгæ, куы загъта, уæд!

– Офф-офф, мæнæ цас фæхуыссыдтæн! – æвиппайды рæбинаг сынтæгæй райхъуыст Мураты бæзджын хъæлæс. – Таймураз, æмæ нæ ды та куыд нæ райхъал кодтай? – се ’мбал ма фынæй кæй у, уый бафиппайгæйæ, афарста Мурат æмæ йæ хъæццул иуварс аппæрста.

– Дысон æрæгмæ схуыссыдыстæм æмæ ма уæ, зæгъын, иучысыл фынæй кæнын бауадзон, – йæхи растгæнынмæ фæци Таймураз. – Уæддæр нырма институтмæ цæуынмæ раджы у...

– Ахæм раджы нал у, – йæ сæр батылдта Мурат, æмæ Зауырбеджырдæм фæзылди. – Йæ хуымæллæггаг! Ам дын курорт у, æви уæлæмæ цæуылнæ сыстыс?

– Куынæ мæ хъыгдарис! – Зауырбег, йæ цæстытæ цъындæй даргæйæ, йæ мидбылты бахудти.

– Ай дæр хъал куы у, хъал! – Мурат хъазгæйæ къахæй Зауырбеджы фарс бакъуырдта.

– Ма кæ дын, зæгъын, – йæхи йæм барæй фæтызмæг кодта Зауырбег. – Деканмæ дыл бахъаст кæндзынæн!

Мурат ын худгæйæ йæ хъæццул йæхирдæм ратыдта...

Болат бадтис тыппыртæгомау хъоппæгцæст чызджы фарсмæ æмæ йын худгæйæ цыдæртæ дзырдта. Чызгæн Таймураз йæ ном дæр нæма зыдта æмæ бадис кодта, Болат йемæ куыд тагъд фæлымæн, ууыл.

– Нæ поэт йæ рæстæг дзæгъæлы нæ сафы, – лæппу дзургæдзурыны хатгай чызджы цонгмæ куыд февналы, уый ауынгæйæ, бафиппайдта Зауырбег.

– Æвæццæгæн та дысон æмдзæвгæ афыста æмæ йын уый кæсы, – бахудти йæм Таймураз.

Таймураз æмæ Зауырбег рудзынджы раз фæрсæй-фæрстæм сбадтысты. Уалынмæ лекторы бæсты аудиторимæ æрбахызт декан, æмæ студенттæ иууылдæр сæ бандæттæй фестадысты. Декан сын раарфæ кодта, студенттæ кæй систы, уый тыххæй, стæй сын уæд загъта, старостæ, дам, уæ равзарын хъæуы, цæмæй уе 'хсæн æгъдауæвæрдмæ кæса. Фæлæ йæ ныхас нæма фæцис, афтæ хъоппæгцæст чызг йæ бынатæй фæгæпп ласта.

– Мæн фæнды, цæмæй нын старостæ Болат уа, – цъæхснаг хъæлæсы уагæй загъта уый. – Скъолайы куы ахуыр кодта, уæд дæр фæскомцæдисæн разамонæг уыд, æмæ нæ уымæй хуыздæр æгъдау æвæрынмæ ничи сарæхсдзæн...

«Æмæ Болат та ахæм разамонæг кæд уыдис?» – йæхинымæр бадис кодта Таймураз, фæлæ уæдмæ чызджытæ алырдыгæй схор-хор кодтой:

– Раст зæгъы Дзерассæ: Болат – старостæ!

– Болат! Болат! Болат!..

– Уый æмдзæвгæтæ дæр фыссы...

Декан разыйæ худти.

– Кæд æй афтæ хорз базыдтат ныридæгæн, уæд уын уый старостæ фæуæд!

Таймуразæн хъыг уыдис, чызджытæ сæхи афтæ сæлхæр кæй дардтой, уый. Æмæ, лектор куы 'рбацыд æмæ дзурын куы райдыдта, уæд иуцасдæр йæ фæстæ фыссынмæ дæр нал арæхст. Фæлæ, йæ амондæн, Зауырбег ахуыргæнæгæн йæ хъуыдытæй

иу дæр фæсте нæ уагъта, æмæ та йын-иу Таймураз æнæбары йæ тетрадмæ бакаст. «Хорз у, Зауырбеджы фарсмæ бадт кæй фæдæн, уый», – йæхинымæр дзырдта Таймураз.

Дзæнгæрæджы дзинг-дзинг куы ссыди, уæд ын уый фехсызгон.

– Лекци мæ зæрдæмæ фæцыд, – загъта Зауырбег æмæ Таймуразы афарста: – Дæумæ та куыд фæкаст?

Уымæн дзуапп радтын нал бантыст: райхъуыст Болаты хъæлæс:

– Райсом уæ институтмæ куыд ничи байрæджы кæна, афтæ! Мæхæдæг уæ мæ журналы бæрæг кæндзынæн!

Сæ бакомкоммæ, хæстæй чи раздæхт, ахæм дыууæ студенты хъæрæй ныххудтысты. Болат сæм мæстыхуызæй бакасти.

Изæрæй Мурат, Болаты сынтæгмæ амонгæйæ, загъта:

– Æвæццæгæн та нæ поэт ахсæв дæр йæ хæстæджытæм баззайдзæн.

– Уæдæ йæ старостæйæ кæй равзæрстой, уый сын ма фехъусын кæна? – ныххудт Зауырбег.

– Кæй равзæрстой старостæйæ? –цæхгæр æм фæзылди Мурат.

– Болаты, æндæр кæй!

– Ау, æмæ уæм уымæй сæрæндæр нæ разынди?

– Нæ чызджытæ дзы деканæн феппæлыдысты, æмæ сын уый дæр сæ фæндоныл сразы...

– Ноджы ма йын загътой, скъолайы дæр, дам, фæскомцæдисон организацийæн йæ фæтæг уыдис, зæгъгæ, – йæ ныхас сæм баппæрста Таймураз дæр.

– Æмæ уæд ды кæм уыдтæ? – мæстыхуызæй йæм бакасти Мурат. – Цæуылнæ загътай, уый афтæ нæу, зæгъгæ?

– Болат йæхæдæг куы ныхъхъус, уæд мæм аив нæ фæкаст йæ ныхмæ радзурын. Æмхъæуккæгтæ уæвгæйæ, сæ кæрæдзи нæ уарзынц, зæгъгæ, куы ахъуыды кæной... – Йæхи раст кæнынмæ фæци Таймураз.

– Цæй, ахæм стыр бынатмæ йæ, мыййаг, нæ равзæрстой. Дæлæмæ дæр – уæлæмæ дæр – старостæ. Цæуыл тыхсут? – Зауырбег куыдфæндыйæ йæ къух ауыгъта.

– Æз уым куы фæуыдаин, уæд æй федтаид! – фидарæй загъта Мурат.

Таймураз та ууыл дис кодта, æмæ Заретæ ахæм лæппумæ йе 'ргом куыд аздæхта...

* * *

Болат æмдзæрæны нæ, фæлæ фылдæр йæ хæстæджытæм царди.

– Æгайтма йыл арæх не 'мбæлæм, – дзырдта Мурат, Болаты сынтæгмæ кæсгæйæ.

– Чи йыл æмбæлы, чи – нæ, – йæ цæстытæй йæм бахудти Зауырбег. – Мах Таймуразимæ алы бон дæр йемæ иу агъуысты фæбадæм…

– Тæригъæд уын кæнын, фæлæ уын мæ бон циу?

Райсомæй Болат хъуыддагхуызæй æд журнал къæлидоры фæлæууы æмæ æрбацæуæг студенттæй алкæй мыггаджы ныхмæ дæр цыдæр нысан авæры.

– Хицау, мах дæр дæ журналы фæбæрæг кæн, – хъазгæйæ йæм бадзуры Зауырбег, – кæннод нæ стипендийæ æнæхай фæкæндзынæ!

– Æлхыскъ ныхас та ма дзы цæмæн хъæуы? – тызмæгхуызæй йын фæкæны Болат.

Старостæ кæй сси, уый хъæуы дæр ма базыдтой. Куыд рабæрæг, афтæмæй-иу йæ зонгæтæй кæуыл æмбæлд, уыдонæн йæхицæй æппæлыд: нæ курсы, дам, мæнæй раздæр студенттæн хицау кæй скодтаиккой, ахæм нæ разынд. Уый тыххæй йыл сæвæрдта Зауырбег дæр хицауы ном.

– Таймуразмæ дæр мын-иу дæ цæст фæдар, – бахатыд дын Болатмæ мæгуыр Бадинæ дæр, хъæуы йыл куы фембæлд, уæд, – хæлæрттæ куы стут.

– Цавæр хæлар мын æй хоныс? Уый мæ дæлбар куы у! – гуымиры дзуапп ын радта Болат æмæ йæ фæндагыл араст.

Бадинæ джихæй йæ фæстæ кæсгæйæ баззад.

Таймуразæн уыцы хабар куы радзырдта, уæд уымæн æваст йæ цæсгом фæтар.

– Уый та ма дзы цавæр дæлбар у? – раздæр дисгæнгæйæ йе 'рфгуытыл бæрзонд схæцыд, стæй æнæнхъæлæджы йæ хъæлæсыдзаг ныххудти.

– Цæуыл худыс, мæ къона, афтæ хъæрæй?

Мад æм æнæмбаргæ цæстытæй кæй кæсы, уый бафиппайгæйæ, лæппу йæ худын фауагъта æмæ йын æнцадæй загъта:

– Институты, Бади, уæлдæртæ æмæ дæлдæртæ нæй. Æфсады мыййаг, куы не стæм!

– Уæдæ мын уый афтæ цæмæн загъта? Мæхæмæты схъæлдзу фырт…

– Ævæццæгæн дзы æрбайрох, æфсадмæ нæ кæй нæма акодтой, уый, – ногæй та схудти лæппу.

Таймураз йе 'мбæлттæн Болаты ныхæстæ куы ракодта, уæд уыдонæн сæ худынмæ æмдзæрæны комендант дæр ма дуарæй мидæмæ йæ сæр, циу, цы хабар у, зæгъгæ, æрбадардта.

– Уæ сыхæгтæн райхъал кæнынæй нæ тæрсут? – мынæг хъæлæсæй сæ афарста.

– Бахатыр кæн, – йæ цæссыгтæ сæрфгæйæ, сдзырдта Зауырбег. – Таймураз нын худæджы хабар радзырдта, æмæ нæхи нал баурæдтам...

– Цымæ, Болат куыд дзуры, афтæмæй æцæгдæр йæ дæлбартæ куы уаиккам, уæд нын цы бакæнид? – къæлидоры коменданты къæхты уынæр куы адард ис, уæд Таймуразмæ базылд Зауырбег.

– Уæд нæ гауптвахтæйæ æддæмæ нал рауадзид, – дзуапмæ фæрæвдз Таймураз.

Лекциты размæ Болатæн алы бон дæр фыццагау йæ журнал йæ къухæй нæ хицæн кæны, фæлæ, семинар куы райдайы, уæд исты æфсонæй уайтагъд цыдæр æрбавæййы – куы йæ дæндæгтæ сриссынц, куы та йæм æнæнхъæлæджы искæдæм фæдзурынц.

Таймуразæн та семинартæ йæ зæрдæмæ тынг цæуынц. Уый сæм йæхи бæстон бацæттæ кæны, фæлæ йæм цалынмæ ахуыргæнæг йæхæдæг нæ фæдзуры, уæдмæ йæ къух никуы сдары – цæмæндæр йæ ныфс нæ фæхæссы, хæсты чи уыд, уыдоны раз дзуапп дæттынмæ. Уыдон уырыссагау дзурынмæ дæсныдæр сты. Таймураз та арæх дзургæ-дзурыны рæдыдтæ бауадзы, уæлдайдæр та, фæрæдиинæй куы фæтæрсы, уæд. Зауырбег Таймуразæй уæндондæр у. Ævæццæгæн, йе 'взаг дæр уый тыххæй у сыгъдæгдæр. Ноджы ма уырыссаг æмдзæвгæтæ дæр бирæ зоны. Æмдзæрæны Маяковскийы «Стихи о советском паспорте» зæрдылдаргæйæ куы фæдзуры, уæд студентты дисы бафтауы.

– Скъолайы йæ бирæ хæттыты сценæйæ дæр дзырдтон, – фæзæгъы Зауырбег сæрыстырæй. – Мæ ахуыргæнæг мын бацамыдта, Маяковскийы уацмыстæ куыд кæсын хъæуы, уый.

Заруырбег архайдта Хуымæллæджы скъолайы драмон къорды дæр. Арæх хъазыдис сæйраг рольты. Иу хуыцаубон «Бæтæйы фыртты» Таймураз æмæ Мураты хъæуы дæр ма куы равдыстой, уæд Зауырбегимæ зонгæ нæма уыдысты.

Институты дæр ахæм къорд куы сарæзтой, уæд æм фыццаджыдæр ныффыстой Зауырбеджы. Ævæццæгæн, ирон театрæй

сын разамонæг чи уыд, уый йæ зыдта, Зауырбег раздæр пьесæты кæй хъазыд, уый. Йæхи та фæндыд, цæмæй Таймураз æмæ Мурат дæр драмон къордмæ бацыдаиккой, фæлæ сæ иу дæр не сразы.

– Мæнæ кæд Таймуразы фæнды артист уæвын... – Йе ‘рдхордырдæм сæрæй ацамыдта Мурат. – Уый лирикон зарджытæ кæнынмæ тынг дæсны у.

– Цытæ дзурыс?! – йæ хъуыры абадтис Таймураз. – Сценæйы зарын йеддæмæ ницы хъæуы?

– Цæй, æз дæр уын артист куы нæ дæн! Дæлæмæ дæр æмæ уæлæмæ дæр – хихъæппæрисадон къорды архайæг.

– Уæдæ ма дæ бынаты Болат фæуыдаид, цымæ нын йæхицæй Тæбæхсæуты Бало нæ ацарæзтаид!

– Æмæ уын æз, Мурат, исты Болат дæн?

– Уымæй дæ Хуыцау бахизæд! – йæ цæнгтæ хæрдмæ фæкодта Мурат.

– Болаты кой, цыма, æгæр арæх кæнæм, – загъта Зауырбег. – Фæлтау, иучысыл æхца куыд бакусæм, ууыл æрдзурæм.

– Æцæг, æцæг, –Таймураз æм фæзылди. – Дæ хæстæгыл амбæлдтæ? Куыст ссарынæй дын зæрдæ куы бавæрдта.

– Знон æй федтон.

– Æмæ дын цы загъта? – Зауырбеджы цонгмæ февнæлдта Мурат.

– Де ‘мбæлттæ, дам, кæд хуыскъ астæутæ не сты, уæд сæ сомæхсæв вагæттæй æвзалы калынмæ ракæн, – бахудти йæм Зауырбег æмæ йæ хъазæгау йæхицæй ассыдта.

– Мæнæ цы лæг ис, мæнæ! – февзыста та йæм Мурат. – Æмæ нын æй уæд нырмæ цæуылнæ загътай?

– Куыддæр мæ айрох... О, кусынмæ кæй цæуæм, уый макæмæн схъæр кæнут: деканат æй куы базона, уæд нæм æфхæрд æрхаудзæн...

«Цы ‘хца райсон, уымæй кæд Бадийæн дæр исты зæрдæлхæнæн скæнин», – фæзынди Таймуразы сæры, стæй æнæнхъæлæджы æнцонæй афынæй ис.

Фыны уыдта, цыма сæ кæртмæ дзаг машинæ æрбатыдд. Таймураз æмæ Бадинæ йæ размæ æд белтæ рауадысты. Уæле сæм æнæдзургæйæ сæ чъизи къухтæ тилынц Мурат æмæ Зауырбег, фæлæ, цы зæгъынмæ хъавынц, уый Таймураз нæ иртасы. Уалынмæ æвиппайды гуыффæ фегом ис, æмæ сыл æвзалы æркалдис.

Чысыл ма бахъæуа, æмæ сæ йæ быны ма фæкæна. Ссыди кæйдæр худын, æмæ Таймураз фехъал ис. Йæ сынтæджы Мурат æцæгдæр фынæйæ схуд-схуд кодта. Таймураз æй чысыл фесхуыста, æмæ уæд йæ худынæй банцад...

Дыккаг бон изæрæй æртæйæ дæр ацыдысты æвзалы калынмæ.

Дыууадæсæм сахатыл фæзынди поезд, æмæ сæ станцæйы бæрнон лæг кусынмæ акодта. Сæ уæлæ сын скæнын кодта кæттагæй дарæс.

– Кæннод уæ райсом институты уе 'мбæлттæ нал базондзысты, – загъта уый худгæйæ.

Таймуразмæ раздæр афтæ зын нæ касти æвзалы калын, фæлæ куыд фæстæмæ йæ лæф-лæф цæуын байдыдта. Ноджы ма-иу хатгай рыгæй хуыфыныл дæр схæцыд æмæ-иу йæхимæ æрбамæсты. «Уæдæ, æдзух ацы куыст чи фæкæны, уыдон куыд фæразынц?» – йæхинымæр дзырдта, йе'мбæлттæй фæсте нæ баззайыныл архайгæйæ.

Бон чысыл куы 'рбацъæх, уæд лæппутæ сæ куыст ныууагътой æмæ амы абанамæ сæхи 'хсынмæ бацыдысты. Таймуразæн фыр фæлладæй йæ бон фæзилын дæр нал уыд: рыстысты йæ цæнгтæ, йе 'нгуылдзтæ тасын нал куымдтой. Куыддæр йæ сæр йæ базыл æруагъта, афтæ тарф фынæй аци. Мурат æмæ Зауырбегæн дæр уайтагъд сæ сым-сым ссыд.

Кæддæр куы райхъал сты, уæд рудзынгæй ауыдтой, хур арвыл уæллоз кæй суади, уый, æмæ æмхуызонæй сæ хуыссæнтæй рагæпп ластой.

– Æнхъæлдæн, æмæ фыццаг лекцимæ байрæджы кодтам! – тыхстхуызæй сдзырдта Зауырбег, йæ дарæс кæнгæйæ.

– Æмæ уæдæ нæ, – йæ ком ныййивæзта Мурат. – Болат уæ куы амара, уымæй нæ тæрсут?

Мурат йæ ныхæстыл йæхæдæг ныххудти. Фæлæ Таймураз æмæ Зауырбег худыныл нæ уыдысты. Уыдон зыдтой, Болат хабар уайтагъд деканыл кæй сæмбæлын кæндзæн, уый, æмæ сæ дарæс кæныныл фæтагъд кодтой.

Куыддæр институты дуарæй бахызтысты, афтæ фыццаг лекцийы фæстæ райхъуыст дзæнгæрæджы зæлын. Таймураз æмæ Зауырбег хъавыдысты аивæй аудиторийы фæмидæг уæвын, фæлæ Болат сæ размæ фæци.

– Чысыл афынæй стæм, – Болат цы зæгъынмæ хъавыд, уымæ дæр нал фæкаст, афтæмæй аххосджыны хъæлæсы уагæй сдзырдта Зауырбег æмæ цæмæндæр йæ мидбылты бахудт.

– Ӕмæ цæмæн батагъд кодтат? Хуыссыдаиккат уал, – цæмæй йæ студенттæ сеппæтдæр фехъуыстаиккой, уый тыххæй йæ хъæрæй фелхыскъ кодта Болат. – Нырма лекцитæ куы нæма фесты.

Зауырбег ын куы ницыуал загъта, уæд ма мæстæймарæгау бафтыдта:

– Ӕвæццæгæн та æнафонтæм дунейы уавæрыл дзæнгæда фæцагътат.

Фæслекциты сæм декан фæсидтис. Рагацау дæр æй зыдтой, æппæт дæр ын Болат кæй фехъусын кодта, уый.

– Кæм тезгъо кодтат? – æнцадæй сæ бафарста декан, цæмæндæр Таймуразы æвзалыйæ чъизи дзабыртæм кæсгæйæ.

Лæппу æнæбары йæ бынаты цоппай кæнын байдыдта. Уый бæргæ фæндыд, декан йæ сæр æндæрырдæм куы азилид, æмæ йын йæ къахыдарæс куы нæуал уынид, фæлæ йын лæг фыццагау йæ цæстытæ йæ хæцъил дзабыртæй нал иста.

Йе 'мбалы зæрдæйыуаг æмбаргæйæ, Зауырбег деканæн цыбырæй радзырдта, æхсæвыгæтты æвзалыкалджытæй кусын куыд райдыдтой, цæмæй иудадзыг сæ бинонты æккой ма бадой, уый тыххæй.

– Уæ зæрды кусын кæй ис, уый æвзæр нæу, – загъта декан рæвдауæг хъæлæсы уагæй. – Ӕз мæхæдæг дæр ахуыргæнгæйæ иучысыл заводы акуыстон. Ӕрмæст уæ, студенттæ кæй стут, уый дæр рох ма уæд...

Тынг разыйæ дзы баззадысты, тынг!

* * *

Сабаты та Таймураз хъæумæ рараст. Мураты дæр бæргæ фæндыд йемæ ацæуын, фæлæ сæ историйы ахуыргæнæг Хъобанмæ экскурсийы акодта.

Таймураз сæ уынгмæ куы ныххæццæ, уæд дзы йæ фæллад æрбайрох. Иннæ хæттытау та йыл сыхæгтæ цин кæнын байдыдтой.

– Диссаджы лæппу райрæзти Бадинæйæн, – дзырдтой та бирæтæ хæлæггæнгæйæ. – Уындæй йæ фыды цæрмыстыгъд бакодта. Ноджы ма йæ фадыварц дæр уый хуызæн у.

Таймуразæн кæд уыдæдтæ æхсызгон вæййынц, уæддæр фыр æфсæрмæй йæхи цы фæкæна, уый нал фæзоны.

Мæнæ уалынмæ сæ кæртыдуарæй ракасти Болаты мад Косерхан.

– Куы та æрхæццæ дæ! – диссагфенæгау фæхъæр кодта ус. – Ахуыр та ма кæд фæкæныс, ахуыр?!

– Ахуырмæ дæр мæ равдæлы – Болатæй уæлдай... – æнцадæй йын дзуапп радта Таймураз.

– Уый та мæнæ уæ фæлварæнты рабæрæг уыдзæн...

Таймураз сæхимæ куы бацыд, уæд Бадинæйæн рафæзмыдта Косерханимæ сæ ныхæстæ.

– Уымæн стырæй, чысылæй йе ‘взаг кæмæ нæ хæццæ кæны, ахæм нæй, – йæ къух ауыгъта мад. – Æниу ын æрæджы Минæты чызг Зæри хорз фæци...

– Æмæ йын уагæр уыцы æнахъом цы загъта? – бадис кодта Таймураз.

– Скъоладзаутæ фæсурочыты сæхимæ куы ‘рцæйцыдысты, уæд Косерхан сæ гом рудзынгæй худгæйæ радзырдта:

– Зæри, уæ Зæри, дæ чъапæ цæй дæллоз æрзæбул?

– Æмæ йыл, рауай, ды уæлæмæ хæц! – цæугæ-цæуыны йæм фæцырд ис чызг, æмæ сывæллæттæ æмхуызнæй ныччыр-чыр кодтой.

– Гуыбынниз дæ адавæд! Уый хистæрмæ куыд уæндыс?! – фæтъæлланг ыл ласта ус, йæ тымбыл къух тилгæйæ.

Сыхæгтæй дуармæ чи фæци, уыдон уый фæстæ хабар кæрæдзийæн худгæйæ дзырдтой. Зæри та скъоламæ æндæр уынгты цæуын байдыдта...

Таймураз хуыцаубонты æвзалы кæй фæкалы, уый йæ мадæн не схъæр кодта, фæлæ та йын иннæ хæттытау йæ хызынæй дыууæ хуымæтæг цъындайы æмæ аслам къафетты килæйы æрдæг куы систа, уæд та йæм уый хæцын байдыдта:

– Ныр дæ де стипендийæ лæвæрттæгæнæг цы ‘фсæрмы ис? Мæн тыххæй кæд æххормаг æййафыс? Æдзух мæ зæрдæ демæ дзуры...

– Ма тыхс, Бади, мæхи хъуагæй нæ ныууадздзынæн. Æртæ лæппуйæ иумæ мæйваг хойраг балхæнæм.

– Æмæ уын уæд хæринаг та чи фæкæны?

– Нæхæдæг, æндæр чи? – Таймураз йæ мадмæ бахудти. – Хæринаг кæнынмæ институты махæй дæсныдæр ничиуал у...

Уадидæгæн йæ зæрдыл æрбалæууыд, иу изæр хъæдур куыд фыхтой, уый, æмæ йæ ныппыррыкк ласынмæ бирæ нал хъуыд.

Хæринаг кæнын Мураты рад уыд. Таймураз ын кастрункæйы дон ныккодта, уæларт æй сæвæрдта керогазыл.

– Дарддæр дæхæдæг архай, – загъта уый. – Мах та уал Зауырбегимæ иучысыл нæ конспекттæм æркæсæм.

Иузаман хъæдурæн йæ пæлхъ-пæлхъ куы ссыд, уæд Мурат дæр чиныг райста æмæ кæсыныл фæци.

– Нæ зынаргъ æфсапъæ, дæ хъæдур дæ ма ферох уæд, – Мурат æд чиныг йæхи сынтæгыл куы ‘руагъта, уæд æм хъазгæйæ бадзырдта Зауырбег.

– Цыма дæ гæккуыри схауы, гуыдынхъус! – фидисмæ фæци Мурат, чиныг дæлæмæ нæ уадзгæйæ.

– Бæгуыдæр! – йемæ сразы Зауырбег. – Райсомæй нырмæ мæ хъæлæсы дон дæр нæма ацыд.

– Мæн дæр мæ ахсæн схордта, – бадзырдта йæм Таймураз дæр.

– Бахæрынæй анхъæлмæ кæсын хуыздæр, – уымæн дæр та куыдфæндыйы хъæлæсы уагæй дзуапп радта Мурат, фыццагау йæ чинигыл хæцгæйæ.

– Уыцы хъæдурæн æппын сфыцын афон нæма у? Къостайы «Сидзæргæс»-ы хъæдурæй зындæр фыцæн куы фæци, – йæхи та иуафон нал баурæдта Зауырбег æмæ уидыгæй кастрункæмæ нывнæлдта.

– Нæ, нырма, хъæбæр у, – йæ сæр батылдта лæппу, стæй уæд «Сидзæргæс»-æй дыууæ хъæлæсæй скъуыддзаг бакаст:

– О, гыцци, кæд уыдзæн?

Райс-ма, цæй дæ аг!

– Абадут!... Фæуыдзæн

Алкæй дæр йæ фаг...

Лæппутæ æмхуызонæй ныххудтысты.

– Хуыссæг мæ йæ быны скодта, – чысыл фæстæдæр йæ чиныг стъолмæ баппæрста Мурат æмæ дыууæ къухæй йæ цæстытæ аууæрста. – Цæй, уæд та иу сахаты барц афынæй кæнæм. Уæдмæ кæд нæ хъæдур дæр сфыцид. Æрмæст мæ-иу райхъал кæнут, кæннод та уæхæдæг æнæмæнæй хæрыныл фæуыдзыстут.

Мураты фæндоныл сразы сты, æмæ сæхи æд дарæс сæ сынтæгтыл æруагътой. Уайтагъд тарф фынæй аисты – сæ фæллад сыл æртæфст.

Раздæр сæ чи фехъал, уый не сбæрæг, æрмæст агъуыст фæздæгæй куы байдзаг æмæ сыл хуыфæг куы стыхджын, уæд фæгæппытæ ластой.

– Нæ хъæдур йæ быныл басыгъд! – фæхъæр ласта Мурат

æмæ рудзгуытæ байтыгъта, стæй та дуар дæр байгом кодта, æмæ фæздæг къæлидормæ ныццавта.

Сæ хъæлæбамæ сыл студенттæ – лæппуйæ, чызгæй – уайтагъд амбырд сты.

– Цы уæм басыгъд? – фарстой сæ цымыдисæй.

Æмæ, хъуыддаг цæй мидæг ис, уый куы бамбæрстой, уæд сыл худæг бахæцыд...

– Нырма уæ сыгъд хъæдуры тæфæй уæ рæзты ауайæн нæма ис, – къуырийы фæстæ дæр ма-иу худгæйæ дзырдтой чызджытæ, искæуыл сæ-иу куы амбæлдысты, уæд.

Уымæй фæстæмæ Таймураз æмæ Зауырбег Мураты хъазгæйæ хуыдтой Повар погорелого театра.

– Ма кæнут уын, зæгъын, кæннод хæринаг кæнын нал бакомдзынæн, – тæрсын сæ кодта Мурат, фæлæ та-иу, йæ рад куы ’рхæццæ, уæд бар-æнæбары хъуыддаг йæхимæ райста...

Хабар Бадинæйæн ахудыны охыл радзуринаг уыд, фæлæ сæм уæдмæ ‘рбацыд Асæгойы ус Асиат йæ лæппуимæ.

– Таймуразы мын фенын кæн, зæгъгæ, мæ иу ран нал уагъта, – дзырдта мад, Сослан цингæнгæйæ йæхи Таймуразыл куы баппæрста, уæд. – Горæтæй йе’рцыдмæ дæр нал фæхъæцы. Иудадзыг мæ фæфæрсы, Таймураз не скъолайы ахуыргæнæгæй кусын кæд райдайдзæн, уымæй.

– Мæнæ ды фыццаг къласмæ куыддæр цæуын райдайай, афтæ, – Сосланæн худгæйæ загъта Таймураз æмæ йæ ногæй йæ хъæбысы æрбакодта. Стæй йæ зæрдыл æрбалæууыд, пурти йын кæй балхæдта, уый, æмæ йæ хызын гом кæнынмæ фæцис.

Сослан хъулон-мулон пурти куы ауыдта, уæд æм сонтæй фæлæбурдта.

– Пурти... Пурти мын æрхаста... – къуызгæ йæ мадæн раппæлыди Сослан æмæ та Таймуразыл йæхи баппæрста.

Чысыл лæппуйæн йæ цæсгом ахæм æнæкæрон цин æвдыста, йæ цъæх цæстытæ афтæ тынг æрттывтой, æмæ Таймуразæн цæмæндæр йæ улæфæнтæ ахгæдтой. Чи зоны, æмæ уыцы рæстæг йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр ын йæ фыццаг ахуыргæнæг Верæ Михайловнæ йæхи пурти куыд байста, уый...

Хуыцаубоны райсомæй раджы Таймураз фистæгæй Беслæныхъæумæ фæраст. Изæрæй йæ Мурат æмæ Зауырбегимæ хъуыдис æвзалы калынмæ цæуын...

– Ацы хатт цæй тагъд кæныс? – дисгæнгæ йæ афарста Бадинæ.

– Иучысыл дæ фæллад цæуылнæ суадзыс?

Фæлæ йын Таймураз, афтæ раджы цæмæн цæуы, уый æргом зæгъын нæ бауæндыд, мæт кæнын та куы райдайа, уымæй тæрсгæйæ.

* * *

Горæты Таймураз, Мурат æмæ Зауырбеджы арæх уыдис иумæ фенæн. Æмæ-иу сæ искæуыл сæ зонгæтæй исчи хицæнæй куы амбæлд, уæд-иу æй дисгæнгæ афарста:

– Æмæ де 'мбæлттæ кæм сты?

Лæппутæ кæсæндонмæ дæр фылдæр хатт иумæ цыдысты.

– Иумæ уын искæм цæхх ныччындæуыд, æви иу минут дæр æнæ кæрæдзи куы нæ фæразут! – уынджы сæм искæйты цур уайдзæфгæнæгау бадзуры Болат.

Таймураз уæлдай æнувыддæр у Зауырбегыл. Чи зоны, æмæ уый дæр æнæ фыдæй кæй хъомыл кодта, уымæн афтæ уыдзæн. Зауырбег сын Муратимæ куы радзырдта, 1937 азы йын йæ фыды рæстудæй куыд æрцахстой æмæ сæ мад цыппар сывæллонгæс куыд баззад, уæд бынтондæр йемæ балымæн.

– Нæ мадæн удæгасæй кады цырт ныссадзын æмбæлы, мах ахæм тухитæгæнгæйæ кæй фæхаста, уый тыххæй, – арæх фехъусæн уыд Зауырбегæй, сæ бинонтыл-иу ныхас куы рацыд, уæд.

Зауырбег уыд уæззау зонды хицау. Таймуразмæ-иу афтæ каст, цыма уый исты зæгъыны агъоммæ раздæр æнæмæнг дæрдтыл ахъуыды кæны, цæмæй йæ ныхасы уæлдай уæз фæзына. «Æвæццæгæн, ахæм адæймагæй фæзæгъынц, йæ дзырдты уæз ис, зæгъгæ», – ахæм хатдзæгмæ-иу æрцыд Таймураз, Зауырбегмæ хъусгæйæ

Æмдзæрæны шахмæттæй хъазынæй Зауырбеджы ничи æмбылдта. «Ботвинник дæ æмæ Ботвинник» – æппæлыдысты дзы студенттæ. Таймураз æмæ Мурат дæр æвзæр нæ хъазыдысты, фæлæ сыл-иу уæддæр Зауырбег æнæ ферзæй дæр фæуæлахиз. Таймураз-иу уайтагъд йæ къухтæ хæрдмæ сдардта. Фæлæиу Мурат йемæ стох ис.

– Бирæ кæй хъуыды кæныс, уый тыххæй мæ æмбулыс, – мæстыйæ-иу дзырдта Мурат.

– Æмæ дæу хъуыды кæнын чи нæ уадзы, ме 'рдхорд? – йæ цæстытæй йæм-иу хинæйдзаг худт бакодта Зауырбег. – Æндæр уæдæ шахмæттæй хъазт цæмæн рауагътой?

– Цыма дæхицæй æгæр æппæлыс, нæ хуымæллæггаг æрдхорд, афтæ мæм кæсы.

– Ницы æппæлын.

– Уæдæ ма уæд иу хатт ахъазæм, цымæ нæ чи рамбулид. Ныронг дæм мæ хъæдын цæстæй кастæн.

– Кæд дæ афтæ тынг фæнды, уæд – табуафси...

Æмæ та-иу ногæй хъазын райдыдтой. Таймураз та сын-иу рæстмæкæсæг уыд.

Фыццаг-иу Мурат æцæгдæр йæ хъазт фæхуыздæр кодта, фæлæ та-иу куыд фæстæмæ æнæнхъæлæджы хуымæтæджы рæдыдтæ уадзын байдыдта, уæлдайдæр-иу куы ‘рбамæсты, уæд.

– Фынæй бадæ, æви дæ зæрды хъазын нал ис? – ахæм рæстæг-иу Зауырбеджы фелхыскъ кодта Мурат. – Цæй бирæ хъуыды кæныс? Раст цыма дзыллæйы сагъæстæ иууылдæр дæ сæры бацыдысты! Æви уæ хъуг фæхæрды уыдзынæ...

Зауырбег-иу æнæдзургæйæ бахудтис æмæ та йын-иу цалдæр минуты фæстæ мат сæвæрдта.

– Демæ хъазæн нæй! – мæстыйæ-иу шахмæттæ æрбамбырд кодта Мурат. – Уыйбæрц хъуыдыгæнгæйæ алкæй дæр амбулæн ис...

Фæлæ та дзы-иу уайтагъд йæ маст æрбайрох ис æмæ та-иу исты худæджы хабæрттæ дзурын райдыдта.

Болат æмдзæрæнмæ арæх нæ цыд. Кæд-иу фæзынд, уæддæр чызджытæм. Хаттæй-хатт-иу лæппуты агъуыстмæ дæр бакасти, цыма йæ бынатæн æрцахсынæй тарсти, уыйау.

– Мæ хæстæджытæм кæй вæййын, уый уын, хæрзаг, æхсызгон у, – иубон, къуымтыл зынæрвæссонæй йæ цæст ахæсгæйæ, загъта Болат.

– Дæу дæр ам цæрынæй бар ис, – дзуапп ын радта Зауырбег, – дæ сынтæг уæгъд у.

– Цы уæ хъыгдарон – иумæ уын хуыздæр куы у...

– Уымæй та раст дæ, – бафиппайдта Мурат. – Кислород дæр нæм сыгъдæгдæрæй фылдæр хауы.

– Æмæ кæд кислородыл афтæ тыхст дæ, уæд хъæуы базза-даис – уымæй сыгъдæгдæр уæлдæф кæм ис? – тарæрфыгæй йæм бакаст Болат.

– Институт каст куы фæуон, уæд та уырдæм дæр ацæудзынæн. Дæу та, æвæццæгæн, горæтæй дæ къах никæдæмуал ахæсдзæн, – æнцадæй йын дзуапп радта Мурат.

– Хъысмæт кæмæн цы саккаг кæна, уый уыдзæн йæ хай: иумæ æрхаудзæн – горæт, иннæмæ – хъæу.

Болат йæ фæдыл дуар куы ахгæдта, уæд Таймуразмæ афтæ фæкаст, цыма агъуыст рухсдæр фæци, æмæ æхсызгонæй сулæфыд...

Таймураз æмæ Зауырбег, сæ курсы чызджытæй семæ æмдзæрæны чи цард, уыдонимæ тынг схæлар сты. Фæслекциты сæм уыдон хъуамæ исты 'фсонæй дуар æрбахойой: кæй дзы чиныг бахъæуы, кæй конспект, кæмæ та дзы æнæмбаргæ фарст разыны. Лæпputæ сæ æнæмæнг мидæмæ бахонынц. Чызджытæн сеппæты хъæлдзæгдæр Дзирæ у. Уындæй йæ æрдз ницы уыйас фæхайджын кодта, фæлæ-иу дзурын куы райдыдта, уæд-иу æнæнхъæлæджы йæ цæсгом райста цавæрдæр бæллиццаг æнгæс. Ахæм рæстæг-иу адæймагæй æрбайрох, зыхъхъыргомау дæндæгтæ йын кæй ис, йæ фындз æгæр стыр кæй у, йæ фæтæн роцъо астæуæй æгæр кæй фæдзыхъхъ. Чызгæн раппæлæн уыди æрмæстдæр йе 'рттиваг сау цæстытæй æмæ йæ даргъ дзыккутæй. «Уыдон мæ хъалгæнæнтæ сты», – хъазгæйæ-иу дзырдта Дзирæ. – Æндæр мæм рæсугъддзинадæй ницы ис».

– Хъæдур хæрын мæм цæуы, – бахудти-иу чызг æмæ-иу йæ 'мбæлтты разæй стъолы фарсмæ бандоныл йæхи æруагъта.

– Не 'фсин нæм фæхæрам æмæ нæ ацы хатт æнæ æхсæвæрæй ныууагъта, – Зауырбег-иу Муратырдæм ацамыдта.

– Æмæ йæ уæд йæ бынатæй цæуылнæ сисут?

– Хъæдур фыцынмæ нæм уымæй дæсныдæр кæй нæй, уый тыххæй. Æрмæст хатгай æгæр куы афынæй вæййы, уæд ын йæ быныл басудзы...

Мурат-иу æнæдзургæйæ Зауырбегмæ йæ тымбыл къухæй февзыста.

– Лæппутæ, куыд уынын, афтæмæй мын хъæдур ахæрынæй ницы рауайдзæн, – æнкъардхуызæй-иу загъта Дзирæ. – Фæлæ уæ усгур хæстæг никæмæн ис, усгур хæстæг?

– Æмæ кæмæн агурыс усгур? – афарста-иу Зауырбег.

– Мæхицæн, æндæр мæ кæй мæт ис? – дзуапп-иу ын радта Дзирæ. – Рагацау хорз къайаг куы нæ бацагурон, уæд мæ дипломимæ зæронд чызгæй баззайдзынæн.

– Ис уæдæ Хуымæллæджы дæу аккаг усгур. Фæлæ мын дард хæстæг у.

– Уый ницы кæны. Æрмæст мæ, цы миниуæгджын у, уый базонын фæнды.

– Фыццаджы дæр, нуазынмæ йыл чи фæуæлахиз уа, ахæм нæй...

– Æмæ нæлгоймæгтæй та нуазгæ чи нæ кæны? – чызг-иу дисгæнæгау йæ бæзджын æрфгуытæ уæлæуæз систа, стæй-иу уæд æцæгхуызæй загъта: – Ахуыргæнæгæй кусдзынæн æмæ йын-иу зæрдæлхæнынæн арахъхъы авг æрбадавдзынæн, æрмæст мæ-иу расыгæй ӕгæр ма фæнæмæд...

Чызджы фæстаг дзырдтæ фæсивæды хъæрæй худты бын фесты. Худт-иу чысыл куы фæсабыр, уæд-иу Дзирæ Заурбеджы ногæй афæрста:

– Æмæ уæд уындæй та куыд у, уындæй?

– Маймулийы раз – кукла. Æрмæст йæ бур рихитæ дæр лæппуйы аргъ сты... Фæлæ ды, æвæццæгæн, институт каст куы фæуай, уæд хъæуккагыл нал барвæсдзынæ.

– Уый та куыд? – æфхæрæгау-иу æм бакаст Дзирæ. – Ныр институт каст чи фæуыдзæн, уыдон иууылдæр хъуамæ горæты Фариккайы хуызæн баззайой? Æмæ уæд хъæуы скъолаты та чи кусдзæн?

– Фарикка та чи у?

– Уый нæ хъæуккаг чызг у. Фыццаг хатт йе 'мбæлттимæ горæтмæ куы сæфтыд, уæд, дам, цæугæ-цæуыны уынгты хъæрæй касти, хæдзæрттыл цы фыстытæ уыдта, уыдон. Йе'мбæлттæ йын дзырдтой, дæ хъæлæс фæныллæгдæр кæн, зæгъгæ, фæлæ сын уый сæ ныхас ницæмæ дардта. Иуахæмы, дам, хæрæндоны раз йæ бынаты дзыхълæуд фæкодта, æмæ йæ адæм иууылдар куыд фехъусой, афтæ хъæрæй уæнггай бакаст, дуарыл цы фыст уыдис, уый: Сто-ло-ва-я, йæ тых – йæ бонæй цавд «а»-йыл æруадзгæйæ. Ныр, дам, мын уый цыдæр хуызты горæтаг баци æмæ иронау дзурын йæ сæрмæ нал хæссы...

Ацы ран та-иу лæппутæ худæгæй бакъæцæл сты.

– Худын æмæ хъазын дæр хорз сты, – чызджытæ-иу сæхимæ куы цыдысты, уæд-иу лæппутæм бахатыдта Дзирæ, – фæлæ ма нæм тагъд уæ хæдæттæ æхсынмæ авæрут. Райсом уын сæ раджы итувæрдæй æрбадавдзыстæм.

– Цытæ дзурыс?! – æмхуызонæй-иу фæхъæр кодтой лæппутæ. – Нæ, нæ!

Мурат-иу бынтондæр ныфсæрмы ис. Таймураз æмæ Зауырбег дæр-иу сæ уаджы нал уыдысты. Фæлæ-иу Дзирæ æддæмæ нæ ахызтаид, цалынмæ-иу æм лæппутæ сæ хæдæттæ нæ радтаиккой, уæдмæ.

Иу изæр та Дзирæ йе 'мбæлттимæ куы ацыд, уæд Мурат сабыргай сдзырдта:

– Диссаджы чызг у, – стæй цæмæндæр йæ цæсгом суанг йæ хъусты онг фæсырх и.

«Кæд нæм искуы нæ хъæуы чызджытимæ Заретæ дæр æрбацæуид», – æхсæвы йæхинымæр бабæллыд Таймураз, Мурат æмæ Зауырбег куы бафынæй сты, уæд. Æмæ йæ зæрдыл æрбаллæууыд, фæстаг хатт хъæуы куы уыд, уæд Асæгойы ус Асиат Бадинæйæн куыд дзырдта, уый.

– Уæдæ Дзыгыдайæн цы рæсугъд чызг ис! Мæнæ аргъæутты куыд фæзæгъынц, афтæ йæ цæсгомыл мæйтæ æмæ хуртæ хъазынц. Раст уды къæртты хуызæн у. Кæмæн æй ракурын кæнон, ахæм хæстæг мын куы уаид, уæд ын æй æнæмæнг банымудзин.

«Ис дын ахæм хæстæг, Асиат, ис», – чысыл ма бахъæуа, æмæ Таймуразы дзыхæй ма схауа.

Иубон лæппутæ проспекты сæмбæлдысты Зæриффæ æмæ Агуындæйыл. Таймураз сын семæ Заретæйы куы нæ федта, уæд куыддæр фенкъард ис.

– Уæ хъæуы æппæты хъæлдзæгдæр чызг та ацы бон дæр диссаджы дзæбæх у, – йæ сæрæй Зæриффæмæ ацамонгæйæ, мынæг хъæлæсæй загъта Зауырбег, фæсивæд кæрæдзийæн салам куы радтой,уæд.

Зæриффæ æцæгдæр Таймуразмæ дæр йæ ног джиппæйфыст хъуымацæй хуыд къабайы ноджы аивдæр фæкасти æмæ Зауырбегимæ сразы ис.

– Хъæуы нæ уыдыстут? – цæугæ-цæуыны Таймураз æмæ Мураты афарста Зæриффæ. – Нæхимæ цы хабæрттæ ис?

– Ногæй ницы, – сæ дыууæйы бæсты дæр дзуапп радта Мурат.

Чызджытæй куы фæхицæн сты, уæд та Зауырбег ногæй сдзырдта:

– Æмбисонды дзæбæх у Зæриффæ.

– Куыд уынын, афтæмæй дæ зæрдæйы ныххаудта, –ныххудти Мурат æмæ йæ рæмбыныкъæдзæй Зауырбеджы фарс бакъуырдта.

– Æмæ... Æмæ уый бæрæг у? – йæ цæстыты уæлтъыфæлтæ стыбар-тыбур кодтой лæппуйæн.

– Бæрæг кæнын æй нал хъæуы, нал, хуымæллæггаг, – ноджы хъæрдæрæй загъта Мурат. – Хуымæтæджы куы нæ фæкъæзæнæг дæ.

– Цæй, нал æй æмбæхсын, – ныхас хъазынырдæм аздахынил архайгæйæ, йæ къух йæ риуыл авæрдта Зауырбег. – Æхсæрыл сыфтæр нал хæцы – уый, дам, уазалы тыххæй у; мæныл та хуыссæг нал хæцы уацары тыххæй... Зифæйы уацары бахаудтæн!

– «Пæсæйы фæндон»-ы дзырдтæ чысыл аивтай, фæлæ дæ хъуыддагæй ницы рауайдзæн!

– Уæд цæуылнæ?

– Кæд дæ зæрдæ нæ хъæуккаг чызгмæ æхсайы, уæд уал дзы нæ дыууæ Таймуразæй искæй къахыл æрлæууын хъæуы.

– Уый та цы амоны? – Зауырбег йæ худын фæуагъта.

– Уый та уый амоны, æмæ махæн куы нæ балæгъстæ кæнай, уæд Зæриффæйы дæ цæсты кæронæй дæр нæ фендзынæ: дæ фыдгой йын фæкæндзыстæм, – æцæгхуызæй загъта Мурат.

– Ау, æмæ хæлæрттæ нал стæм?

– Таймураз дæм цы зæрдæ дары, уымæн ницы зонын, фæлæ дæм æз мæхæдæг хæрам дæн, – йæхи йæм фæтар кодта Мурат.

– Уæд цæй тыххæй?

– Шахмæттæй мæ æгæр арæх амбулыс!

Зауырбег йæ дзыхы дзаг ныххудти.

– Хатыр... Хатыр мын фæуæд, – æрæджиау барæй азымджыны уагæй сдзырдта Лæппу. – Ацы хатт дын форæ дыууæ фигурæйы ратдзынæн.

– Цы?! Цы загътай? Æмæ æз уый мæ сæрмæ хæссын?

Лæппутæ кæрæдзийы къухтæ æркъуырдтой æмæ худгæйæ æмдзæрæнмæ сæ ных саразтой.

* * *

Хæрз æрæджы дæр ма, институты кæрты цы сусхъæд бæлæстæ зад, уыдонæн сæ бур сыфтæртæ, иугай кæрæдзи фæдыл уæлдæфы зилдухгæнгæ зæхмæ хаудтой æмæ къæхты бын сæ хус сыф-сыф цыд. Ныр бæстæ æгасæй дæр митæй урс-урсид фестад. Таймуразæн пъалто нæ, фæлæ æгæр мæгуыр бæмбæгджын дæр нæ уыд. Йæ амондæн ма йын Асæго йæ дæрдджын китель радта. Лæппу æмдзæрæнæй куы рахизы, уæд уайтагъд йæ гæртт-гæртт ссæуы. Уазал ын кæй вæййы, ууыл уыйас нæ фæтыхсы, фæлæ йын фæндагыл исчи куы фæтæригъæд кæна, уымæй фæтæрсы.

– Фæрынчынæй нæ тæрсыс, ахæм уазалы тæнæг дарæсы куыд цæуыс? – арæх æй афæрсы кæртмæрзæг зæронд лæг.

Цæмæй зоны уый, Таймуразæн æндæр кæй ницы ис... Уый тыххæй йе 'мбæлттимæ киномæ дæр нал ацæуы. Æнæуи дæр æм уæлдай æхца кæм ис...

Зауырбег дары йæ фыды уæлæфтау – хъарм. Муратæн дæр сæхимæ балхæдтой сау телогрейкæ, æмæ уым цæуы. Фæлæ Бадинæйæн йæ бон ницы у.

– Мæ зæрдæйы тугтæ ныккæлынц, хъызт бон дæуыл сагъæсгæнгæйæ, – фæзæгъы мад, Таймураз хъæумæ куы ныццæуы, уæд.

Уынджы йæм Болат æрбакæсы цæстызулæй. Æрæджы йын цы зынаргъ цъæх пъалто бахуыйын кодтой, уый фылдæр хатт лекциты дæр йæ уæлæйæ нæ раласы.

– Рудзынгæй мæм уазал цæуы, – йæхи раст кæнынмæ фæвæййы, исчи йын ахуыргæнджытæй куы бауайдзæф кæны, уæд.

– Болат хуысгæ дæр уым кæны, – иухатт хъæрæй ныххудт Зауырбег, æмæ студенттæй чидæртæ дæр сæ худын нал баурæдтой.

– Цард хæлæгæй нæу... хæдæгай, – мæстыйæ йын дзуапп радта Болат.

Зымæджы сессийы размæ сæ факультетæн уыдис сæрмагонд æмбырд. Уым сын хъуамæ радзырдтаиккой, фæлварæнтæм хи куыд цæттæ кæнын хъæуы, уый тыххæй.

– Нæ курсы студенттæ хъуамæ иу ран бадой, æмæ уæхицæн рагацау фыццаг рæнхъы бынæттæ æрцахсут, – хъуыддагхуызæй фехъусын кодта Болат, æмæ, æрæджы кæй сцалцæг кодтой, уыцы залмæ фæраст.

Уайтагъд чызгæй-лæппуйæ иууылдæр йæ фæдыл акалдысты. Таймуразмæ бынат ног чъырæй цагъд къулы раз кæй æрхауд, уымæ гæсгæ йæ бандон æнæбары чысыл феддæдæр кодта.

– Рæбындæр ма бабад, цæмæй тæрсыс? – бустæхуызæй йæм бадзырдта Болат. – Дæуæй та цы счъизи уыдзæн?

– Уый куыд дзурыс, Болат? – дисгæнгæ йæ афарста Дзирæ.

– Æмæ ахæмæй цы загътон!

– Болатæн йæ дзыхæй цы схаудзæн, ууыл фыццаг никуы ахъуыды кæны, – бафиппайдта Зауырбег. – Уымæн дзы сæр хъæуы.

– Стæй культурæ, – йæ ныхасмæ ма йын бафтыдта Дзирæ.

Болат хатыр ракурыны бæсты загъта:

– Цæй-ма, ницæй тыххæй мæ дыууæйæ уæ ныхтæ ныссадзут!..

Таймураз дæр æм мæстæй сыгъди, æмæ уæдмæ иннæ курсы-ты студенттæ мидæмæ куы не ‘рбаивылдаиккой, уæд æй раст ниццæвыныл дæр нæ бацауæрстаид.

– Йе ‘дылы митæ йын мацæмæ дар, – Таймуразы зæрдæйы-уаг æмбаргæйæ, æнцад хъæлæсыуагæй загъта Зауырбег.

Уыцы бонæй фæстæмæ Болат архайдта исты хуызы Тайму-разы зæрдæ балхæныныл, фæлæ йæм уый йе ‘ргом не здæхта.

– Абон Таймураз семинары цы хорз дзуапп радта! – Сту-денттæ йæ иууылдæр куыд фехъусой, афтæ дзы иухатт раппæ-лыд.

Иннæ хатт та дзы конспекттæ бацагуырдта.

– Дæуæй хуыздæр, дам, нæм лекцитæ ничи фыссы...

Болаты бынаты æндæр исчи куы фæуыдаид, уæд ын Тайму-раз йæ конспекттæ нæ бахæлæг кодтаид. Фæлæ дзы уый зæрди-агæй кæй не ‘ппæлы, уый æмбæрста æмæ йын дзуапп радта:

– Рæвдз фыссынмæ та нæ курсы нæ, фæлæ ма суанг æгас институты дæр дæу чи амбулдзæн? Мæнмæ дæу аккаг конс-пекттæ нæй.

– Хæлæг мын сæ кæныс? Æмхъæуккæгтæ дæр нал стæм?..

– Фæрсæй-фæрстæм хæмпæлгæрдæг æмæ уарди дæр æрзайы.

– Цæуылдæр мæм тынг фæхæрам дæ, – йæ сæр батылдта Болат.

Ницуал æм сдзырдта, афтæмæй Таймураз йæ разæй иуварс ацыд...

Муратимæ сæ фæлварæнтæ лæвæрдтой иттæг хорз бæрæг-гæнæнтимæ. Зауырбег дæр сæ бирæ фæстæдæр нæ зади. Болат райста дыууæ «рæстæмбисы» æмæ дын æнæнхъæлæджы æд чумæдан æмдзæрæнмæ фæзынди.

– Искæмæ цæргæйæ ахуыр кæнын зын у, – хъаст кодта. – Куы сæм æгæр раджы бацæуын, куы – æгæр æрæгмæ. Æдзух мын мæ алы къахдзæф дæр нымайынц. Æмдзæрæны куы цар-даин, уæд «рæстæмбисты» бын нæ фæуыдаин...

Таймуразитæн æхсызгон кæм уыд, Болат сæм кæй æрбацыд, уый, фæлæ цы кодтаиккой – йæ бынат ын ничима ‘рцахста.

Фыццаг рæстæг Болат архайдта йе ‘мбæлтты хуызæн йæхи цæттæ кæныныл, фæлæ та-иу уайтагъд афæллад æмæ та-иу исты ‘фсонæй дуары æдде фæци.

– Кæмдæр та йæм, æвæццæгæн, чызджытæ ‘нхъæлмæ кæ-сынц...

Фæстæмæ-иу æнафонты æрбаздæхт. Уынджы дуар-иу æхгæд куы разынд, уæд-иу гæсимæ загъд самадта.

– Ам æмдзæрæн у æви ахæстон? – æддæрдыгæй-иу æрбайхъуыст йæ хъæлæба. – Театрмæ дæр ацæуæн нал ис?

– Цафоны театр ма у?! – фæтъæлланг-иу ласта гæс дæр. Мæ тæккæ тарф фынæйæ мæ...

– Æмæ мæ спектаклы фæстæ йæ хæдзармæ фæхæццæ кæнын никæй фæхъæуы? – сæттын-иу нæ куымдта Болат.

Фæлæ, йæ амондæн, уæдмæ лæппутæ нæма схуыссынц.

– Зубрить та кæнут? – æфхæрæгау сæм дуарæй æрбадзуры. – Уæхи цæуыл марут, гормонтæ?

Фæлæ та æртыккаг «рæстæмбис» дæр куы райста, уæд фæстæмæ йæ хæстæджытæм ацыд.

Фæсфæлварæнты Таймураз æмæ Муратæн сæ къамтæ систой æмæ сын сæ институты Кады фæйнæгыл бакодтой.

Таймуразæн уæлдай æхсызгондæр уыд, йе стипендийыл кæй бафтдзæн æмæ Бадинæйы хъуаг кæй нал уыдзæн, уый.

– Нæ хъæуы студенттæ уæ тынг сæрыстыр сты, – иуахæмы сын загъта Зæриффæ. – Не ‘ппæты дæр, дам, амбылдтой.

«Заретæ та, Заретæ?» – йæхинымæр æй фарста Таймураз, æфсæрмыгæнгæйæ, фæлæ йын чызг йæ зæрдæйыуагæн ницы ‘мбæрста.

Цыдæр æфсонæй-иу Таймураз ацыд Кады фæйнæджы рæзты æмæ та-иу аивæй йæ хуызистмæ скасти. Æмæ кæд къамы уыйас хорз нæ рауад, уæддæр æй тынг фæндыд, Заретæ дæр æй куы фенид, уый.

Семæ иу курсы ахуыр кодта горæтаг чызг Изетæ. Уый чысылæй бахауд трамвайы бынмæ æмæ цыд протезимæ. Арæх рынчынтæ кæй кодта, уыйадыл скъола каст фæци йе ‘мгæрттæй фæстæдæр. Институты чызг йæхимæ уæлдай зилын райдыдта: йæхи пудрæй цагъта, йæ былтæ зына-нæ-зына ахуырста. Адæймаг æй цæугæйæ куы нæ федтаид, уæд нæ фæгуырысхо уыдаид, уæнгхъуаг кæй у, ууыл. Ноджы ма æдзухдæр касти худæндзастæй. Студенттæ стыр аргъ кодтой Изетæйæн, дзырдтой йын сæ сусæг хабæрттæ, фарстой йæ алцæмæй дæр. Уымæ гæсгæ куы фехъуыстой, Болат æй тынг бафхæрдта, зæгъгæ, уæд æм бирæтæ фæхæрам сты. Хъуыддаг та рауад мæнæ афтæ.

Изетæ йæ хæлар чызг Радимæимæ кастысты фæлварæнты бæрæггæнæнты ведомостмæ. Чызджытæ нæ бамбарстой, сæ фæстæ Болат куыд æрлæууыд, уый.

– Кæмæндæр нæ йæ хъуыддаг зæрдæзæгъгæ нæ ацыд, – фæкодта Изетæ, номхыгъдмæ амонгæйæ. – Афтæмæй нын æдзух йæхицæй æппæлыд.

– Ныр ды та, чъырæйцагъд дзæппазы хуызæн, кæуыл худыс? – æвиппайды йæ фæстæрдыгæй афарста Болат, æмæ чызг хæрдмæ фесхъиудта.

– Цы? Цы загътай? – æрæджиау æм цæхгæр фæзылди Изетæ, æмæ йæ былтæ кæуынæввонгæй базыр-зыр кодтой.

Радимæ чызджы сабыртæ кæнынмæ фæци. Уæдмæ Болат сæ разæй мæстыйæ дуарырдæм атындзыдта...

– Цъаммардæр адæймагæн ссарæн нæй! – фæхъæр кодта Мурат, чызджытæ йын хабар куы радзырдтой, уæд.

Уыцы бон студенттæ баныхас кодтой, каникулты фæстæ Болаты старостæйы бынатæй кæй сисын кæндзысты, ууыл...

Таймураз хъæумæ куы ныццыд æмæ Бадинæйæн куы фехъусын кодта, ныр ын йе стипендийыл бафтаудзысты, уый, уæд уымæн фыр цинæй йæ цæссыгтæ æркалдысты.

– Уæ тæхуды, ныр искæцæй дæ фыдмæ бадзур, Таму дын институты иттæг хорз ахуыр кæны, зæгъгæ! – йæ къухтæ йæ риуыл авæрдта Бадинæ

Таймураз æм фæлмæн мидбылты худти.

– Исты амæлттæй та æртæ чъирийы скæнон æмæ дзы Хуыцауы ном ссарæм... – загъта Бадинæ, йæ цæссыгтæ асæрфгæйæ.

Таймураз ма йын йæ цинып цин æфтыдта:

– Мæ хорз ахуыры тыххæй мын мæ къам институты Кады фæйнæгыл бакодтой.

– Æцæг?! – Бадинæйы цæсгом æгасæй дæр ныррухс. – Тæхуды, ныр уый фен!

– Æмæ мæ къамæй цы кæныс? Мæнæ мын мæхимæ æрбакæс, – лæппу йæ дзыхыдзаг ныххудти...

* * *

Таймураз æмæ Мурат æнхъæл уыдысты, Болат сæм хæстæг нал æрбацæудзæн, зæгъгæ, фæлæ та сæ-иу алы бон дæр куы иумæ фæзынд, куы иннæмæ. Хъæуæй горæты чи ахуыр кодта, уыдон сеппæт дæр дзырдтой, Болат сæ арæх абæрæг кæны, зæгъгæ.

– Цымæ йыл цы ‘рцыд? – дис кодта Таймураз.

– Уый хуымæтæджы нæу, – йæ сæр батылдта Мурат. – Æвæццæгæн та йæ зæрды исты æрæфтыд.

– Кæд йæхиуыл фæхудти? – дызæрдыг кæнгæйæ, загъта Таймураз.

– Æнхъæл нæ дæн, – йæ сæр та банкъуыста Мурат.

– Цы нæ 'рцæуы? Чи зоны, æмæ йæ бамбæрста, схъæлбеттæй цæргæ кæй нæу, уый.

– Афтæ бæргæ куы уаид, фæлæ рагæй дæр æгæр хиуарзон рахаста. Ноджы ма йæ йæ ныййарджытæ дæр тæссарзонд кæнынц...

Каникултæ куы ахицæн сты, уæд хъæуы студенттæ сфæнд кодтой горæтмæ иумæ ацæуын. Уыцы фæндон бахаста Болат.

– Дæу æдзух Беслæныхъæуы станцæйы онг дæ фыд куы аласы, уæд ныр, фистæгæй цæугæйæ, дæ къæхтæ нæ фæрисдзысты? – афарста йæ Мурат æлхыскъгæнæгау.

– Æз дæр сымахæй лæмæгъдæр нæ дæн, – дзуапп ын радта Болат. – Бафæраздзынæн.

Уыцы бон афтæ уазал нæ уыд. Сихормæ хæстæг хур æрбатавта, æмæ фæндæгтыл мит ранæй рæтты тайын байдыдта. Чызджытæ æмæ лæппутæ цыдысты цъыгъгъуыттытæгæнгæйæ. Исчи дзы-иу куы фæцæйхауд, уæд-иу бæстæ хъæлдзæг дзолгъо-молгъо æмæ худт сси.

– Райсомæй дзы уыйас нуазын нæ хъуыд!

– Дæ къæхтыл уæ хæрæджы цæфхæдтæ уæддæр бакодтаис!

– Дæ къæхтæ куы фæразæй сты, дæ гуыр фæстейы куы аззад! – хъазгæйæ кæрæдзимæ мæстæймарæн дзырдтæ æппæрстой уыдон.

– Кæлæхы гал!

Сосафæндагмæ куы бахæццæ сты, уæд сæ къæхтæ нал былыдысты: ам мит бынтондæр атад, æрмæст ма фæсвæндаг ранæйрæтты хурмæ налхъуыт-налмасау æрттывтытæ калдта æмæ адæймаджы цæстытæ куырм кодта.

Таймуразæн уæлдай æхсызгон уый уыд, æмæ Заретæ дæр семæ кæй фæцис. Ацы хатт æм афтæ каст, цыма чызг Болаты хъуыды дæр нæ кæны. «Кæд хыл сты?» – хатгай-иу йæхинымæр сдзырдта Таймураз, фæлæ йæ бон раиртасын ницы уыд.

– Нæ фæсивæды нын æндæр хъæутæ зараг куы хонынц, уæд цæмæн ныхъхъус стут? – иуцасдæр сæ уынæр куы нал цыд, уæд сæ афарста Болат.

– Дæумæ у нæ каст! – фæрæвдз æм Зæриффæ. – Ды уал æй сис!

– Бæгуыдæр! – цыма йын тæвд уыд, уыйау йæ палтойы тæрттæ феуæгъд кодта лæппу æмæ базарыд:

*Мæ хуры хай, рæсугъд чызгай,*
*Куы нæ дæ федтаин бæргæ,*
*Дæ зарынмæ, дæ кафынмæ*
*Кæм лæууы иунæджы зæрдæ?*

Чидæртæ зарæг айстой сæхимæ. Болат архайдта æппæтæй хъæрдæрæй зарыныл, уымæ гæсгæ сæ хъæлæстæ кæрæдзиуыл нæ бадтысты, æмæ уæд иннæтæ фæхъус сты. Æмæ уæд Болат дæр ферхæцыд...

– Нæй, Таймуразы зардæн дзы æмбал нæй, – загъта Мурат.

– Таймуразы? – фæуыргъуыйау Зæриффæ. – Æмæ уый зарын дæр ма зоны? Йæ хорз ахуыры æдде...

Иууылдæр бынтондæр сцымыдис сты. Таймураз та, йæхи цы фæкодтаид, уый нал зыдта.

– Таймураз, азар-ма!

– Азар-ма, Таймураз! – лæгъстæ кæнынмæ йын фесты чызджытæ.

Заретæ ницы дзырдта, фæлæ Таймураз æмбæрста, уый дæр кæй фæнды, куы азарид, уый. Фæлæ сын цавæр зарæг акæна?

– «Пæсæйы фæндон»-æй Æхсарбеджы зарæг акæн, – æрхатыдта йæм Мурат.

Ирон театр уыцы спектакль сæ хъæуы куы равдыста, уымæй фæстæмæ Æхсарбеджы зарæг арæх кодта Муратæн Таймураз, горæтмæ кæнæ-иу горæтæй куы цыдысты, уæд. Æмæ та йæ мæнæ ныр дæр йæхицæн уæлдай лæгъстæтæ нал агургæйæ, æнæнхъæлæджы зæрдæбынæй ныззарыд:

*Æмбисонд æрбауай, Цæлойтæн сæ рæсугъд, гъей!*
*Мæ уд мын фæхаста дæ бакаст, дæ бахудт, гъей!*
*Æз нал дæн хæдзарæй, æмгæрттæй фæцух дæн, гъей!*
*Æррайау дæ фæстæ куы зилын æдзухдæр, гъей!*

Фæсивæд фыр дисæй сæ цыд фæуагътой. Суанг ма йæм Болат дæр хæлиудзыхæй кæсгæйæ баззади. Таймураз уыдта, чызджытæ йæм уæлдай лæмбынæгдæр кæй хъусынц, уый, æмæ архайдта хуыздæр азарыныл: кæм-иу йæ хъæлæс бæрзонддæр фæкодта, кæм – ныллæгдæр æмæ фæлмæндæр. Тынг æй фæндыд Заретæйырдæм бакасын, фæлæ нæ бауæндыд.

Зарæг куы фæцис, уæд иуцасдæр уынæр нал хъуысти, стæй уæд студенттæ æваст сæ хæссинæгтæ зæхмæ æрæппæрстой æмæ æмхуызонæй нымдзæгъд кодтой.

– Нæ уын дзырдтон, булæмæргъ у, зæгъгæ?! – раст цыма йæхæдæг фесгуыхт, уыйау цин кодта Мурат.

– Ахæм ма дзы рæсугъд хъæлæс уа!

– Мæ зæрдæйы ахъардта йæ зард!

– Уагæр ма йын музыкæ куы уыдаид!

Таймураз ныфсæрмы.

Хуымæллæджы студентты æрбамбырдмæ сæ дуармæ æнхъæлмæ касти Зауырбег.

– Мидæмæ уал нæм рацæут, – загъта, Зæриффæйырдæм кæсгæйæ. – Иучысыл уæ фæллад суадзут.

– Поездмæ нын байрæджы уыдзæн, – се 'ппæты бæсты дæр дзуапдæттæг фæци Таймураз.

– Рæстæг ма ис. Рацæут уал, рацæут! – Зауырбег Таймуразыл хæдзарырдæм ахæцыд. – Куыд цæрæм, уый базонат.

– Уалæй нæ кæдæм кæныс? – тыхстхуызæй сдзырдта Мурат.

– Уæхицæн цæй бирæ лæгъстæ агурут! – йæ сæр ныттылдта Болат. – Уæдæ сæм æз цæуын, нырма хуымæллæггаг хæдзары никуыма уыдтæн.

Уæд иннæтæ дæр Болаты фæстæ кæртмæ бахызтысты. Тыргъы фæзынди Зауырбеджы мад.

– Уазæг нæ уадзут? – дардæй йæм бадзырдта Болат.

– Уазæг – Хуыцауы уазæг, мæ къона! Æгайтма ныл æрвæссут. – Усæн йæ цæсгом цинæйдзаг ныррухс.

Уаты даргъ стъолыл лæууыд æртæ чъиригæ бæгæныйы стыр графинимæ – æвæццæгæн, Зауырбег йæ мадæн рагацау загъта, йе 'мбæлттæ йæм кæй æрбацæуудзысты, уый.

– Уæхи мын бацамонут, мæ хуртæ, мæ цæгат стут æмæ уын уæ ныййарджыты хъуамæ зонон, – загъта ус, сæ фæдыл цæугæйæ.

Æмæ æцæгдæр зыдта сæ алкæй бинонты дæр. Кæйдæрты дзы рахуыдта йæ хæстæджытæ, уæлдай тынгдæр та бацин кодта Таймураз æмæ Муратыл.

– Зауыр мын æдзух уæ кой фæкæны, – дзырдта уый рæвдауæг хъæлæсы уагæй. – Уыдон дæр, дам, мæнау тыхстытæ баййæфтой.

«Зауырбег бынтондæр йæ мады æнгæс у, – йæхинымæр бафиппайдта Таймураз. – Сæ ныхас, сæ бахудт дæр – æмхуызон».

– Цы дзæбæх ус у, – хибарæй куы аззадысты, уæд

тæхудиаггæнæджы хъæлæсæй сдзырдта Зæриффæ. Болат ын худгæйæ загъта:

– Ахæм æфсин дын куы фæуид!

Зæриффæ æфсæрмхуызæй йæ сæр дæлæмæ æруагъта.

– Кæс-ма, кæс фæнды йæ – чызгмæ кæсгæйæ ма фæкодта Болат.

– Цæмæн æй æфсæрмы кæныс? – бахудти Зауырбег дæр. – Фæлтау ма мæнæ чъиритæ скув!

Æмæ сæ тынг дзæбæх дæр ма скуывта, лæппутæ йын зæрдиагæй оммен кодтой. Чъиритæ дæр æмæ бæгæны дæр хуымæллæггаг студенттæ фæдæле кодтой. Æмæ иууылдæр æмхуызон хъæлдзæгæй схæццæ сты Беслæныхъæумæ.

Поезды куы сбадтысты, уæд Агуындæ ‘нæнхъæлæджы Болаты афарста:

– «Рæстæмбистæ» цæмæй райстай, уыдон ногæй нæ дæтдзынæ?

– Цæмæн? – Болат æм сонтæй цæхгæр фæзылд.

– Кæд, мыййаг, хуыздæр бæрæггæнæнтæ райсис...

– Хорз æфхæрæн у дæ «мыййаг». Фæлæ æз фæлтау иудыууæ ног стихы ныффысдзынæн. Пушкин æмæ мын Къоста дæр ахуырмæ мæлæты рæвдз нæ уыдысты!

– Дæуæн дæр уæдæ хъуамæ искуы де сфæлдыстад скъолайы ахуыр кæной, – худгæйæ йæм бакаст Мурат.

– Чи зоны? – йе ‘лхыскъ ныхас ын ницæмæ æрдардта Болат.
– Кæд мæ æцæгдæр исты рауайдзæн, уæд та?

– Дæ фæллад бæхыл кæдæм тагъд кæныс?

Ацы хатт Болат Мураты фарст æнæ дзуаппæй ныууагъта. Таймураз та ууыл дис кодта, æмæ Заретæ Болатырдæм кæй нæ каст. «Æниу мæнырдæм дæр нæ кæсы», – загъта йæхинымæр æнкъардæй...

* * *

Лæппутæ фæсахуыр æмдзæрæнмæ куы ‘рбаздæхынц, уæд сæ, йæ рад кæмæн вæййы, уый хæринаг кæнынмæ бавналы. Хæринаг кæнынмæ сæ нæ февдæлы, зæгъгæ, уæд та институты буфеты пикулиты банкæ æмæ сау дзул райсынц. Уайтагъд райхъуысы сæ цъæм-цъæм.

– Фыр зыдæй уæ йæ уидыг мачи аныхъуырæд! – хъазгæйæ фæзæгъы Зауырбег.

– Ныртæккæ æз сындз тел дæр аныхъуырин, – хæргæ-хæрын фæзæгъы Мурат.

Пикулитæ сын хæрд куы фæвæййынц, уæд та сын сæ дон цайау бацымынц, æмæ сæ исчи фæзæгъы:

– Офф, офф, куыд тынг бафсæстæн, ныр мæм иу къуыри дæр хæрын нал æрцæудзæн.

Лæппуты худынмæ буфетгæс йæ куыст фæуадзы æмæ хъæрæй бафиппайы:

– Не студенттæ та цыдæр хъæлдзæг сты! Æвæццæгæн, мæ пикулитæ сæнхъызтысты, æмæ сæ градустæ фæзынд. И?

– Абон дын уæлдай карз разындысты, – йемæ сразы вæййы Зауырбег. – Бузныг, Аннæ Ивановнæ.

Лæппутæ æмдзæрæны чысыл сæ фæллад суадзынц, стæй та республикон кæсæндонмæ ацæуынц.

Фыццаг бонты Болат афæлвæрдта, райсомæй студенттæ лекцитæм куыд цæуынц, уый йæ журналы бæрæг кæныныл. Фæлæ йын къуырийы фæстæ, Дзирæйы фæндонмæ гæсгæ, йæ бæсты старостæйæ Зауырбеджы равзæрстой. Болат, æвæццæгæн, студенттæм фæхæрам æмæ цалдæр хатты барæй лекцитæм байрæджы кодта.

– Цыма нæ поэт фæтæргай, афтæ уæм нæ кæсы? – бафарста сæ Дзирæ.

– Уæд дзы хи гуырымыхъхъ дарын нæ хъæуы, – загъта Изетæ.

Ацы хатт чызджытæй Болаты сæрыл ничи рахæцыд: Изетæйы кæй бафхæрдта, уый йын нæма ныббарстой.

Болат куы фехъуыста, йæ бынат ын кæмæндæр дæттынмæ хъавынц, зæгъгæ, уæд та йæ сæрак чумаданимæ фæзынди. Лæппутæ сæхи дардтой, цыма ницы ‘рцыд, уыйау.

– Мæ хæстæджытæм мын хицæн уат ис, æмæ уым уый тыххæй баззайын, – йæхи раст кæныны охыл дзырдта Болат. – Ам мын сфæлдыстады куыстæн фадат нæй...

– Æмæ уæд уым цæуылнæ лæууыс, уым? – бадис кодта Мурат.

– Искуы сæ куы сфæлмæцон, уæд мын уадз æмæ æмдзæрæны дæр бынат уа, – фæцарæхст Болат.

Цыппарæй иу агъуысты цæрын æнцон нæу, уæлдайдæр та Болаты хуызæн æмбалимæ: чи йын æгæр хъæрæй дзураг у, чи – хæргæйæ цъæм-цъæмгæнаг. Йæхимæ та йын исты фау æрхæссой – аба-бау! Хорз, æмæ æмдзæрæнмæ дæр афойнадыл никуы æрбацæуы.

Иу æхсæв та Зауырбегæн цæмæндæр йæ фыды хабар йæ зæрдыл æрбалæууыд. Таймураз æмæ Муратæн дзурын байдыдта, æнафоны сын сæ дуар куыд æрбахостæуыд, стæй сæм цавæрдæр æнæзонгæ лæгтæ куыд æрбакалдысты æмæ йын йæ фыды сæ разæй куыд акодтой.

– Кæд чысыл уыдтæн, уæддæр мæ уыцы ныв искуы ферох уа... – йæ къæхтыбынæй ныуулæфыд Зауырбег. – Ныр дæр ма мæ хъустыл ауайы мæ мады æрдиаг. Мæн никуы бауырндзæни, мæ фыд адæмы знаг уыд, уый. Æнаххосæй йæ фесæфтой. Бирæтау... Искæдбон рæстдзинад сбæрæг уыдзæн.

Уыцы рæстæг къæлидорæй æрбайхъуыст Дзирæйы хъæлæс:

– Мидæмæ дæ нæ уадзынц? Ам цæмæн лæууыс?

Чидæр ын сабыргай цыдæр загъта, стæй уæд къæхты хъæр ссыди.

Болат та уыцы 'хсæв йæ хæстæджытæм баззад...

– Дысон Болат æмдзæрæнæй цæмæн ацыд? – райсомæй Дзирæ бафарста Таймуразы.

– Уый та куыд? Куыд ома ацыд?!

– Æз æй æхсæвы, ме 'мбæлттæм чиныгагур куы рацыдтæн, уæд уæ дуары цур лæугæйæ федтон, – Æмæ йын Дзирæ радзырдта, сæ дуары раз æй мидæмæ хъусгæйæ куыд федта, уый.

– Æз æй афарстон, ам цæмæн лæууыс, зæгъгæ, æмæ мын цыдæр æбæрæг дзуапп радта, стæй æддæрдæм цæуæг фæци.

Лæппу куыд аджих, уый ауынгæйæ, чызг афарста:

– Цæуыл дзырдтат, цæуыл? Кæд йæ кой кодтат?

– Нæ, – сагъæсхуызæй йæ сæр банкъуыста Таймураз, – уый кой нæм нæ уыд.

Къуырийы фæстæ сæм æртæйæ дæр декан фæсидти:

– Кæд ма уæ зæрды ахуыр кæнын ис, уæд, чи нæ хъæуы, ахæм цæуылдæртыл ма дзурут, – загъта сын мынæг хъæлæсæй.

Лæппутæ алцыдæр бамбæрстой. Деканæй та фæбузныг сты.

Фæстæдæр куы фехъуыстой, Болатæн йæ мады хæрз хæстæг оргæнты кусы, зæгъгæ, уæд дзы сæхи хъахъхъæнын байдыдтой. Йæ цуры сæ уæлдай дзырд искæйы дзыхæй куыд нæ сирвæза, ууыл архайдтой.

– Болат адæймагыл исты æрæмысыныл дæр нæ бацауæрддзæн, – фидарæй загъта Зауырбег.

– Кæй ныхмæ та фæндтæ кæнут? – зæрдиагæй ныхасгæнгæйæ сæ-иу куы 'рбаййфта, уæд-иу сæ хъазæгау афарста Болат. – Уе знæгтæн сæ бынæй рухс нæма скалд?

– Махæн знаг нæй, адæм иууылдæр нæ хæлæрттæ сты, – худгæйæ йын-иу дзуапп радта лæппутæй исчи. – Знæгтæ, æвæццæгæн, дæуæн хæрх.

– Æфхæрут та мæ: мæнæй зæрдæхæлардæр ма кæд уæрыкк у!

– Афтæ дын дæ лымæн чызджытæ фæзæгъынц?

– Цыма мæм, Мурат, хæлæг кæныс, афтæ мæм дзуры мæ зæрдæ: зонгæ чызг дæр дын куы нæма ис...

– Дæуæн цы зонгæтæ ис, ахæмтæ мæн нæ хъæуы.

– Рувас дæр сæнæфсирæй хъаст кодта!..

– Дзыхджын – бæхджын, – йæ къух ыл ауыгъта Мурат.

Чызджытæй йæ чи зоны, уыдон дзы сæхи иуварс ласынц Болатæй, фæлæ йыл иннæ факультеттæй чи æмбæлы, уыдон æм дардæй дæр мидбылты худын байдайынц.

– Уынд-кондæй уæм артист Павел Кадочниковы хуызæн нæ кæсы? – сæ кæрæдзи афæрсынц. Болатæн диссаджы æхсызгон фæвæййынц сæ ныхæстæ.

«Æвæццæгæн æй, Заретæ дæр базыдта, чызджытæм йæ хъус æгæр кæй дары, уый, æмæ йæм фæфыдæх», – фæхъуыды кæны Таймураз, фæстаг хатт хъæуæй иумæ куыд цыдысты, уый йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыд, уæд.

Йæхи та нæ уырны, искуы йæ Заретæ бауарздзæн, уый. Æрмæст уæддæр уыцы сексоты ма фæуæд... Фæлæ зæрдæйæн дæр цы загъдæуа: Таймураз йе ‘мбæлтты сусæгæй хатгай медучилищæйы рæзты ацæуы, фæлæ Заретæйыл йæ цæст никуы ‘рхæцы. Æниу æй зонгæ дæр нæ фæкæны, куы йыл сæмбæла, уæд ын цы зæгъдзæн, уый. «Æрмæст æй фенон», – ахæм хъуыды йæ разæнгардгæнæг. Ноджы йæ цæстытыл Заретæ урс халаты куы ауайы, уæд ссудзы...

Иу бон сын Зауырбег куы загъта, нæ чызджыты театрмæ ахонæм, зæгъгæ, уæд Таймураз уайтагъд йемæ сразы. Уый æнхъæл уыд, æмæ Заретæ æмæ Агуындæйы дæр семæ акæндзысты, фæлæ йе ‘мбæлттæй уыцы хъуыды никæй сæрмæ æрцыд, Таймураз та сын æй ской нæ бауæндыд. Лæппутæй алчидæр йæ стипендийæ дыууæ билеты аргъ радих кодта, æмæ кæд Дзирæ æмæ Зæриффæйы фæндыд, чызджытæ театрмæ сæхи хардзæй куыд ацæой, уый, уæддæр сæм уыдон нæ байхъуыстой.

– Ау, нæ сæртыл худтæ нал хæссæм? – худгæбылæй сæ афарста Зауырбег.

Театры Зауырбег, Зæриффæ, Дзирæ æмæ Мурат бадтысты фæрсæй-фæрстæм, Таймураз та – Радимæйы фарсмæ.

Уыцы изæр æвдыстой «Отелло». Сæйраг ролы хъазыд Тæбæхсæуты Бало. Таймураз æй фыццаг хатт уыдта æмæ йын куыд фæстæмæ улæфт дæр нал фаг кодта.

– Мæ лæвар къухмæрзæн! – нæрыди Отеллойы зæлланггæнаг хъæлæс. Æмæ Таймуразæй исдуг æрбайрох, театры кæй бады, уый æмæ, чысыл ма бахъæуа, æмæ ма ныхъхъæр кæна, ма йæ амар, уый аххосджын нæу, зæгъгæ. Фæлæ йын уыцы сахат Радимæ йæ цонгмæ февнæлдта, æмæ афойнадыл йæхиуыл фæхæцыд. Фæлæ дзы йæ цард-цæрæнбонты дæр нал ферох уыдзæн уыцы изæр...

* * *

Семинартæ куы ‘рбахæстæг вæййынц, уæд сæ чызджытæ Таймуразы æнцад нал фæуадзынц, иумæ сæм нæхи цæттæ кæнæм, зæгъгæ. Уый рагацау бакæсы, ахуыргæнджытæ сын цы чингуытæ бацамонынц, уыдон, æмæ йæ ныфс фæхæссы семæ алы фарстайыл дæр бинонычгæй æрныхас кæнынмæ. Чызджытæ йæм лæмбынæг фæхъусынц æмæ сæ тетрæдты фæфыссынц, хорз кæй нæ фæзонынц, уыцы фарстатæн цыбыр дзуæппытæ.

Таймуразæн йæхицæн уый дæр пайда вæййы: йæ хъуыдытæ фæирддæр, фæбæлвырддæр кæны.

Болат сæ рæзты куы фæцæйцæуы, уæд сæм мæстæймарæгау æрбадзуры:

– Нæ фæлвых профессормæ та хъусут? Сымахæн уый зонындзинæдтæ æгæр дæр ма сты!

Ничи йæм ницы сдзуры...

Болат, фæсарæнты æвзæгты факультеты чи ахуыр кодта, ахæм рæсугъд чызгимæ фæлымæн. Хуыдтой йæ Ритæ. Йæ фыд куыста хуыйæн фабрикæйы директорæй. Æмæ чызг дæр бон цалдæр хатты йæ уæлæдарæс ивта. Болат-иу йæхицæй буцæй Ритæимæ проспекты тезгъо кодта.

– Цыма та, мæгуыр цъиу, уарзондзинады къæппæджы бахаудтай... – иухатт ын загъта Зауырбег.

– Цæй уарзондзинады кой кæныс? – æнæрвæссон худт бакодта Болат. – Ныр, цы чызджытимæ цæуон, уыдон иууылдæр мæ уарзæттæ сты? Ритæ мын немыцаг æвзагæй æххуыс кæны...

– Уæлдайдæр проспекты уызыны балцы заман, – фæцырд æм Мурат.

– Хæлæг та мæм кæныс?

– Уæдæ мæ хуыздæр куыст циу?.. – Æнцадæй йын дзуапп радта Мурат. – Æцæгдзинадæй мын хъыг у, чызджыты рæсугъддæр æмæ уæздандæры цыдæр Ритæтыл кæй ивыс, уый.

– Заретæйæ зæгъыс? – йæ дæндæгтæ базыхъхъыр кодта Болат. – Уый æгæр уæздан у: йæхиуыл лæджы андзæвын дæр нæ уадзы. Хъæуккаг æнæфенд...

– Ирон чызг у, æцæг ирон!

– Омæ дæу фæуæд, Зауырбег! Йæ фароны фистимæ, – йæ къух ауыгъта Болат, æмæ та кæдæмдæр фæцæуы.

Таймуразæн иуæй æхсызгон уыди, Болат æмæ Заретæйæн сæ мыды къæм кæй бахаудта, уый. Иннæмæй та лæппумæ мæсты кодта, чызгмæ ахæм цæстæй кæй каст, уый тыххæй.

Иубон Болат киномæ Заретæ æмæ Зæриффæйы ахуыдта. Куыддæр цырæгътæ ахуыссын кодтой, афтæ Заретæйы зæнгыл йæ къух æрæвæрдта. Уый фестади, ацæуинаг уыд, фæлæ кæйдæр мæсты хъæлæс райхъуысти:

– Сбад! Дæ фæсонтæм кæсынмæ æрбацыдыстæм?

Заретæ æнæбары 'рбадти. Зæриффæ цы 'рцыдис, уымæн ницы 'мбæрста. Кино уыдис индийаг лæппу æмæ чызджы тыххæй. Уыдон иудадзыг тох кодтой сæ амондыл. Архайд йæ тæмæны куы бацыд, уæд та Болат æвиппайды йæ былтæ Заретæйы русыл авæрдта. Чызг йæ бынатæй фæгæпп ласта æмæ кæугæйæ дуарырдæм алæгæрста. Йæ фæдыл разгъордта Зæриффæ дæр.

– Цы кодтай? Цы дыл æрцыд?

Заретæ йын иуцасдæр дзуапп раттын нæ фæрæзта. Стæй загъта тыхамæлттæй:

– Хæлд чызджытимæ лекка кæны æмæ мæнæн дæр ахæм цыдæр æнхъæл у...

– Æмæ дын уагæр цы кодта?

Зæриффæ бынтондæр сцымыдис. Æппын фæстаг куы базыдта хъуыддаг, уæд уый дæр фырмæстæй йæ кæуын нал баурæдта.

– Уæд мын лæгъстæтæ кодта, Заретæйы демæ киномæ рацæуыныл сразы кæн, зæгъгæ. Рагæй, дам, хæстæгмæ йæ фенынмæ бæллын.

– Цæмæ бæллы, ныр уый зындгонд у...

– Фæлæууæд, мæнæ рацæуа! Æз ын, цы хъæуы, уый куынæ зæгъон!

– Нæ, нæ, – тагъд-тагъд сдзырдта Заретæ. – Æз йе 'мгæрæтты дæр никуыуал ацæудзынæн...

Цалынмæ, Заретæ кæм цæры, уырдæм нæ бахæццæ сты, уæдмæ, чызг йæ кæуынæй нæ банцад...

* * *

Цæгат Ирыстоны автономон республикæйыл 25 азы сæххæсты бонмæ педагогон институты хихъæппæрисадон къордтæ дæр сæхи цæттæ кодтой ног равдыстытæм. Зауырбег цыдис драмон къорды репетицитæм, Таймураз æмæ Мурат та – горæты сæйраг стадионмæ: сæрмагонд программæйы архайдтой.

Таймуразмæ хорз каст, цы номырты архайдта, уыдонæй-иу тренер куы раппæлыди, уæд. Уыцы бон хæхты сæрмæ æнæнхъæлæджы фæзынди сау мигъы къуыбар æмæ, стырæй-стырдæргæнгæйæ, горæтырдæм бырын байдыдта. Уалынджы арв ферттывдта, райхъуысти йæ нæрын. Бæрæг уыд, тыхджын къæвда кæй рацæудзæн, уый. Студенттæ стадионæй лидзæг фесты. Цалынмæ Таймураз æмæ Мурат цæрæн хæдзæртты бамбæхсынмæ згъордтой, уæдмæ уарын ныккалдта, æмæ лæппутæ ныддонласт сты.

– Цæй, донласт хуылыдзæй нал тæрсы, – худгæйæ сдзырдта Мурат, æмæ æмдзæрæнмæ араст сты. Уарын дæр цæхгæр фæсабыр.

Терчы былгæрæттæ каутæй фидаргонд кæм уыдысты, уым сфæнд кодтой сæхи æхсын... Дон раивылд æмæ ауæзты цур зилдух кодта. Таймураз, йæхи кауы михтыл бауадзгæйæ, хъавгæ донмæ нывнæлдта. Раст уыцы минут йæ хъустыл цыдæр тъæпп ауад. Фæзылди, Мурат кæм лæууыд, уыцырдæм, æмæ йæ куы нæуал ауыдта, уæд фæкуыддæр, йæ дзых хæлиуæй аззад. Уалынмæ абухгæ донæй Муратæн раздæр фæзынди йæ сæр, стæй та йæ цонг. Таймураз æм фæлæбурдта æмæ йæ тыхамæлттæй уæлбылмæ сласта. Муратæн йæ иу къахыл дзабыр нал уыд.

– Æллæх, ныр ма иу дзабыримæ куыд ацæуон? – бамæт кодта, йæ дзабырыл хæцгæйæ.

Таймураз ын æй райста æмæ йæ Теркмæ фехста.

– Амæй дæр ма цы кæныс? Уадз æмæ дын йе ‘мбалы баййафа, – худгæйæ загъта Таймураз.

– Æмæ мæ бæгъæввадæй цæугæ чи фена, уый цы зæгъдзæн? – ныккатай кодта Мурат.

– Æз дæр мæ дзабыртæ раласдзынæн, нæ фадгуытæ стулдзыстæм, æмæ адæм æнхъæл уыдзысты, уаргæбон бæгъæввадæй барæй цæуæм, зæгъгæ.

Адæм сæм цымыдисæй кастысты æмæ сæ мидбылты худтысты. Зауырбег сæ агъуыстмæ афтæмæй бахизгæйæ куы федта, уæд йæ цæстытæ дзагъырæй баззадысты. Таймураз ын хабар куы радзырдта, уæд уый йæ худынæй нал æмæ нал æнцад.

– Æмæ уæддæр Мураты исдуг куы нæуал уыдтай, уæд цы ахъуыды кодтай? Уæларвмæ стæхын ын фенхъæлдтай? – куы фæсабыр, уæд æй бафарста.

– Доны тъæпп куы нæ фехъуыстаин, уæд ферра уыдаин, фæлæ йын йæ сæр куы ауыдтон, уæд æй бамбæрстон, кæф ауынгæйæ кæй ныггæпп ласта, уый...

Ацы ран йæ худын нал баурæдта Мурат дæр.

Сæ фæстаг æхцатæй йын базары дыууæ дæрдджын кæттаг туфлийы балхæдтой.

– Исты амæлттæй стипенди райсынмæты аирвæздзыстæм, – загъта Зауырбег. – Фыццаг хатт нын куы нæу бирæгъы цард: куы фыдхæрд, куы сыдæй мæлын..

– Æз дæр ацы хатт Терчы ныггæпп ласдзынæн, – хъазгæйæ срæцыгъта Таймураз. – Кæд мæнæн дæр мæ хæцъил дзабыртæ дон аласид, æмæ мын иумæ урс кæттаг туфлитæ балхæниккат!

– Æнæуи дæр дын балхæндзыстæм, – Таймуразы уæхскыл йæ къух авæрдта Зауырбег. – Мæнæ ныл иучысыл хъуын æрхæца... Каникулты!

Каникулты коймæ Таймуразæн йæ зæрдыл æрбалæууыд, Зауырбегимæ сæ сæ фæсауон ахуыры уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультетæн дыууæ фæлварæны раттын кæй хъæуы, уый æмæ йæ афарста:

– Фæсауuонмæ ахуыр кæнымæ дæр кæй бацыдыстæм, уый дæ рох фæцис?

– Нæ ферох, нæ, – дзуапп ын радта Зауырбег.

Дзургæ-дзурын базарæй æмдзæрæнмæ схæццæ сты. Муратæн йæ туфлитæ стыргомау рауадысты, фæлæ сыл уæддæр тынг бацин кодта.

– Мидæгæй сын сæ фындзты бæмбæг батъысдзынæн, æмæ мæхи аккаг ауыдзысты, – разы хуызæй загъта уый æмæ дзы уаты къуымты дыууæрдæм чоп-чопгæнгæйæ арацу-бацу кодта.

* * *

Сæрды каникултæ куыд атахтысты, уый Таймураз æмбаргæ дæр нæ бакодта. Хъæдæй та зымæджы фаг суг фæласта, цалдæр

хатты уыдис, Бадинæйæн быдыры цы хай радих кодтой, уым дæр æхсырфæй мæнæу кæрдынмæ.

Таймураз горæтæй сæхимæ куы ‘рцыд, уæд фыццаджыдæр бабæрæг кодта йæ уарзон ахуыргæнæджы.

– Хорз у, фæсаууонмæ уырыссаг æвзаг æмæ литературæйы факультеты дæр ахуыр кæнын кæй райдыдтай, уый. Искуы дын мæ бынат ратдзынæн.

Лæппу хæрдмæ фесхъиудта æмæ тарстхуызæй йæ ахуыргæнæгмæ бакаст. Уый йæм йæ мидбылты бахудти.

– Мæнæн дæр кæддæр мæ ахуыргæнæг куы загъта, искуы мæ скъолайы аивдзынæ, зæгъгæ, уæд мæ йæ ныхæстæ нæ бауырныдтой, фæлæ иуцалдæр азы куы рацыд, уæд æцæгдæр фыццаг хатт йæ бæсты къласы дуарæй бахызтæн æмæ ныры онг сывæллæттимæ кусын.

– Дæу хуызæн ахуыргæнæг мæнæй никуы рауайдзæн... – къуызгæ сдзырдта Таймураз æмæ фæсырх...

– Дæхиуыл куы кусай, уæд дæ хуыздæр дæр ма рауайдзæн, – фидарæй загъта Луизæ Ивановнæ.

Фæстæдæр уыцы дзырдтыл Таймураз бирæ хæттыты ахъуыды кодта, æмæ йын уыдысты ныфсы хос.

Хъæуы студенттæ иууылдæр каникулты æрцыдысты сæхимæ, Болатæй фæстæмæ.

– Уадз æмæ горæты йæ фæллад суадза, – дзырдта йæ мад Косерхан сыхы устытæн.

– Æз та дæу бынтондæр куысты бын фæкодтон, – иубон æнкъард хъæлæсы уагæй Таймуразæн загъта Бадинæ æмæ йæ цæстытæ доны разылдысты.

– Уæдæ Болаты хуызæн магуса уон? – Таймураз йæ мадмæ дисхуызæй бакаст.

– Магуса суæвынæй дын нæ тæрсын, – йæ сæр батылдта Бадинæ. – Дæ фыд дæр магуса нæ уыд. Фæлæ мын æппындæр дæхиуыл нæ ауæрдыс, æмæ дын тæригъæд кæнын...

Таймуразæн амал куы вæййы, уæд фæархайы Заретæйы фенынмæ. Хъуамæ йын йæ хæдзары рæзты ацæуа æмæ йын дардæй салам уæддæр радта, æрмæст æрлæууынмæ æмæ йемæ аныхас кæнынмæ йæ ныфс нæ фæхæссы. Чызг æм йæ хуымæтæг дарæсы дæр фæкæсы уæлдай рæсугъддæр æмæ аивдæр.

– Ай кæй дзæбæх лæппу у, кæй? – иубон та сæ цурты куы фæцæйцыд, уæд Заретæйы афарста йæ мад Дзыгыда.

– Бадинæйы... – цыбырæй йын дзуапп радта Заретæ.

– Бадинæйы, зæгъыс? – ныддис кодта ус. – Æмæ йын афтæ стыр сси?

Таймураз æнæбары йæ цыдыл бафтыдта. Дзыгыда ма цыдæртæ дзырдта йæ чызгæн, фæлæ йын лæппу йæ ныхас нал фехъуыста.

«Æвæццæгæн ын дзуры, нæ хæстæг у, зæгъгæ», – ахъуыды кодта Таймураз æмæ æваст фенкъард.

«Тæрхъусы басы бас...» – ацы хатт дæр та æрбалæууыд йæ зæрдыл. Изæрæй йын Бадинæ куы фехъусын кодта, Косерхан уынгты Заретæйы кæйттæ кæнын байдыдта, зæгъгæ, уæд дзы мæт бацыд, йæ ныхæстæ чызджы хъустыл дæр куы ‘рцæуой, уымæй. Косерхан, дам, дзырдта, цыма йын Заретæ йæ лæппуйы æрцахсынмæ хъавы æмæ йæ барæй йæхиуыл ардауы.

– Æвæццæгæн, Заретæ Болатыл стырзæрдæ кæй сси, уый тыххæй йæм смæсты æмæ дзы йæ мадæн хахуыр ныхæстæ уымæн фæкодта, – загъта мæстыйæ Таймураз Бадинæйæн. Стæй йын уæд радзырдта, се’хсæн кинойы цы ‘рцыди, уыдæттæ.

– Йæ цæрæнбон бирæ уæд Дзыгыдайы чызгæн, ирон æгъдау цы у, уый ма чи æмбары, – йæ сæр разыйы тылд бакодта Бадинæ.

Уыцы ‘хсæв дæр та суанг бонмæты йæ хуыссæг кæдæмдæр фæлыгъд Таймуразæн, Заретæйыл хъуыды кæнгæйæ, æрмæст ацы хатт йæ хъуыдытæ йæ сусæг уарзондзинадыл нæ уыдысты. Уыдон уыдысты чызджы хъысмæтыл.

Фæлæ, лæппу цæмæй тарсти, уый æнæнхъæлæджы æрцыди: сых уайтагъд сусу-бусу кæнын байдыдтой. Се ’хсæн Болат æмæ Заретæйы кой стынг.

– Дæ чызг куы рахъомыл уа, уæд æй горæтмæ макуы ауадз, – дзырдтой иутæ. – Куы йæ ауадзай, уæд цыма дæ чъыр доны бакалдтай, афтæ дæм фæкæсæд – æнæ фæхудинагæй дæ нæ ныууадздзæн.

– Алы чызгæй афтæ зæгъæн нæй, – семæ нæ разы кодтой иннæтæ. – Бирæтæ сæ уæлæ бындз абадын дæр нæ бауадзынц.

– Дзæбæх чызг бæргæ уыд Заретæ.

– Æмæ ныр нал у?

– Чи зоны? Кæд, мыййаг, фæрæдыд?

Хабар Мæхæмæты хъустыл куы ’рцыд, уæд, дам, уый худгæйæ бафиппайдта:

– Мæ фырт нырма æрыгон у æмæ уадз æмæ йæхи ирхæфса. Лæппу йæ рæстæг цы чызджытимæ фервиты, уыдон æппæт кургæ нæ ракæны.

Мæхæмæты ныхæстыл Таймураз æмæ Мурат тынг смæстысты.

– Æдзух йæ партион билетæй чи сомы кæны, уый хъуамæ афтæ дзура?! – фæхъæр кодта Мурат сонтæй. – Æви æцæг коммуністтæ ахæмтæ вæййынц?

Таймураз фæтарст, исчи Мураты куы фехъуса, уымæй, æмæ йын æнæбары йæ дзых йæ къухæй амбæрзта.

– Сс... Коммунистты кой ма кæн, – æрæджиау ма тарстхуызæй загъта Таймураз. – Исты æфхæрд дæм æрхаудзæн...

– Бафхæрынæй тæрсæм, æмæ нæм Мæхæмæты хуызæттæ дæр уымæн фæзынди!

– Мæхæмæты хуызæттæ нæм бирæ нæй.

– Кæд æцæгдæр афтæ у, уæд Хуыцауæй разы...

Таймураз æмæ Мурат хъæуæй горæтмæ куы рацæйцæуынц, уæд Косерхан сæ размæ æнæ рауайгæ нæ фæвæййы. Хъуамæ сын Болатæн семæ исты ахæссын кæна. Мурат æй дардæй куы ауыны, уæд рагацау хъуыр-хъуыр кæнын байдайы:

– Цыма йын хæрджытæ стæм. Йæ лæппу йæхæдæг сæхимæ цæуылнæ цæуы? Æви йын горæты цæхх ныччындæуыд?

Фæлæ фылдæр хатт Косерхан Болатæн æхца фервиты.

– Йæхи къухтæм ын сæ-иу раттут. Уæхиуыл дзы ма схæрдз кæнут, – æнæмæнг сын бафæдзæхсы ус.

Фæстаг хатт æм Мурат йæхи нал баурæдта:

– Æмæ ныл кæд не 'ууæндыс, уæд нæм сæ цæмæн дæттыс?!

– Æууæндын уыл, æууæндын, – худгæйæ йын дзуапп радта Косерхан. – Хæрам мæм ма кæнут...

Мæнæ та ныр дæр Косерхан сæ кæрты дуарæй йæ сæр радардта. Фыццагдæр æй Мурат ауыдта æмæ йæ цонгæй Таймуразы фарс бакъуырдта.

– Дæлæ та Косерхан дæр нæ размæ фæзынд! Уæртæ æрхы былтыл ацæуæм, кæннод та нæ Болатæн исты хæссын бахъæудзæн.

Таймураз уайтагъд йæ фæдыл фæраст.

Лæппутæ къахвæндагыл æрхы былмæ куы ныххызтысты, уæд хæрхæмбæлд фесты сæ сыхаг чызг Сæлимæтимæ. Уый та иннæ хæттытау рацыд сыгъдæг уæлдæфæй баулæфынмæ. Рынчындонæй

йæ куы рафыссынц, уæд кæнæ къуыбырыл фæбады, кæнæ æрхы былтыл тезгъо фæкæны. Сæлимæтыл стыхджын рæуджыты низ. Кæддæр нымад уыд колхозы хуыздæр звеноводыл. Газеты-иу ыл арæх фыстой. Фæлæ иухатт араугæ тæвд бон хидæйдзагæй уазал дон банызта æмæ фæрынчын. Мæхæмæт æй быдырмæ цæуын кодта, цалынмæ иу райсом, мæнæу кæрдгæйæ, туг не суомдта, уæдмæ...

– Нæ сыхы хуыздæр лæппутæ, горæтмæ та рараст стут? – цинхуызæй Таймураз æмæ Мураты афарста Сæлимæт. – Æмæ уынгты цæуылнæ ацыдыстут?

– Æмæ уæд дæуыл амбæлдаиккам? – йæ фарстæн ын хъазæгау фарстæй дзуапп радта Мурат.

– Бузныг уын, Дзæуджыхъæуы мæ рынчындоны кæй бабæрæг кодтат, уый тыххæй.

– Табуафси, – сæ дыууæйы бæсты дæр сдзырдта Таймураз.

– Исчи уæ мединститутмæ цæуылнæ бацыд? – ногæй та сæ афарста Сæлимæт.

– Æмæ пединститут æвзæрдæр у? – фæцырд æм ис Мурат.

– Уый дæр æвзæр нæу, фæлæ уæ, зæгъын, иу дохтыр куы суыдаид, уæд мæ кæд сдзæбæх кодтаид, – къæмдзæстыг хуызæй сдзырдта Сæлимæт.

Таймураз æмæ Мурат, чызгæн цы загътаиккой, уый нæ зыдтой æмæ исдуг джихæй аззадысты.

– Хъазгæ кæнын, хъазгæ, – студентты зæрдæйыуаг бамбаргæйæ, æнкъардæй бафиппайдта Сæлимæт. – Уый йеддæмæ ма мæнæн баххуыс кæнын кæй бон у?...

Хъæуæй куы радард сты, уæддæр ма Таймураз Сæлимæтыл хъуыды кодта. Йæ зæрдыл æрлæууыд, хæсты рæстæджы-иу сыхы фæсивæд куысты фæстæ клубы раз куыд æрæмбырд сты æмæиу хъазт куыд сарæзтой, уый. Чызджытæн лæппу æмбал фаг нæ кодта æмæ-иу сæ кæрæдзиимæ кафыдысты. Таймураз æмæ Мурат кæд чысылтæ уыдысты, уæддæр сæхи нымадтой нæлгоймæгтыл æмæ иу уайтагъд хъазты астæумæ рагæпп ластой. Бæстæиу æмдзæгъд куы сси, уæд-иу лæппутæ сæхиуыл нал ауæрстой: алчи дæр сæ-иу архайдта йæ къахфындзтæ зæххыл тынгдæр æрсадзыныл. Таймураз арæхдæр кафыди Сæлимæтимæ. Уымæй нæ ферох, чызг-иу мидбылты худгæйæ, йæ разæй куыд расирдта æмæ иу йæ даргъ дзыккутæ йæ фæсонтыл дзедзыкка кæнын куыд байдыдтой, уый, фæлæ лæппу иухатт бафиппайдта,

Сæлимæтæн йæ цæстытæ æдзухдæр æнкъард кæй вæййынц æмæ йын кафт æхсызгондзинад кæй нæ дæтты.

«Æвæццæгæн, йæхи цахъхъæн лæппуимæ кæй нæ кафы, уый уымæн афтæ уыдзæн», – йæхинымæр хъуыды кодта Таймураз.

Хæсты фæстæ, фæсивæдæй ма æгасæй чи баззад, уыдон здæхын байдыдтой хъæумæ. Сæлимæтмæ фæзынди курджытæ, фæлæ дзы иуæн дæр нæ бакуымдта. Сыхы дзырдтой, йæ уарзон фæмарди, æмæ дзы уый тыххæй никæмæн разы кæны, зæгъгæ.

– Йæ амонд хæсты бадыры баззад, – арæх фехъусæн уыд йæ зæронд мад Дунетханæй...

Мурат дæр Таймуразау хъуыды кодта Сæлимæты хъысмæтыл. Хуымæтæджы нæ бафиппайдта æнкъард хъæлæсы уагæй:

– Æвгъау уыд ахæм чызг йæ фыды уæзæгыл баззайынæн...

* * *

Хъæуы устытæ рагæй дæр сæ лæгты нæмттæ уайсадгæ кодтой. Фыдæлтæй нырмæ сын æгъдау афтæ амыдта. Уымæ гæсгæ сæ фехъусæн уыд: «нæ лæг», «махон», «мæнæ уый», «сæ фыд» æмæ афтæ дарддæр. Иннæтæй уæлдай, Косерхан та Мæхæмæты «нæ сæрдар» кæнæ «колхозы сæрдар» хуыдта, цыма йын уыцы бынат йæ мады гуыбынæй рахæсгæ уыд, уыйау. Исчи-иу Мæхæмæты куы агуырдта, уæд ын-иу Косерхан хъалхуызæй загътаид: «Сæрдар нæхимæ нæй. Æз дын дæ курдиат сæрдарыл сæмбæлын кæндзынæн». Иу ахæмы, дам, сæм хохæй æрбафтыд Мæхæмæты хæстæджытæй чидæр. Уазæг сын сæ кæрты дуар лæдзæгæй куы бахоста, уæд æм мидæгæй Косерхан тызмæг хъæлæсыуагæй радзырдта:

– Чи дæ хъæуы? Сæрдар нæма фæзынд.

– Мæн колхозы сæрдаримæ ницы кæсы, – бахъуыр-хъуыр кодта лæг. – Æз мæ хæстæджы фенынмæ ‘рбацыдтæн.

– Рахиз уал уæд мидæмæ, – Косерхан ын йæ размæ дуар байгом кодта. – Уæдмæ кæд сæрдар дæр зынид.

– Ды, æвæццæгæн, йæ секретарь дæ, – цыма усы нæ базыдта, уыйау æлхыскъгæнæгау бафиппайдта уазæг.

– Нæ, æз йæ бинойнаг дæн, – йæхи къæмдзæстыгхуызау акæнгæйæ, йæ сызгъæрин дæндæгтæ чысыл базыхъхъыр кодта Косерхан.

Фæлæ æрбацæуæгæн йæ нымæтхуд æмæ йæ зæронд хызынмæ куы фæкомкоммæ, уæд æваст йæ цæсгом фæтар. Æвæццæгæн, ус ахъуыды кодта, ахæм диссаджы уазæг нæу, зæгъгæ.

– Уæртæ уал сарайы æрбад, – загъта Косерхан æнæвдæлон хуызæй. – Æз дæр дæм чысыл фæстæдæр рауайдзынæн, – æмæ уаты фæмидæг.

Лæг, дам, сарайы бирæ фенхъæлмæ касти, фæлæ йæм ус куы нæ фæзынд, уæд фæстæмæ сæхимæ аздæхт...

Косерхан алы æрбацæуæгыл афтæ не 'мбæлди. Сæ дуармæиу уæлдæр хицауады кусджытæй искæй машинæ куы 'рлæууыд, уæд-иу усыл хур ракасти.

– Мæнæ нæм цы диссаджы уазæг сæмбæлд! – райхъуыстаид-иу уымæн йæ цины хъæр æмæ-иу уайтагъд фынг æвæрынмæ фæци. Ахæм рæстæг-иу «сæрдары» æрбацыдмæ дæр нал фæкасти. Хатгай-иу сæ дуармæ баиу уыдаиккой цалдæр машинæйы, æмæ-иу уæд фæстæдæр Косерхан йæхицæй æппæлынæй нал æфсæст:

– Мæ бæгæны æмæ фыдджынтæ нæ уазджыты зæрдæмæ тынг фæцыдысты. Æз ма сын дзы семæ фæндагмæ дæр авæрдтон.

Мæнæн, дам, мæ мад дæр хæринаг кæнынмæ дæсны уыди: цины æмæ зианы рæстæг-иу æй къæбæргæнæгæй кæдæм на бацагуырдтой, ахæм хæдзар нæ уыд – афтæ дæр дзырдта.

Сыхы устытæ та-иу уæд йæ фæсауыонмæ бадодой кодтой:

– Мæгуыр уыдзæн уыцы чызг, Косерханы чындз чи фæуа!

Ноджы ма йæ зыдтой, йæ лæппуйæн кæй никæй аккаг кæны, уый. Æвæццæгæн, уый тыххæй райдыдта Косерхан Заретæйы фыдгæйттæ кæнын дæр.

* * *

– Абон проспекты иу чызгыл фембæлдтæн æмæ бадис кодтон, æрдз сылгоймагæй ахæм рæсугъд куыд скæны, зæгъгæ, – Таймураз æмæ Муратæн æмдзæрæны цур дзырдта Дзирæ.

– Уый хъæуы чызджыты нæма федтай! – куыдфæндыхуызæй загъта Мурат.

– Ахæм уæ хъæуы нæ, фæлæ æгас Ирыстоны дæр дыккаг нæ разындзæн! Æз æй фæрсгæ бакодтон, кæцон дæ, зæгъгæ. Æмæ ма мын йæ ном дæр загъта.

– Æмæ чи уыд? – ацы хатт æм йæхи нал баурæдта Таймураз дæр.

– Йæхи Заретæ рахуыдта. Рагъыхъæуккаг...

– О! Заретæ æцæгдæр æмбисонды чызг у, – Дзирæимæ сразы Мурат дæр.

– Рагæй дæр дохтыр суæвынмæ бæллыд, фæлæ, мæгуыр, институтмæ нæ бахауд, – фенкъард йæ хъæлæс Дзирæйæн.

– Медучилищæйы фæстæ йæ бон уыдзæн йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын, – фидарæй загъта Мурат, æмæ дзы Таймураз фæбузныг ис...

Изæрæй лæппутæм æмдзæрæнмæ æнæнхъæлæджы фæзынди Косерхан.

– Ам Болатичы сынтæг кæцы у? – афарста сæ, салам дæр нæ ратгæйæ.

Зауырбег ын æй бацамыдта.

– Æмæ нæ лæппу йæхæдæг кæм ис?

– Æвæццæгæн та уæ хæстæджытæм ...

– Æмæ дысон уыдонмæ куы нæ уыд, уæд кæм уа? – бакатайæг ис ус.

– Мах ын цы зонæм? – йæ сæр батылдта Мурат. – Ам арæх нæ вæййы.

Косерханы цæсгом æгасæй дæр сырх–сырхид афæлдæхт.

– Уæдæ уæд уый æцæгдæр уыцы æнаккаг чызгмæ куы вæййы, æцæгдæр! – æваст йæ сау цæстытæ фæхъоппæг кодта ус æмæ æддæрдæм фæраст. Стæй уæд дуары раз фæлæууыд æмæ сæ, йæ дæндæгты къæс-къæс цæугæйæ, афарста:

– Кæм цæры, кæм, Болатичы мын ахуыр кæнын чи нæ уадзы, уыцы æнаккаг чызг?

– Кæмæй нæ фæрсыс, кæмæй? – фæзылди йæм Мурат.

– Куыд кæмæй?! – фæхъæр ласта Косерхан. – Дзыгыдайы чызг Заретæйæ, æндæр кæмæй!..

– Цы? Æмæ Заретæ Болаты мæтæй мæлы?

– Худинаг дæм нæ кæсы ахæм ныхæстæ кæнын? – йæхи йæм нал баурæдта Таймураз дæр. – Дæхи уæздæттæй куы хоныс!

– Æмæ уæдæ кæйдæртау кæвдæсардтæй дæн? Æз Ауызбийы чызг дæн, Ауызбийы!

Косерхан йæ фæдыл дуар афтæ агуыпп ласта, æмæ лæппутыл царæй чъыры муртæ æркалдысты.

– Кæд ацы ус уæздæттæй у, уæд æз та китайаг император дæн? – хъæрæй сдзырдта Зауырбег, стæй цымыдисæй лæпputы афарста, – Ауызби та йын кæм фесгуыхт, Ауызби, йæ сæр дзы афтæ бæрзонд цæмæн хæссы?

– Æз ын йæ кой хæрз æрæджы фехъуыстон, – райдыдта Мурат. – Сæ хъæуы, дам, хъуыстгонд уыд йе ‘нæуагæй. Æдзух,

дам, цыдæр Ботасимæ зылдис куывдтæ æмæ хистытыл. Ботас, дам, йæ ‘фсæн дæндæгтимæ рæвдздæр уыд æмпулынмæ, Ауызби та – нуазынмæ. Æмæ адæм хъазгæйæ дзырдтой: «Ботасы æфсæртæ æмæ дæ Ауызбийы цæсгом куы уой, уæд дæхицæн фесæфынæй ма тæрс!».

Дыккаг бон Зæриффæйæ базыдтой, Косерхан Заретæйæн йе ‘мбæлтты раз алывыд кæй фæкалдта, уый.

– Æз уæд медучилищæмæ бацыдтæн Заретæйы фенынмæ, – дзырдта кæуынхъæлæсæй Зæриффæ, – фæлæ йæ уым нал баййæфтон: райсомæй, дам, раджы æд чумæдан хъæумæ аивгъуыдта. Æвæццæгæн, йæ ахуыр бынтондæр ныуугъта.

– Æмæ йæ училищæ фæуынмæ афæдз йеддæмæ куы нæуал хъæуы, уæд куыд? – æнæбары ма йæ афарста Таймураз.

– Цы æдылы дæн, цы! Заретæйæн æдзух, Болат дæ уарзы, зæгъгæ, дзырдтон...– Таймуразæн дзуапп раттыны бæсты дарддæр йæ ныхас кодта Зæриффæ. – Йе ’мдзæвгæтæ дæр ма йыл-иу сæмбæлын кодтон, мæ хæстæг кæй у, уымæ гæсгæ. Иухатт мæ цуры йæхæдæг дæр Заретæйы иу ран нал уагъта, зæгъ мын, уарзыс мæ æви нæ, зæгъгæ, фæлæ йæм уый куы ницы дзырдта, уæд Болат йæ цæссыгтæ æркалдта. Æз ма йын тæригъæд дæр фæкодтон...

Ацы ран Таймуразы зæрдыл æрбалæууыд, æвдæм къласы куы ахуыр кодтой, уæд Болат йæхицæй куыд æппæлыд, бахъуаджы сахат ын йæ цæссыг æркалын зын кæй нæ вæййы, уый.

– Ау æмæ дæ скæуын та кæд бахъæуы? – бадис кодта йе ‘мбæлттæй чидæр.

– Мæ мад æмæ мæ мæ фыдæй æхца райсын куы фæхъæуы, уæд.

– Сайыс, – нæ йыл бауæндыдысты йе ‘мбæлттæ. – Кæуын дæм куы нæ цæуа, уæд не скæудзынæ.

– Уæдæ ма кæсут, – Болат йæ цæстытæ иу ранмæ ныццавта æмæ афтæмæй иуцасдæр рæстæг алæууыд. Уалынджы йæ рустыл кæрæдзи фæдыл æруадысты иугай цæссыгтæ.

– Федтат? – йæ алывæрстæм уæлахизхуызæй акæстытæ кодта Болат æмæ йæ хъæлæсы дзаг ныххудти.

– Артист нæу, артист! – райхъуысти чызджыты ‘хсæнæй дисы хъæр, æмæ Болат бынтондæр йæхицæй ныббуц ис...

«Æвæццæгæн, Заретæйы раз дæр уыцы дæсныдзинад æвдыстаид...» – ахъуыды кодта Таймураз, Зæриффæмæ хъусгæйæ...

Болат та кæцæйдæр хуыссæгхъуагæй лекцитæм фæзынди.

– Мæ мадæн мын цæмæн схъæр кодтат, æмдзæрæны кæй нæ уыдтæн, уый? – хæрамхуызæй Таймураз æмæ Зауырбеджы афарста лæппу.

– Æмæ йын уæдæ хъуамæ цы загътаиккам?

– Ау, æмæ цы зæгъын хъуыд, уый нæ зыдтат? Уæхи лæгтæ куы хонут! Уæдæмæ сымахимæ разведкæйы ацæуæн нæй.

Таймураз æм рафыхт æмæ йæм фæгæпп ласта, фæлæ йæ Зауырбег йæ цонгæй ацахста.

– Дæхиуыл фæхæц, – загъта йын æнцадæй. – Ахæм адæймаг ныццæвыны аккаг дæр нæу... Йæ смаг афæдз кæлдзæн.

* * *

Октябры бæрæгбон æрбацæйхæццæ кодта, æмæ горæт бæлвырд фæрæсугъддæр. Иннæ хæттытау та уынгтæм базылдысты, уæлдайдæр Сталины проспектмæ. Адæмæй ма иуæй-иутæ сæ цæуын дæр фæуагътой, хæдзæрттæм кæсгæйæ.

Фæлæ уыцы рæсугъддзинад Таймуразмæ нæ хъардта. Уый иудадзыг хъуыды кодта Заретæйыл. Знон куы фехъуыста, Заретæ Таджикистанмæ йæ мадыхомæ цæрынмæ ацыд, зæгъгæ, уæд йæхицæн иу ран бынат нал ардта. Ныр дæр мæнæ йе 'мбæлтты сусæгæй йæхи æмдзæрæнæй уымæн райста. Лæппу нæ зоны, кæсæндоны цы чиныг райса, уымæй йæ сæры исты бацæуидзæн, уый, фæлæ йæ уæддæр йæ къæхтæ размæ хæссынц. «Ехх, Заретæ, Заретæ, ахæм лæмæгъ цæмæн разындтæ? Дæ райгуырæн Ирыстонæй кæйдæр хахуыр ныхæсты тыххæй цæмæн фæлыгъдтæ?» – йæхинымæр куыд дзырдта, афтæ æвиппайды йæхи кæуылдæр скъуырдта.

– Лæппу, фынæй бадæ, æви дзы сæумæрайсом сыкъадзæф фæдæ?

– Бахатыр кæн... Мæ хъуыдыты адзæгъæл дæн... – йæхи раст кæнынмæ фæци Таймураз.

Хуыцаубон уыд, æмæ кæсæндоны бирæ адæм нæ разынд. Студенттæн та, æвæццæгæн, сæ фылдæр хъæутæм аивгъуыдтой. Таймуразы дæр бæргæ фæндыд йæ мады бабæрæг кæнын, фæлæ тарсти, уый йын йæ зæрдæйыуаг куы бамбара æмæ та йæ, цы дыл æрцыди, зæгъгæ, фæрсынтыл куы схæца, уымæй.

Лæппу райста Къостайы уацмысты томтæй иу æмæ йæ рафæлдæхта. Уайтагъд йæ цæстытæ ацахстой Цæлыккаты Аннæйы

портрет, æмæ йæ зæрдыл æрбалæууыд, кæддæр ын музейы Заретæйы йемæ куыд барста, уый. «Æцæгдæр сæм цыдæр иудзинад ис», – ахъуыды та кодта мæнæ ныр дæр, портретмæ кæсгæйæ. «Заретæйæн мæм йæ хуызист уæддæр куы баззадаид!» – Таймураз арф ныуулæфыд. Скъола каст куы фесты, уæд сын сæ къласты къамтæ хицæнтæй куы нæ систаиккой, уæд æм иумæйаг хуызист уæддæр уаид ныр.

– Сæ цæстытæ æмæ се ‘рфгуытæ бынтондæр иухуызон сты, – сабыргай дзуры Таймураз, – ноджы ма сæ сæ цæсгомы æвæрд дæр иу кæны, æрмæст Заретæ æрыгондæр цыма у.

– Къоста æмæ Аннæ нæ баиу сты, мах дæр, æвæццæгæн, Заретæимæ... – йæ хъуыды фескъуыд – хорзау нал фæци: йæхи Къостаимæ куыд абарста?

Уæлдай тынгдæр ныффæстиат уыцы бон Таймураз кæсæндоны. Куы иу чиныг райсы, куы – иннæ, фæлæ дзы–иу цы бакасти, уымæй фыццагау йæ сæрмæ ницы цыдис. Цалдæр хатты йæм фæзынди æмдзæрæнмæ ацæуыны зонд дæр, фæлæ та-иу йæ зæрдыл куы æрбалæууыд, йе ’мбæлтты цур æй йæхи хъæлдзæгæй æвдисын кæй хъæудзæн, уый, уæд та-иу йæ фæндон аивта. «Афонмæ Мурат æмæ Зауырбег дис кæнынц, цы фæдæн, зæгъгæ», – фегуырд йæ сæры æмæ сагъæсыл фæци, цы’фсон сын скæндзæн, ууыл. «Цæй, зæгъдзынæн, мæ хæстæг Ханиффæмæ уыдтæн, зæгъгæ»...

Куыддæр сæ уаты дуарæй бакаст, афтæ йæ бустæхуызæй афарста Мурат:

– Кæм фесæфтæ, кæм? Мах дæ Зауырбегимæ кæм нæ бацагуырдтам, ахæм ран куы нæуал баззад.

– Мæ хæстæг Ханиффæйы абæрæг кодтон, – загъта, æмæ йæ фæлывд ныхасæй йæхæдæг фефсæрмы.

– Кæдæй нырмæ сиузæрдион дæ Ханиффæйыл? – бадис кодта Мурат. – Æви хъæуæй куы ссыдтæ, уæд дыл куыд сæмбæлди, уый дæ ферох ис?

Зауырбег ныхас иннæрдæм аивта:

– Æфсæн фæндаджы та рæстæгмæ кусджытæ хъæуы. Хорз уаид, нæхицæн та иучысыл æхца куы акусиккам, уæд. Муратимæ ахсæв уырдæм ацæуын сфæнд кодтам, ды та цы зæгъдзынæ?

– Æз дæр – уемæ, – уайтагъд сразы Таймураз.

Уымæн уæлдай æхсызгондæр фæци, уыдон æй, кæм уыдтæ,

зæгъгæ, ногæй рафæрс-бафæрс кæнынил кæй не схæцыдисты, уый æмæ йæхи цæттæ кæнын райдыдта. Лæппутæй алчидæр йæ уæлæ, цауддæр дарæсæй йын цы уыдис, уый куы скодта, уæд æмдзæрæнæй хъуызæгау рацыдысты æмæ сæ ных сарæзтой вагзалырдæм. Сæ амондæн, уыцы рæстæг уынджы сæ размæ сæ зонгæтæй ничи фæци. Таймуразæй исдуг æрбайрох сты, боны дæргъы йæхицæн иуран бынат цы сагъæстæй нæ ардта, уыдон. «Цымæ та ‘взалы калдзыстæм, æви нын æндæр исты куыст ратдзысты?» – цæугæ-цæуыны фарста йæхи. Æниу, разы уыд цавæрфæнды куыстыл дæр, æрмæст сын хорз бафидæнт, æмæ кæд зымæгмæ йæхицæн исты хъарм дзаума балхæнид.

Ацы хатт вагæттæй агуыридур æвдæлон кодтой. Таймуразмæ фыццаг уыцы куыст зын нæ фæкасти æмæ архайдта цалдæр дуры иумæ исыныл, фæлæ куыд фæстæмæ къухæй, уæхскæй риссын байдыдтой.

– Дæхи цæуыл марыс? – бауайдзæф ын кодта Зауырбег. – Æртæ дурæй фылдæр цæмæн исыс? Гæппæй дугъ нæй.

Суанг райсомы æхсæз сахатмæ фæкуыстой. Æртæйæ дæр фыр фæлладæй цудын байдыдтой æмæ уал иуварс бандоныл бадгæйæ баззадысты.

– Уæдæ, æвæдза, лæвар куыд ницы ис! – æрæджиау худгæйæ сдзырдта Зауырбег æмæ йе ‘мбæлтты дыууæрдыгæй йæ даргъ цæнгтæй æрбахъæбыс кодта.

Æхцайы коймæ Мурат сонтæй афарста:

– Цымæ нын кæд бафиддзысты?

– Къуырийы кæрон, дам, – загъта Зауырбег. – Нырма сæм æхца нæма ис...

Æмдзæрæны къæлидоры сæ размæ фæци Дзирæ. Чызг сæ чъизи дарæсы куы ауыдта, уæд йæ сæр ныттылдта:

– Æвæццæгæн æй базонын æнхъæл нæ уыдыстут, дысон та кæмдæр уæ хид къоппайæ куыд калдтат, уый.

– Хæйрæг дæ æмæ хæйрæг, – схудт Зауырбег. – Ды цы нæ базонай, ахæмæй исты ис хуры бын?

– Уæдæ ма мæ курсы комсорг цæмæн хонынц? – бахудт Дзирæ дæр. – Лекцитæм нæ байрæджы кæндзыстут?

– Уымæй ма тæрс, – загъта Зауырбег. – Ныртæккæ нæхимæ базилдзыстæм æмæ уæм афойнадыл фæзындзыстæм.

– Кæд тынг бафæлладыстут? – тæригъæдгæнгæйæ Дзирæ Муратырдæм бакаст.

Уый фæсырх.

– Ницы нын у, – йæ къух ауыгъта Зауырбег. – Куыдз йедæй... фæлладæй нæ мæлы...

– Уæд та фыццаг лекцимæ ма ‘рбацæут, – ногæй та тæригъæдгæнæгау сдзырдта чызг.

– Цы? – бахудти йæм Зауырбег. – Æмæ махыл дæр, Болаты хуызæн, «уазæджы» ном куыд сбада, афтæ?...

Æцæгдæр, Болат институты куы фæзыны, уæд Дзирæ хъазæгау фæкæны:

– Уазæг, буц уазæг та нæм фæзынди!

Иууылдæр æй фæсауонмæ «уазæг» хонын байдыдтой. Болат раздæр мæсты кодта, фæлæ йыл куыд фæстæмæ сахуыр æмæ йæ ницæмæуал дардта. Хатгай ма-иу йæхæдæг дæр дуарæй худгæйæ æрбадзырдта:

– Уазæг нæ уадзут?

Болат архайдта чызджытимæ ногæй бахæлар уæвыныл: кæмæн дзы киномæ билет иста, кæмæн дзы артистты къамтæ лæвар кодта, арæхдæр Кадочниковы уон. «Æвæццæгæн, бакастæй йæ уый æнгæс кæй хонынц, уымæн», – сæ кæрæдзийæн-иу худгæйæ дзырдтой лæппутæ.

Фæлæ йæм чызджытæ фыццаджы цæстæй нал акастысты, уæлдайдæр, Заретæйы хабар куы фехъуыстой, уæд...

* * *

Æвдæм ноябры диссаджы хорз бон скодта. Арвыл иу мигъы къуымбил дæр нæ уыд. Хурмæ хæхты цъуппытæ цæхæр калдтой. Студенттæ æмхуызонæй демонстрацимæ рацыдысты.

– Абон нæ уазæг дæр нæ байрæджы кодта, – Болатырдæм ацамонгæйæ, загъта Дзирæ, æмæ иууылдæр ныххудтысты.

Таймураз, Мурат æмæ Зауырбег цыдысты фæрсæй-фæрстæм. Уыдонмæ дæр иннæты хуызæн уыдис гæххæттæй конд дидинджытæ. Проспекты дыууæрдыгæй лæууыдысты адæм æмæ сæм худгæйæ сæ къухтæ тылдтой. Уæле сæм гом рудзгуытæй цымыдисхуызæй кастысты цæрджытæ æмæ сын уыдон дæр, стырæйчысылæй, салам лæвæрдтой.

Æмдзæрæнмæ куыд рацæйцыдысты, афтæ сæ Зæриффæ Церетелийы уынджы фæурæдта. Йæ цæстæнгасæй бæрæг уыд, цыдæр ахсджиаг хабар сын кæй фехъусын кæндзæн, уый.

– Знон Сталинабадæй писмо райстон, – цæмæндæр сусæг

хъæлæсæй сдзырдта чызг, стæй уæд йæ алывæрстæм аракæсбакæс кодта, цыма йæ цæуджытæй исчи куы фехъуса, уымæй тарсти, уыйау.

– Заретæйæ?! – æвиппайды сирвæзти Таймуразы дзыхæй.

Æгæр хъæрæй йæ кæй афарста, уый тыххæй йæм чызг фыццаг йæхи фæтар кодта, фæлæ хорзау кæй нал фæци, уый куы бафиппайдта, уæд ын йæ фарстæн фарстæй дзуапп радта:

– Уæдæ мæм Заретæйæ уæлдай Таджикистанæй чи хъуамæ ныффысса?

– Æмæ куыд цæуынц йæ хъуыддæгтæ? – ацы хатт æй афарста Мурат дæр.

– Уым дæр та медучилищæйы ахуыр кæны. Мæ хæстæджытæ, дам, мыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцынц, фæлæ, дам, уæддæр Ирыстон фæмысын... Мæ мады...

Зæриффæйæн æваст йæ кæуын йæ хъуыры абадт, æмæ йæ ныхас æрдæгыл фескъуыди. Фæлæ та чысыл фæстæдæр фæдзырдхъом:

– Сымахмæ дæр саламтæ ‘рвиты... Æрмæст мæ куры, цæмæй йын йæ адрис макæмæн радтон...

Таймураз куы фехъуыста, сымахмæ дæр саламтæ ‘рвиты, зæгъгæ, уæд фырцинæй йæ зæрдæйы гуыпп-гуыпп ссыд.

– Хорз æмæ йæ ахуырæй нæ фæкъуылымпы ис. Дзуапп æм куы фыссай, уæд ын-иу махæй дæр зæрдиаг салам раттын ма ферох кæн, – бафæдзæхста йын Мурат.

* * *

Таймураз æмæ Зауырбег сæхи цæттæ кодтой студентты наукон конференцимæ. Таймураз равзæрста темæ «Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстады бастдзинад ирон фольклоримæ», Зауырбег та – «Къостайы лирикон æмдзæвгæты æвзаг». Болат дæр сфæнд кодта, Къостайы сфæлдыстадимæ баст чи уыдаид, ахæм темæ равзарын. Ахуыргæнæг ын дзырдта, фæлтау æндæр истæуыл бакус, зæгъгæ, фæлæ йæм Болат нæ байхъуыста.

– Мæнæн дунейыл Къостайæ зынаргъдæр поэт нæй, æмæ хъуамæ мæ ныхасы сæр дæр уый уа! – фидарæй загъта, æмæ ахуыргæнæг дæр æнæбары йемæ сразы.

Болат кæуылты ахæцыд: «Къостайы ахадындзинад ирон литературæйы». Æмæ никæй уырнындта, исты йын бантыса нывыл ныффыссын, уый.

Муратæн та сæ факультеты бахæс кодтой Хъобаны культурæйы тыххæй радзурын, æмæ уый библиотекæмæ нæ цыд семæ, фæлæ наукон-иртасæн институты архивмæ. Йæ куыстæн ын разамынд лæвæрдта зындгонд профессор Скитский.

Таймураз базонгæ ис, поэты сфæлдыстад цы уацты 'взæрст цыдис, уыдонимæ, фæлæ бирæ рæстæг, йæ хъуыдытæ цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта. Лæппу тарсти, йæ куыст искæмæйты рафыста, зæгъгæ, дзы куы зæгъой, уымæй. «Фыццаг хъуыдыйад зæрдæмæдзæугæ куы ныффыссин, уæд мын бæлвырд фенцондæр уаид», – хъуыды-иу кодта, кæсæндонмæ цæугæйæ.

«Къоста у, ирон лæг цæрæнбонты йæ сæр бæрзонд кæмæй хæсдзæн, æцæг ахæм адæмон поэт», – æппын фæстаг ныффыста æмæ дисы бацыд, ныры онг уыцы хуымæтæг хъуыдыйыл куыд нæ фæхæст, ууыл. Дарддæр ын, æцæгдæр, кусын фенцондæр.

Сабаты лæппутæ сфæнд кодтой сæхимæ хъæумæ ацæуын. Мурат æмæ Зауырбег сæ докладтæ семæ рахастой, хъæуы дæр сыл бакусдзыстæм, зæгъгæ, фæлæ йæ Таймураз зыдта, сæхимæ йæ уымæ кæй нæ равдæлдзæн, уый æмæ йæ 'мдзæрæны ныууагъта.

Хуыцаубоны изæрæй куы сыздæхтысты, уæд Таймураз йæ доклад нал ссардта.

– Кæд æй æфснайæг æндæр искуы сæвæрдта, – Таймураз куыд тыхсы, уый уынгæйæ, сдзырдта Мурат æмæ агъуысты къуымтыл зилæг сси. Суанг ма сынтæджыты бынтæм дæр бакасти, фæлæ дзы йæ цæст ницæуыл æрхæцыди.

– Кæд æй дæ чумæданы нывæрдтай? – дызæрдыггæнгæ йæ бафарста Зауырбег.

– Нæ. Стъолыл мын баззад, – фидарæй загъта Таймураз.

– Уæдæ ма нæм чи 'рбацыдаид?

Чысыл фæстæдæр сын Мурат фехъусын кодта:

– Чызджытæ зæгъынц, зæгъгæ, райсомæй, дам, Болат нæ уатæй рахызт. Уый йæ амырхтаид!

– Æмæ йæ цæмæн бахъуыд? – бадис кодта Таймураз.

– Истытæ дзы слуха йæхицæн цæттæ фæллæйттæй!

Болат та лекцитæм куы нæ фæзына, уымæй тæссаг уыд. Фæлæ йæ лæппутæ аудиторийы баййæфтой. Болат та чызджытæн æппæлæн ныхæстæ кодта:

– Ацы райсом диссаджы рæсугъд дæ!

– Дæ ног къаба дыл цы хорз фидауы!

– Исчи дæ куы аскъæфа, уымæй нæ тæрсыс?

Чызджытæ йын худгæйæ дзуапп лæвæрдтой:

– Чи мæ скъæфы? Исчи йæ хæдзар халы?

– Знон, дам, æмдзæрæны уыдтæ, – Болаты цур æрлæууыд Зауырбег. – Æмæ дæ, цымæ, Таймуразы доклад чердæм бахъуыд?

Болат йе 'рфгуытæ бæрзонд систа.

– Цавæр доклад?! Мæн дзы цæмæн фæрсыс? Æз стъолыл ницы федтон, – цæхгæр алыг кодта Болат.

– Ныууадз æй, – Зауырбеджы цонгмæ февнæлдта Таймураз. – Уæддæр дын ницæуыл басæтдзæн...

– Æмæ хъуамæ цæуыл басæттон? Дæ сæрæн мацы зон, афтæмæй дыл тугтæ мысæнт...

Фæлæ дзы студенттæ иуварс кæй азылдысты, уымæй бæрæг уыд: йæ ныхæстыл ын ничи бауæндыд...

Уыдзæн ма

*КАСАТЫ Батрадз*

# ИВЫ РÆСТÆГ

## ЗАРÆГ МАМСЫРАТЫ ХАДЖУМАРЫЛ

Нæ инæлар, нæ намысджын, нæ фæтæг,
Нæ Иры дзыхъхъæй райдыдта дæ балц,
Дæ сусæг архайд нæ, нæ уыд хуымæтæг,
Уæлахизхæссæг басгуыхти дæ арц.

Зæххы фарн дын хъæбатыры ныфс радта,
Æнæфæцудгæ размæ уыд дæ цыд.
Дæ фæтæн риу хæрзиуджытæй ыскалдта
Тæмæнтæ, дардыл айхъуысти дæ цыт.

Дæ ныййарæг та Уæлгинскæйы хъæуы,
Уæ ныллæг хæдзар-иувæрсыджы бын,
Кæсдзæн æнхъæлмæ, хорзæх æй нæ хъæуы,
Æрмæст ын ды сæрæгасæй фæзын.

Зæйы рацыд куыд æгъатыр у хохы,
Уыдтæ ды афтæ де знæгтæн зындон.
Сæрæн митæ бæсты сæрвæлтау тохы
Нæ рауыдзысты тагъд рæстæг æргом.

Рæстæг æрцæудзæн, ивдзæн дуджы дуг,
Кæй нæма зонæм, уыцы хорз хабæрттæ
Зæгъдзысты кæстæртæ, ысхъаздзæни сæ туг,
Фæйлаудзæни сын царды ныфс сæ тæрттæ.

Æмгæртты цæджындз, Уæлгинскæйы фæзты
Дæ къæхты фæдты дидинджытæ ‘рзад,
Хуымæллæджы дон зарыди дæ фæстæ,
Æнæ дæу кодтой хъæубæстæ æнкъард.

Испани дыл дзæнгæрджытæ цæгъддзысты,
Кæндзысты дын дæ рухс номæн табу,
Дæ уæлахизтыл чингуытæ фысдзысты,
Дæ цардвæндаг æхсарджыны фæд у.

## РИММА КАЗАКОВАЙÆ

*Поэт Уæрæсейы бæрзонддæр у поэтæй.*
***Евг. Евтушенко***

* * *

Поэт Уæрæсейы ныллæгдæр у поэтæй,
Уый рабæрæг фæстæдæр азты фендæй.
Нæ хъæуæм мах политикæйы скойы,
Æмæ ноджы:
Æмдзæвгæ нал сæтты нæ зæрдæйæн йæ дойны.
Цæмæн фыссын нырмæ?
Æмæ цæмæн ивазын
Æд æмдзæвгæ мæхи хæрдмæ?
Æвæццæгæн, цæмæй
Æз хъуамæ ног дунейы зонон:
Кадæн дзы йæ кой, йæ хъæр дæр нæй,
Фæлæ дзы рохуат дæр кæй нæй.
Дзырд баззайы хуымæтæджы дзырдæй,
Поэтæн та Уæрæсейы
Поэты аргъ дæр нæй.

* * *

Зæрдæхæлар, ныфсы бæллицтæ
Кæд уыдзысты сæ сæр нæ куыстæн?
Фыдæлтæй хъал кæдмæ уыдзыстæм?
Зынг фатау дзырд æргом рæхуыстæн
Нæ разæй мах кæдмæ хæсдзыстæм?
«Мæлæм, мæлæм» кæдмæ кæндзыстæм?
Кæддæр, дам, иу тар æхсæв адæм
Сæ тыхстæй «талынг, талынг» кодтой,

Ыстæй сæ алчидæр
Чысыл мыдадзын цырагъ
Йæ тар удæй
Бæрзондмæ судзгæ систа,
Æмæ ныррухс и бонау бæстæ.
Фæйнæ дзырды уæддæр зæгъæм иронау.

* * *

Ивы рæстæг,
Дуг дæр ивы
Донивылдау
Абухгæ цыдæй,
Ихкъæвдайæ,
Уадтымыгъæй,
Карз уавæртæй,
Карз тухитæй,
Кæм рыстæй,
Кæм та рæстæй.
Ивы цард
Йæ карз цыдæй.
Гъе, æрмæст,
Лæгау, нæ ивы
Никæд
Удварнæй цæрæг.

* * *

Æууæнкхортæ иугай – нæ дзыллæты ‘хсæн
Кæрæдзиуыл фидар – фыдбылыз хæссæн.
Мæ фæйнæфарс афтæ ысиу вæййынц, афтæ,
‘Мæ нал хатын хатгай, æлгъыст кæм и, арфæ.

* * *

Мæ хæрзтæ адæмыл фæуæрстон,
Нæ кодтон, никæмæ, хæлæг.
Зæрдæйы арфæй йæ æмбæрстон,
Кæй вæййы хины æмхиц лæг.

Фæлæ йæхи хæрынмæ ‘рцæуа,
Йæхицæй дома иннæтæй фылдæр,
Æгъдау, æфсарм, æвзаг нæ зона,
Йæ сæрызонд нæ ахста уый уæддæр.
Æмæ мын, цыма, искуы рагъыл
Дæлимонтæ ыскодтой арт –
Сæ хъæр-хъæлæба хъуысы дардыл,
Йæ сой цæхæр сыл калы цард.
Хæрынц кæрæдзи, бинонтæй, сыхагæй,
Æмгарæн ма кæм кæнынц аргъ?!
Нæу рахизын сæ бон сæ конд, сæ уагæй...
Æнæ базыр куыд тæха маргъ?!.

## УАЛДЗЫГОН РАВГ

Уалдзæг фырцинæй,
Фырдиссагæй
Рухс арвмæ
Тоны йæ бæттæнтæ.
Афæлдæхт дидинæг –
Дун-дуне,
Байгом йæ хæрздæфæй
Риуы дуар.
Галбындз, гæлæбу, дзынгайæ,
Ийуылдæр –
Гъери-гъа! –
Бахизой хъуамæ
Дидины мыдæйдзаг
Арф къускмæ.
Алчи сæ ратæхы райгондæй,
Сойæвдылд – дидины амондæй,
Батавы хурмæ йæ базыртæ.
Гъе ‘рмæст мыдыбындз,
Дæллаг галау,
Кусы, нæ зоны æрæнцайын,
Иу ранмæ мургай
Æвæллайгæ

Скъæфы ‘мæ скъæфы
Хæрзад фæллой.
Удыхос ратæдзы,
Ратæдзы алы бон,
Ратæдзы махæн йæ фыргуыстæй.

* * *

Фæндон амондæй
Арфæгонд нæ фæдæ,
Æвæлмон цардæй
Никуы рад дæ зæрдæ.
Æмбалы мастæн
Рухс нывæндтæ кодтай,
Æнахуыр уарзтæй
Сонт митæ нæ домдтай.
Тæхгæ стъалыйæ
Арвгæрæтты тахтæ,
Дæ фæд уадзгæйæ
Æхсæвы фыдтары.
Йæхи цæхæрæй
Зæрдæ рухс фæдары.
Ыссудзын уарзтæн
Никуы у æрæджы, –
У цард цымыдисаг
Йæ руаджы.

## ФÆЛМÆН АХОРÆНТÆ

Бæгъæввадæй,
Æрвхуыз тæнæг къабайы
Дæ уæрыччыты хизæн фæзмæ здæхтай.
Дæ гом цæнгтæ, бæрзтасаг уистау,
Тылдтой сæхи нæ фидæнмæ,
Нæ абонмæ тылдтой...
Мæйрухсхуызæй
Дæ цæстыты рухс ивылд æмæ ивылд,
Æмæ фæлмæнæй н’ алыварс цы уыд, –

Æмбæрзта се ‘ппæты
Йæ урс ахорæн фæлмæй.
Уæнгрог буары æвæлмон уд
Дæ урс уæрыккау кафыд.
Уыд дуне алцæмæй хæрзуд.
Сыгъдæг, фæлмæн уæлдæфы дардмæ,
Бæрзонд ыскæсæнмæ, зындис
Фæндагамонæг урс къаба-æхсæрдзæн,
Æмæ йæм мах
Уæлæрвты тæхæгау тæхæм.

* * *

Æхцайы дуне –
Згæхæрд æмæ удхор –
Сæрæй къæхтæм,
Æгъатырæй ныхъуыры
Нæ лæгдзинад, нæ æгъдау
Æмæ не ‘фсарм.
Уый сабийæн
Æрцауындзæг йæ хъуырыл,
Ызгæхæрдау ыл баныхæст,
Ныффидар.
Кæны парахат не ‘хсæн,
Æмæ йын кувæм æмæ кувæм,
Йæ ныхмæ иу дзырды хъом не ‘стæм.
Хæссæм ызгæхæрд æфсондз не ’ккой,
Нæ фидæн та – æбæрæг æмæ афтид.
Нæ хины мах куы бафæлварæм йе ‘ской, –
Ныххурх нæ кæны пъæззыйы уæззау уæз.
Æхцайы дуг –
Ызгæхæрд æмæ удхар.

## ДЗÆУДЖЫХЪÆУ

Мады-хохы дæлбазыр кæддæр
Иу ирон лæг равзæрста цæрынæн.
Терчы былнæ уыд бынат хуыздæр
Фидæн бонтæн амæлттæ кæнынæн.

Терчы зарæг уаз бынат рæвдауы,
Нуазы уый ыстъалыты цæхæр,
Рухс тынтæ йыл арвы риуæй уары, –
Ехх, тæхуды, ам дæ фаг фæцæр!

Хохаг лæджы равзаргæ бынат
Фидæн цардæн байгом кодта развæд,
Размæ цыд уæрæхгæнгæ хъæууат, –
Дзæуджыхъæуæй Иры горæт равзæрд.

Ныр хæссы дыууæ номы фæрнæй,
Алы адæм ам цæрынц хæларæй.
Дзæуджыхъæуæй адджындæр ран нæй,
Горæтты хуыздæртыл æй куы барай.

* * *

*Мæ чысыл хуртæ Томæ æмæ Давидæн*

О мæхи бæдул, мæ саби,
Арвыл иу мигъы къæм нал и,
Хур нæм ивазы йæ тынтæ,
Уый фæсурдзæни нæ рынтæ.

Арвыл арвы айдæн хъазы,
Мах дæуимæ иумæ уарзы,
Алы диссæгтæ нын дардæй
Уый æвдисдзæни хæларæй.

Ракæс, ракæс, хур, зынг цæстæй,
Батав мах удтæ æххæстæй!
Арвыл иунæг мигъ дæр ма уæд, –
Амонд ныл къæвдайау уарæд!

*СИТОХАТЫ Саламджери*

# ЮМОРИСТОН РАДЗЫРДТÆ

## ÆВЗАГ

Иуизæр Хъазантемыр куыстæй сæхимæ куы ‘рбаздæхт, уæд сæ дуармæ йæ мад Ануси æмæ сыхаг ус Дыдзырухсы хылгæнгæ æрбайййæфта.

– Цы хабар у? Цы уыл æрцыди? – дисхуызæй бафарста Хъазантемыр.

Уæд Ануси афтæ:

– Уæлæ нын Мухадзыр нæ мыды къæм ныппæрста.

– Æмæ стыр къæм у? Тыхсгæ ма кæнут. Нæ арæзтадон управленийы ахæм уæззæуттæисæн кърaн ис, æмæ йæ уымæй мах дзырды бæрцмæ фæуæле кæндзыстæм. Цалдæргай тоннæтæ арæзтадон æрмæг фарæстæм уæладзыгмæ чи сисы, уый уыцы къæм мыдæй нæ сæппардзæн? – дзырдта Хъазантемыр, стыр акъацийы бын цы даргъ бандон уыд, ууыл йæхи æруадзгæйæ.

Дыууæ усы фæндыди сæ хъаст Хъазантемырæн ракæнын. Фæндыди лæппуйы дæр, рагæй хæларæй чи царди, уыцы дыууæ усы цæуыл фæбыцæу сты, уый базонын. Иу хатт ма сыл ахаста йæ цæстæнгас. Мадæн йæ къухы уыд гогызы цъиу, йæ къах фæрсчытимæ баст.

– Тæригъæдæй мары, – загъта Ануси, иннæты фæстæ баззайы. Уартæ йæ фаллаг тигъæй æрбахастон.

– Уæлæ нæ сыхаг дывзагон Мухадзыр, дам, сымахæн афтæ дзырдта, уæ гогызы

цъиуы къах, дам, нæ лæг асаста, сæ кæртмæ, дам, куы бауадысты, уæд. Афтæмæй уый нæхимæ дæр нæй ныр дыккаг къуыри. Хохмæ хоскæрдынмæ ацыд колхозæн, – дзырдта Дыдзырухс бандоны кæрон æрбадгæйæ. – Ма æууæндут уыцы дывзагон Мухадзырыл. Æмæ æниу сымахæй ницытæ фæдзуры, æнхъæлут.

– Цы, уæддæр? – гогызы цъиу зæххыл æрæвæргæйæ сонт фарст акодта Ануси æмæ хæстæгдæр бауади Дыдзырухсмæ. Дыдзырухс исдуг ницы дзырдта, аджих, цыма, кæцæй райдайа, ууыл хъуыды кодта, уыйау. Ануси æдзынæг касти Дыдзырухсы былтæм, исты куы сдзура æмæ йæ дзæбæх куы нæ айхъуса, уымæй тæрсгæйæ. Суанг ма йæ сæрбæттæныл дæр уæлæмæ схæцыд, хъустæ куыд байгом уыдаиккой, афтæ.

– Айфыццаг Мухадзыр мæнæн та афтæ дзырдта, Хъазантемыр, дам, йæхи хъарутæй нæ сарæзта уыцы хæдзар. Дуртæ æмæ, дам, фæйнæджытæ, кæм кусы, уырдыгæй æрбакалдта. Уæдæ, дам, уым прорабæй дзæгъæлы кусы! Æз та йын афтæ загътон, Хъазантемыр раст адæймаг у. Йæ къухвæллойæ цæры.

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ Хъазантемыр хæрдмæ фæхауд, цыма йыл исчи бедрайы дзаг уазал дон басæххæтт кодта.

– Ахæм дывзагон у Мухадзыр. Тæхуды, æмæ йын йе 'взаг исчи куы ралыг кæнид. Сыхæгты иу æмæ дыууæ хатты нæ ауайын кодта æддæг-мидæг. Дзыбайы фыртæн дæр йæ хъуыддаг фæцæйфæлдæхта. Цы чызджы куырдта, уый мадмæ фæцыд Уырыхъæумæ æмæ йын афтæ, лæппуйы сæрыл, дам, хъуын нæй, парик, дам, дары. Чызг нал разы кодта. Ныры чызджыты нæ зонут, даргъ сæрыхъуынджын лæппуты уарзынц. Лæппуйы хъустыл æрцыдисты уыцы мысæггаг ныхæстæ. Уыцы бон фæраст чызджы хæдзармæ æмæ сын загъта:

– Ракæнут, уæ хъæуы домбайдæр чи у, уыдоны æмæ схæцæнт мæ сæры цармыл, кæддæра йæ стониккой.

Уæд бинонтæ бамбæрстой, Мухадзыры ныхæстæ мæнг кæй уыдысты, уый. Схъæр æй кодтой лæппуйæн дæр. Æмæ уый дæр дывзагоны чындзхастæй куы ратæрид. Уымæн йе 'взаг лыггæнинаг у.

Уыцы ныхæстæм хъусгæйæ Хъазантемыр куыддæр фæджих, стæй йæ пинджачы дзыппæй систа цыдæр гæххæтты тыхтæй æмæ йæ æрæвæрдта бандоныл.

– Уæдæ цин кæн. Дыдзырухс. Мухадзыры æвзаг мæнæ ис, – æмæ райхæлдта гæххæтт.

Дыууæ усы æцæгæйдæр ауыдтой æвзаг. Не ‘ууæндыдысты сæ цæстытыл.

– Ныртæккæ мыл уæлæ тигъыл фембæлд. Уый дæр куыстæй æрбацæйцыд. Йæ дæндагыл хæцыд, риссы, лам, змæлгæ дæр, дам, кæны. Æмæ йæ дзых куы бахæлиу кæнид. Дæндаг мæм æвдыста. Уæд æз дæр айтæ-уыйтæ нал фæкодтон, аивæй дзыппæй хæрынкъа фелвæстон, æвзаг ацахстон æмæ йæ атæхын кодтон.

– Дæ цæрæнбон бирæ, Хъазантемыр! Гъеныр-иу адæмы кæрæдзиуыл ардауæд! – фырцинæй йæхицæн бынат нал ардта Дыдзырухс.

– Кæс-ма, амæ, искæй къухæй цæхæр змæнтын уарзы! Мæ фырты мын куы бафхæрой, уæд ды та дæхицæн æнцад бад-дзынæ? Сау бонтæ! Цы бакуыстай, – карк æргæвдын куы нæ фæкомыс, тæригъæд ын куы фæкæныс, уæд ныр?!.

– Адæймаг куы смæсты уа, уæд цы нæ кæны, – загъта Дыдзырухс.

– Афтæ йын хъуыдис. Ныр дзæгъæлдзырд нал кæндзæн. Цон, æз тилифонæй адзурон кинотеатрмæ, кæддæра дзы изæры цы киноныв æвдисдзысты, – æмæ сыхæгтæм фæраст.

– Нæ лæппу, кинотæ йедтимæ ма дæ зæрдæ бæгуы нæ дзуры! Дæу бынаты æндæр исчи сагъæс кæнид! – адзырдта Хъазантемыры фæдыл мад. Уыцы рæстæг Дыдзырухс бæласæй къалиу расаста æмæ æвзаг иннæрдæм афæлдæхта:

– Дæлæ цы цъæххъулон у! Æвæццæгæн, æй Хъазантемыр æгæр æрæлхъывта, æмæ...

Уыцы афон цымыдис Басурхан дæлæсыхæй сцæйцыд дуканимæ. Бауад устыты цурмæ. Дыдзырухс ын ракодта хабар. Æндæр ма цы хъуыди Басурханы:

– Сау бонтæ, мæнæ цытæ фехъуыстон! – сдзырдта дисгæнгæ æмæ атындзыдта уæлæмæ уынгты.

Иурæстæг Ануситы гæды хæдзарæй рауад. Йæхи дыууæ усы къæхтыл асæрфтытæ кодта хуыр-хуыргæнгæ, стæй бандонмæ сгæпп кодта æмæ æвзагмæ куы фæлæбурид! Аскъæфта йæ кæртмæ, уырдыгæй – цæхæрадонмæ.

– Гæды æвзаг аскъæфта! Бабын стæм, мыййаг, æй куы агурой, уæд!.. – нырдиаг кодта Ануси.

Дыууæ усы гæдыйы фæдыл азгъордтой. Фæцагуырдтой йæ нартхоры, картофы хуымты, фæлæ гæды фæдæлдзæх. Цы ма кодтаиккой æмæ рацыдысты фæстæмæ. Уæдмæ æрбацыд Хъазантемыр дæр.

– Нæ быныхъæр ацыд, нæ лæппу! Гæды Мухадзыры æвзаг цæхæрадонмæ аскъæфта! – æрдиаггæнгæ дзырдта Ануси.

– Уадз æмæ йæ ахæсса. Æз дæр æй уымæн æрхастон, – стæй йæ хъæлæсы дзаг ныххудти фырт. – Уый роды æвзаг уыди. Уæлæ фермæйы иу род фæхæдмæл и, æмæ йын йе 'взаг рахастон нæ гæдыйæн.

Уыцы ныхæстыл нæ бауужндыд Дыдзырухс. Хабар ракодта сыхы устытæн. Уæдæ цымыдис Басурхан дæр æнцад нæ бадти.

Иудзырдæй, хабар айхъуысти æгас хъæуыл.

Мухадзыры-иу чи федта, уый-иу æм йæхи хæстæг байста. Касти-иу æм аивæй, кæд йæ дзых схæлиу кæнид æмæ фенид, æвзаг ма уым ис, æви нæ. Мухадзыры хъустыл дæр æрцыд хабар. Тынг смæсты Хъазантемырмæ. Æмбæрста, адæм æм цымыдисæй фæкæсынц, уый. Ахæм рæстæг-иу Мухадзыр хъуамæ исты загътаид, дзуринаг-иу æм куы ницы уыдаид, уæддæр. Арæх-иу йæ былтæ дæр асдæрдта, ома, кæсут, ме 'взаг мæ уæлæ ис, зæгъгæ...

## ТУТИ

Сыхæгтæ мæргъты «æрдхорд» хонынц Дзодзыры æмæ, æвæццæгæн, нæ рæдийынц. Цæуæггаг ын куы кодтой, уæддæр адджинæгтæм, дыргътæм кæсгæ дæр нæ фæкодта, фæлæ йæ гыццыл гуккытæ андæгъдысты хъазæн цъиуыл. Нал æй суагъта, цыма йын тæрсгæ кодта, æндæр исчи йæм куы фæлæбура, кæнæ куы атæха, уымæй.

Лæппу йæхи зонынхъом куы фæци, уæд-иу йæ ныййарджыты баййардта:

– Бабызтæ нæм цæуылнæ ис, гогызтæ нæм цæуылнæ ис?

Куыдфæстæмæ йæ домæнтæ кодтой фылдæрæй-фылдæр. Фæзынди сæм бæлæттæ дæр. Фæсурокты-иу йæ рæстæг арæхдæр уыдонимæ æрвыста. Уалынмæ ма сæ мæргътыл бафтыди цицыртæ дæр. Кæртæй-иу уынгмæ хъæлхуызæй куы рацæйцыди нæл цицыр, йæ къæдзилы алыхуызон рæсугъд систæ фæйнæрдæм ныппака кæнгæйæ, уæд-иу æм сыхы цæрджытæ кæсынæй нал æфсæстысты. Цыдæр æмбаргæ уыди. Сыл цицыримæ-иу фæндыры цагъдмæ Дзодзыры алыварс иу-цалдæр зылды æркодтой. Кæд кафгæ нæ кодтой, уæддæр-иу адæм афтæ æнхъæлдтой.

Уæдæ сæ дыргъдон дæр мæргътæ хъуаг нæ уыди. Сауцъиу-

тæн-иу уалдзыгон саразта ахстæттæ æмæ-иу сæ бæлæстыл бафидар кодта. Æмæ мæргътæн æрмæст хæдзæрттæ нæ арæзта, фæлæ ма-иу сын хæринаг дæр рахаста, куы мæнæу, куы еуу...

Дзодзыр мæргътыл æнувыд кæй у, уый зыдта йæ мады æфсымæр Дзибу дæр. Гвинеямæ кусынмæ куы ацыди, уæд ын зæрдæ бавæрдта, уырдыгæй йын фæзмæгой цъиутæ кæй æрбаласдзæн. Дзибу æрбæстон Африкæйы. Бынæттон адæм æй бауарзтой. Зæрдæлхæнæны охыл ын чи цы лæвар кодта, чи цы. Уæлдай фылдæр-иу æм æрæмбырд кокостæ. Кокосты доныл фæцахуыр. Æмæ канд дыргътæй нæ буц кодтой фысымтæ сæ уазæджы. «Амы хур тыхджын у, дæхи дзы хъахъхъæн», – дзырдтой-иу ын йæ ног зонгæтæ. Æмæ-иу сæ фæдзæхст æрмæст хус ныхæстæй нæ ахицæн. Цыбыр рæстæгмæ хирург йæ уаты къулыл æрцауыгъта фондз хъæмпын худы. «Æгъгъæд сæ хæссут, иу сæр йеддæмæ мын нæй», – мидбылтыхудгæйæ-иу загъта Дзибу. Йе 'мкусæг Анури та йын иу бон цыппар фæзмæгой цъиуы æрбахаста, фæскуыст, дам, дæ фатеры æнкъард кæнын нæ уадздзысты. Уыцы лæвæрттæ исгæйæ Дзибуйы зæрдыл æрбалæууыди Дзодзыр. «Адоныл куыд тынг бацин кæндзæн, уый мæ цæстытыл уайы. Фæлæ сæм цыппар азы куыд фенхъæлмæ кæсдзæн? Уæвгæ, мыййаг, искуы отпусчы куы цæуон, уæд»... – Ацы хъуыдытæ йæ дзæвгар рæстæг уæгъд нал уагътой, стæй сæ цалдæр боны фæстæ йæхи атыдта. Хъуыддаг уыдис афтæ. Рынчындоны сæйраг дохтыр ын куыд радзырдта, афтæмæй сыхаг провинцийы фæндæгты департаменты инженерæй кусы кавказаг Шаламов Сулейман. Дзибуйæн уыцы хабар æхсызгон уыди. Æмæ куыннæ! Дард бæстæйы хионæн æмбал нæй. Адæймаг рынчын дæр кæны, исты тæмæлы дæр бахауы æмæ уæд... Иу бон Дзибу фæраст сыхаг провинцимæ. Ссардта уыцы кавказаджы, разынди беслæйнаг. Йæ хо æмæ йе 'фсымæр та цардысты Махачкалайы. Дзибу дæр ын йæхи бацамыдта. Фæцинтæ кодтой кæрæдзиуыл. Сæ хæлардзинад тала бæласау рæзыди бонæйбонмæ. Арæх-иу абæрæг кодтой кæрæдзийы. Иу изæр та Сулейман бахоста Дзибуйы фатеры дуар. Дуар куы байгом, уæд Дзибу фæджих. Сулейманы цæсгом уыди бинтытæй бæстытæ.

– Цы кодтай?! – тарстхуызæй афарста Дзибу.

– Знон ме 'мбалимæ фæраст дæн ног фæндаг кæуылты цæудзæни, уыцы бынæттæ бабæрæг кæнынмæ. Цыдыстæм пыхсыты æмæ æваст тигр нæ размæ куы рагæпп кæнид. Æз хъæбысхæст

фæдæн йемæ. Ме ‘мбал хорз фæцарæхст, йæ сæр ын фæрæты цæгатæй æрцавта. Сырд зæххыл æрфæлдæхти. Автомат дæр нæм уыди, фæлæ... Фæтæригъæд ын кодтам. Йæ лæппынтæ дзæгъæлæй баззадаиккой. Сæ мад куы афæлдæхт, уæд ыл хъиу-хъиугæнгæ амбырд сты. Мах нæхи рæвдз айстам уырдыгæй. Дыккаг бон вертолеты атахтыстæм уыцы бынаты сæрты, фæнды-ди нæ, тигр цы баци, уый базонын. Йæ лæппынтимæ «хъазгæ» йæ куы федтам, уæд нын фенцон». – Сулейман исдуг адзæгъæл йæ хъуыдыты. Стæй афтæ: – Мæ цæсгомы тындтытæ куы фæдзæбæх уой, уæд нæхимæ фæраст уыдзынæн отпусчы.

Дзибуйы цæсгомыл ахъазыди цины уылæн, загъта:

– Цы, уый зоныс? Æнæ мæн фенгæйæ-иу ма фæраст у. Демæ аласдзынæ мæ хойы лæппуйæн, уартæ, уыцы тутиты.

Рацыди мæйы бæрц. Сулейман йæ фæндаг ракодта Дзибу-йыл. Стыр Хуыцауы, Фæндагсар Уастырджийы æмæ Мыкалга-бырты ном ссардтой Сулейманы æмбæстаг нозт – дербентаг коньякæй, стæй сæ фæндаг адардтой аэропортмæ.

Дзодзыр тынг бацин кодта цыппар фæзмæгой цъиуыл. Цин сыл кодтой сыхы сывæллæттæ дæр. Æрбадавтой-иу сын мæнæу, еуу, пырындз... Попугайтæй сæ иу тынг зæрдæргъæвд уыди æвзæгтæ зонынмæ. Дзодзыр ыл сæвæрдта «Арфæ» ном. Иннæ-тыл та «Дзиба», «Бæллиц» æмæ «Дзæбæх». Дзодзыр йæ рæстæг фылдæр æрвыста «Арфæимæ». Уыцы цъиу-иу æртæ, цыппар хатты иу хъуыдыйад куы фехъуыста, уæд-иу æй йæ зæрдыл бадардта.

Дзодзыртæ цардысты горæты иумæйаг кæрты. Сæ сыхаг Какулайы уымы цæрджытæй ничи уарзта. Дзырдæппарæн код-та алкæмæ. Уыимæ арæх бадти къæсæрмæ, уæй-иу кодта куы æхсынæнтæ, куы – чъиутæ. Сыхы сывæллæттæ-иу фæзмæгой цъиуты уынынмæ куы фæцæйцыдысты, уæд-иу сæ арæх аздæх-та фæстæмæ. Æрæджиау дæр ма-иу сæ хъусты зæлыдысты йæ ныхæстæ:

– Цы рабыр-бабыр кæнут! Хæдзæрттæ уын нæй?!

– Мидæмæ бырон цы хæссут! Исты сымах мæрздзыстут кæрт?!

Иуахæмы Дзодзыр базармæ фæраст. Цъиуты ныууагъта сы-хаг лæппутæ Тато æмæ Ацæмæзы бар. Татойы сæры февзæрд иу хъуыды: «Цæй æмæ Какулайæ нæ маст райсæм, цалынмæ Дзо-дзыр нæма ‘рбацыди, уæдмæ. Сахуыр кæнæм Арфæйы мæнæ ахæм ныхæстæ дзурыныл: «Какула, ды хорз ус нæ дæ». Арфæ уай-

тагъд афæзмыдта Татойы. Ацæмæз Арфæмæ ныллæг хъæлæсæй бадзырдта, цæуыл æй сахуыр кодтой, уыцы дзырдтæ. Йæ хæдфæдыл райхъуысти къалатийæ: «Какула, ды хорз ус нæ дæ».

Какула фæйнæрдæм афæлгæсыд. Йæ хуырхæнгæс цъæх цæстыты уæлтъыфæлттæ цыма фæдисæттæ уыдысты, цалдæр хатты фæтъæбæртт кодтой. Йæ тъæпæн фындз афæлурс, æвæццæгæн, мæстæй.

– Уыцы зæронд лæг чи уыди?! Фæсус хъæлæсæй мæм чи дзырдта?! Ам куы ничи ис? Æви мæм царæй æрдзырдта! Мæ кой куынæ кæнид, науæд ыл æз афтæ сабухдзынæн æмæ дзы мæ ном æрбайрох уыдзæни! Стæй мæнæн ме 'цæг ном Уæзданæ у, фæлæ мæ бæрбæргæнджытæ Какула рахуыдтой, æдзух, дам, какула цæгъды, хыл кæны. Мачи мæ хъыгдарæд æмæ уæд сабыр уыдзынæн.

Уыцы рæстæг та Арфæ къалатийæ радзырдта:

– Какула! Ды хорз ус нæ дæ.

– Кæс-ма, уæртæ куы ис! Гæдыйы амæддаг фæу!

Лæппутæ мидæмæ атындзыдтой.

Дзодзыр базарæй куы 'рбаздæхти, уæд æм дзы Какула æрлæвæрдта:

– Дæ гуыбырфындз цъиу мæ фыдкой кодта! Емынæ йæ хурхы нынныхсæд!

– Афтæ ма 'лгъит, Уæзданæ. Уыцы низтæ нæ кæртмæ куы 'рбацæуой, уæд ды дæр æвыдæй нæ баззайдзынæ.

Какула уæнгæлы ад кодта Дзодзырæн дæр. Æмæ тарсти, цъиуæн исты фыдбылыз куы сараза, уымæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ сæм бауайы, куы цы гур, куы цы гур, æмæ йын уæд аивæй маргæйдзаг мæнæуы гагатæ куы баппара къалатимæ. Ахæм рæстæг æм Дзодзыр йæ каст скæны. Скъоламæ цæугæйæ та йæ мад Загъойæн бафæдзæхсы: «Какула нæм куы 'рбацæуа, уæд æм дæ цæст дар».

Иу бон сын сæ дуар бахоста сæ сыхаг лæппу Додти. Ракасти йæм Дзодзыры фыд Сæлæф.

– Уæлæ Цымырзæ куывд кæны, æмæ...

– Цæй тыххæй кæны куывд?

– Афтæ, дам, абадæм, Хуыцаубоны, дам, уæдæ цы куса адæймаг. Хоны æрмæстдæр газет «Рæстдзинад», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф» æмæ «Ногдзау» чи исы, уыдоны. Ирон æвзагыл тынг æнувыд у.

– Афтæ, афтæ. Кæддæр ахуыргæнæгæй куыста, ирон æвзаг æмæ литературæ лæвæрдта. Уый фæстæ йæ сæвæрдтой типографийы директорæй. Æрхъуыдыджын лæг у. Ирондзинад йæ туджы падзахиуæг кæны. Цæмæй дæ афæрсынмæ хъавын... Кæй ранымадтай, уыцы газет æмæ журналтæ мах исæм, фæлæ йæ куынæ бауырна, мыййаг. Мемæ сæ ахæсдзынæн.

– Рахæсс, рахæсс, уæззау хæссинаг куынæ уыдзысты. Æвæццæгæн, фæрсгæ дæр кæндзæн, фæстаг хатт газет «Рæстдзинад»-ы цавæр статья бакаст, зæгъгæ, науæд журналты.

Сæлæф хабар бинонтæн ракодта. Фæстагмæ загъта:

– Табу Хуыцауæн, мах бинонтæй ирон æвзагыл йæ къух ничи систа, фæлæ... Уартæ нæ Кортойы хæдзарæй ирон ныхас никуы райхъуысти. Айфыццаг йæ усмæ хъусын æмæ афтæ, ирон æвзаг, дам, Ставд Дуртæй  дæлдæр никæдæм хъæуы. Кæс-ма уымæ, ныр ыл фондз æмæ æртиссæдз азы цæуы æмæ уый онг дæр никуы ныххæццæ.

Уыцы ныхæстæ фæцагайдтой Дзодзыры. Хъуыдыты афардæг, стæй цæсгом фæрухс и. Дыккаг бон урокты фæстæ сыхаг лæппутимæ йæ фæндаг акодта проспектмæ. Арфæйы дæр ахастой семæ къалатийы. Уалдзыгон хур дзæбæх æндæвта æмæ африкæйаг уазæг йæхи хорз æнкъардта. Йæ хъæлдзæг цъыбар-цъыбурæн кæрон нæ уыди. Дзодзыр йæ фæнд нæ рахъæр кодта йе ‘мбæлттæн, цалынмæ проспектмæ бахæццæ сты, уæдмæ. Æрбадтысты уынджы бандæттæй иуыл. Дзодзыр йæ цæст ахаста Тато æмæ Ацæмæзыл æмæ загъта:

– Нæ ирон æвзаг сæфы. Ирон газеттæ æмæ журналтæ нæ уынджы исынц æрмæстдæр æртæ бинонтæ.

– Мах сæ исæм.

– Мах дæр, – загътой Тато æмæ Ацæмæз.

– Уæдæ афтæ. Мæнæ ам проспекты алы бон дæр фæбады бирæ адæм, сæ фылдæр ирæттæ, афтæмæй кæрæдзимæ уырыссагау фæдзурынц. Уый уæм куыд раст кæсы? Мах сын хъуамæ сæ туг базмæлын кæнæм.

– Куыд? – афарста Тато. – Йæ бур бецыккыл хæрдмæ схæцгæйæ.

– Куыд куы зæгъай, уæд... Арфæйы сахуыр кæнæм мæнæ ахæм дзырдтæ дзурыныл: «Сымах ирæттæ не стут!»

Цасдæр рæстæг бахардз кодтой цъиуы сахуыр кæныныл æмæ райгондæй баззадысты Арфæйæ. Сабыргай араст сты уынджы

уæлæмæ. Иу ран сылгоймæгтыл сæ цæст æрхæцыди. Ирæттæ уыдысты, афтæмæй æртæйæ дæр кæрæдзимæ дзырдтой уырыссагау.

Сæ цурмæ куы ныххæццæ сты, уæд цъиу фæкъæртт:

– Ирæттæ не стут!

Устытæ хорзау нал уыдысты.

– Уый чи дзырдта? Магнитофон уæм ис? – афарста сылгоймæгтæй иу.

– Магнитофон нæм нæй. Мæнæ тути дзуры, – загъта Тато æмæ сæм къалати равдыста.

– Худинаг уын уæд! – Райхъуысти та Арфæйы хъæлæс.

Сылгоймæгтæ фестадысты æмæ атындзыдтой дæлæрдæм. Сæ иу ма фæстæмæ фæкасти æмæ афтæ:

– Мах хуызæттæ ма бирæ куы ис ам, уæд уæ цъиу махмæ цы фæкомкоммæ?

Лæппутæ бацыдысты паркмæ. Бахæццæ сты цадмæ. Иу ран сæ цæст æрхæцыди цалдæр лæгыл. Бадтысты даргъ бындоныл. Сæ иу газет «Известия»-йы ссардта цыдæр уацхъуыд æмæ йæ хъæрæй касти.

Къалати уæллоз систа Дзодзыр. Арфæ уыцы хъæрæй фæкодта:

– Сымах ирæттæ не стут! Не стут сымах ирæттæ!

Лæгтæ æваст фæуыргъуыйу сты. Исдуг сыбыртт никæцæйуал хъуысти, стæй та Арфæ йæ гыццыл дзых фæхæлиу кодта:

– Сымах ирæттæ не стут!

Лæгтæй чидæр худынмæ фæци.

– Ам худыны сæр ницæмæн хъæуы! Æцæг нын у худинаг! Тути нын раст бауайдзæф кодта! Нарты кадджытæ, Къостайы æмдзæвгæтæ цы диссаджы æвзагыл фыст сты, уый куыд рох кæнæм! Худинаг!

– Фæлæуу-ма дæ хорзæхæй, бæстæ дæ сæрыл куы систай! Мæнæн уырыссагау æнцондæр у кæсын дæр æмæ дзурын дæр, – схъæлхуызæй бадзырдта цъупсæр лæг йæ сыхагмæ.

– Зонын дæ Уыппу. Рох мæ нæу, айфыццаг дын дæ сыхаг Софкæ цы ми бакодта, уый.

– Цы ми мын бакодта?

– Ау, нал æй хъуыды кæныс, æви йæ мæнæн фехъусын æнхъæл нæ уыдтæ! Бахуыдта дæ сæ чъиритæ кувынмæ.

– Æмæ?..

– Æмæ ды уырыссагау куы райдыдтай кувын, уæд дын уый

дæр чъиритæ дæ цурæй куы айсид æмæ дын стъолыл борщ æрæвæрдта.

– Уæртæ лæппутæ, уыцы цъиу ардыгæй ахæссут! Æддæгмидæг нæ куыд ауайын кодта! Науæд ын ныртæккæ йæ къубал стондзынæн!

– Цæмæн ын стондзынæ йæ къубал?! Уый махæн зонд бацамыдта!

– Æз уый зонд хъуаг нæ дæн!

Горæты æндæр кой нал уыди. Дзырдтой кæрæдзийæн зæгъгæ, дам, иу гыццыл бурхъулон цъиу фидис кодта адæмæн, сымах ирæттæ не стут, зæгъгæ.

Уыцы аз горæты цæрджытæ газет «Рæстдзинад», журналтæ «Мах дуг», «Ирæф» æмæ «Ногдзау» рафыстой, раздæры азтимæ абаргæйæ, иуæндæс хатты фылдæр.

# ХИД

Дауырбег дзæвгар рæстæг нæма кусы йæ бæрнон бынаты хицауæй, фæлæ ныридæгæн бирæты базоны, йæ кабинетмæ куы ‘рбацæйцæуынц, уæд. Зæгъæм, бригадир Саухал æваст бахизы æмæ фæзæгъы: «Æз ам дæн, хъусын дæм». Прораб Хасан та дуар байгом кæнгæйæ схуыфы дыууæ – ‘ртæ хатты. Секретарь Зариффæ кабинетмæ нæма базыны, афтæ йæ ныхас байхъуысы; инженер Самсыхъо та дуар афтæ сабыргай бакæны, афтæ зивæггæнгæ бахизы, цыма йыл исчи фæстæмæ фæхæцы. Мæнæ та ныр дæр дуар сындæггай базыхъхъыр. Æппынæрæджиау йæ къах базынд, уый фæстæ та – гуыбын, стæй – сæр.

– Самсыхъо, раст, цыма, зындонмæ фæцæуыс... Мæ цæстытæ ныуурс вæййынц дæумæ кæсынæй.

– Дзырдтай мæм?

– Дзырдтон.

Самсыхъойыл цæудзæн фæндзай азы. Йæ кармæ гæсгæ йын зæронд схонæн нæй, нырма уый хуызæттæй бирæтæ сты цæрдæг. Фæлæ Самсыхъо... Йæ азтæй дзæвгар хистæр зыны. Чи зоны, æгæр схæрзхуыз, науæд та ноztмæ æмхиц у, æмæ... Ахæмтыл æмгъуыдæй раздæр æрбады пъæззы. Самсыхъо дæр райгонд нæу йæ зæнгтæй. Уайтагъд афæллайынц æмæ афтæ кæны, кæдæм бацæуы, уым фыццагдæр йæ цæст ахæссы бандоныл, йæхи йæм

хæстæг байсы аивæй. Фысым, науæд ын хицау «сбад» нæма фæзæгъы, афтæ йыл йæхи æваст æрæппары. Гъе, æрмæст ныр лæуууыди уырдыг. Хицауы цæстæнгас æм хорз нæ фæкаст. Айрох дзы æрбадын дæр.

– Иу нæлгоймаг, дам, мæ агуырдта. Дæумæ дæр, дам, уыдис.

– Раст дын загътой. Уыцы лæг хъæуæххæсткомы сæрдар Хадзыбатыр уыди. Цы хид сарæзтат, уый раттын хъæуы, науæд зымæг куы ралæууа, уæд машинæтæ, тракторты стыр доны куыд цæудзысты?

– Æмæ сæ чи нæ уадзы хидыл цæуын. Мах æй арæзт фестæм. Æхца нын бафыстой.

– Уый афтæ у, фæлæ... Хиды фидардзинадæй сæ зæрдæ нæ райы, Самсыхъо.

– Батæрæнт ма йæм дыууæ-æртæ тракторы уæзæгтимæ, кæддæра ныттонид.

– Æз сын загътон, сбæрæг æй кæнут, фæлæ...

– Фæлæ цы?

– Сæрдар Хадзыбатыр мемæ не сразы. Чи, дам, æй сарæзта, уыдонæй, дам, машинæты исчитæ сбадæнт.

– Гъеныр уый цы схонæн ис?! Æнæфенд адæймаг!.. Гъемæ сæ кæд афтæ фæнды, уæд... Æз зæгъдзынæн искæмæнты æмæ сбаддзысты машинæты.

– Æмæ дæхæдæг та? – скаст æм Дауырбег.

– Æз ам дыууæ къуыририйы йедтæмæ нæма кусын. Хид сымах мæ размæ сарæзтат. Æз уæ куыстæн дзуапп нæ дæттын.

– Ныр рæстæг æндæр у, Самсыхъо. Алчидæр хъуамæ дзуапп дæтта, цы аразы, уымæн, – загъта Дауырбег æмæ арф ныуулæфыд, йæ амонæн æнгуылдз стъолыл æрхойгæйæ.

Уый хардзау фæкаст Самсыхъомæ:

– Иу куыстæй дæу тыххæй рацыдтæн æмæ та ныр дæр...

– Уæд кæцæй?

– Ау, нал æй хъуыды кæныс? Цæрæн хæдзар-иу куы сарæзта мæ бригад, уæд-иу... Дæ зæрдæмæ-иу никуы фæцыд. Æмбырдты-иу мæн дæ куыст скодтай.

– Æмæ дыл цалдæр хатты хъаст æрбацыд, чъырызмæст, дам, уæй кæнынц, цæрджытæй хæдзæрттæ чи аразы, уыдонæн. Дæхæдæг æвдисæн, дыууæ хатты сбæрæг кодтам, дурты цавæр змæст æвæрдтат, уый... Ахæм хæдзæрттæ зæххы чысыл æнкъуыстæн дæр нæ бафæраздзысты. Уартæ Сомихы дæр араздж ытæ

ахæм цæстфæлдахæн митæ кодтой, æмæ... Уыдоны аххосæй адæм фæцагъды сты.

– Æмæ кæд махмæ, Ирыстоны, ахæм тыхджын зæххæнкъуыст никуы уыдзæн, уæд та?

– Цы бæрæг ис? Кæд æнæдзургæ нæй, уæд ма дын æз дæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн иу цау. Фæстагмæ цы хæдзар сарæзтай, уымæ цæуылнæ куымдтай балидзын? Дæхи конд куы уыд! Фæлæ... Мæнгæфсон у, уый зыдтай. Æмæ дæ æз дæр уым æрцæрын кодтон тыххæй.

– Гъемæ мын исты уыд, æрцардтæн дзы, æмæ...

– Фæлæуу, фæлæуу, дæ бæгуытæ дын æххæстæй нæма загътон. Фарон зæхх чысыл нынкъуыст æмæ дæ бинонтимæ æппæты разæй ды разгъордтай кæртмæ.

– Чи дын дзырдта?

– Дæ сыхаг Цыппу. Электрикæй нæм куы куыста. Æмæ та ныр ногæй къæппæджы бахаудтай.

– Куыд кæсын, афтæмæй... Ардыгæй дæр та мæ... Дæуимæ мæнæн кусгæйæ нæу иу ран.

– Хид уал радтут актмæ гæсгæ, стæй уый фæстæ...

Самсыхъо изæры сæхимæ куы бацыд, уæд æм йе ‘фсин Уæлгъайы зæрдæ фехсайдта:

– Нæ лæг, дæ чеппыл нæ дæ. Чидæр дæ, цыма, маст бауагъта, афтæ мæм кæсы.

Самсыхъо йын ракодта хабар. Ус хорзау нал уыд:

– М ‘арт бауазал! Ацы къуыри æвзæр фынтæ хуымæтæджы нæ уынын! Афтæмæй хид куы ныттона, уæд!.. Æз цотимæ иунæгæй цытæ кæндзынæн? Нырма дзы иу дæр кусынхъом куы нæма у!

– Фæлæуу ма, сонтæй мæ куы аныгæдтай. Кæд мын ницы уаид.

– Цыдæр дызæрдыггæнгæ дзурыс. Æвæццæгæн, хид фидар нæу. Хъуыды-ма кæныс, цалдæр азы размæ хæдзар куы сарæзтат æмæ йæ цар куы ныттыдта. Стъарапилтæ шиферты уæз нæ баурæдтой.

– Рагон хъуыддæгтæ доны ма удай.

Дыккаг бон Дауырбегмæ бахæццæ райæххæсткомы сæрдары хæдивæг Гагуыдз:

– Дæ хорзæхæй, Дауырбег, уыдон дын цы митæ сты, мæ сиахс дын хъазинаг у? Кæд уыдис афтæ, æмæ... Хидыл уый цæмæн хъуамæ ацæуа фыццагдæр? Æви йын æндæр куыст нæй...

– Уым æппындæр зынæй ницы ис. Хиды иу кæронæй иннæмæ бацæудзæн тракторы кæнæ машинæйы, стæй уый фæстæ... Ардæм æй хъæудзæн.

– Нæ, нæ, Дауырбег, мæ сæр ахъуыды кæн. Иу хъæуы куы схъомыл стæм, иу къласы куы ахуыр кодтам...

– Дæ зæрдæ мыл ма фæхудæд. Хъæуæххæсткомы сæрдар сæм æнхъæлмæ кæсдзæн райсом дæс сахатмæ.

– Уæдæ куыд зындзырд дæ.

– Алчидæр хъуамæ дзуапп дæттæ йæ куысты хæрзхъæддзинадæн.

Дыккаг бон хиды цурмæ æрæмбырд бирæ адæм. Уæдмæ уæзæгтæласæн æртæ машинæйы хуырæй се 'дзаг, афтæмæй фæзындысты.

Скуыстой мотортæ. Раззаг КАМАЗ фенкъуыст йæ бынатæй, араст сты иннæтæ дæр йæ фæдыл.

Уæлгъа дæр ædас нæ уыд. Сагъæстæ йыл æртыхстысты. Стæй цæлгæнæны къултыл йæ цæст ахаста. Чъизигомау æм фæкастысты æмæ сæ чъырæй рацагъта, уый фæстæ та пъолтæ рахсадта. Уæдмæ æризæр. Хуры бирæ нал хъуыд йæ цæст æрцъынд кæнынмæ. Самсыхъо ацафонмæ стæм хатт баззайы куысты. Ус ноджы тынгдæр батыхсти. Цалдæр хатты балкъонæй кæртмæ акаст. Иу ран ауыдта цалдæр лæджы. «Кæд ардæм цæуынц тæфæрфæс кæнынмæ? Бадыз-дыз кодта йæ буар. Стæй лæгтæй иу Æфсатийы зарæг куы ныццæлхъ ласта, уæд ын фенцондæр æмæ мидæмæ бацыд. Уыцы рæстæг байхъуыст дуары дзæнгæрæджы хъæр. Акаст æм Уæлгъа æмæ та йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта: къæсæрыл бригадир Мураты æнкъардæй, сæргуыбырæй лæугæ ауыдта.

– Мæнæ, мæ хæдзар куыд фехæлд! Мæнæ куыд бабын стæм! Мæнæ мыл знаджы æлгъыст куыд æрцыд! – æрдиаггæнгæ дзырдта ус. – Хид æваст ныттыдта? Машинæтæ иууылдæр наххаудтой доны? Нæ лæг фæмард?

– Цæй марды кой кæныс? – бадис кодта Мурат.

– Уæдæ нæ лæг кæм ис?

– Самсыхъо æгас у. Хид нæ ныттыдта. Аирвæзтыстæм, фæлæ...

– Фæлæ цы? – фæджих Уæлгъа.

– Уырдыгæй нæхимæ куы 'рбацæйцыдыстæм, уæд Самсыхъойы зæрдæ февзæр. Дон ыл æркалдтам, валидол ын авæрдтам, стæй йæ рынчындонмæ баластам. Уым ын укол скодтой.

– Æмæ... Куыд у ныр?
– Фенцондæр ын. Æз уырдыгæй æрбацыдтæн.
– Нæ лæджы æз уыцы куысты иу бон дæр нал ныууадздзынæн!
– Æз дæр уырдыгæй йемæ рацæуынмæ хъавын... хæдзæртты арæзтадмæ.

## ХÆЛОФ

Йæ царды дæргъы фыццаг хатт бахъуыд Гæтæджы фæдис ныхъхъæр кæнын. Йæ хъæлæс нæ уыд тыхджын, зæлланггæнаг, фæлæ уæддæр адæм æваст фæуыргъуыйау сты. Цæугæ чи кодта, уымæн йæ къах æрдæгистæй баззад, дзургæ чи кодта, уымæн цыма йе ‘взаг исчи æртыскæнæй ацахста, уыйау фæци. Фæдис, æхцатæ судзынц!

Уæлæдарæсхуыйæн цехмæ дæр байхъуыст хабар. Дуарæй рагæпп ласта рихиджын лæг, йæ уæлæ – пиджак иу дысимæ. Йæ фæдыл ратахт хуыйæг Гæджида, йæ иу къухы уыдис мелы къæртт, иннæйы та – дзаумабарæн.

– Кæдæм тæхыс афтæмæй?! Сонтхела дæ?! Раздæх! Квитанци æри! Дæумæ дзурын, Хъæрæу!

Фæлæ йæм лæг нæ байхъуыста. Уайтагъд фæдисæтты ‘хсæн фæкуыси.

Дзидзауæйгæнæг Хъохъори дæр февзæрди Гæтæджы уæлхъус, йæ къухы стыр кард, афтæмæй. Бæрæг уыд, тæхгæ кодта. Йæ лæф-лæф нæма ссыди. Цалдæр хатты йæ хидæйдзаг нард сырх цæсгом асæрфта, тугæй чи схъулæттæ, уыцы раздарæнæй.

– Кæм судзынц æхцатæ?!
– Рагæй судзынц?!
– Исчи ма дон раскъæфæд! Арт ахуыссын кæнæм! – хъуыстысты алырдыгæй ныхæстæ.
– Æхцатæ судзынц, уæртæ уыцы асыччы! – загъта хъæрæй Гæтæг, спортивон залы фале цы æфсæйнаг асыкк лæууыд, уымæ ацамонгæйæ.

Адæм ныххæррæтт кодтой уырдæм. Асыккæй хæрдмæ калди сау фæздæг. Улæфæнтæ æхгæдта. Фæлæ фæдисæттæй уæддæр бирæтæ сæ бæттæнтæ тыдтой уырдæм. Уæдмæ хæринаггæнæг Маса бедрайы дон æрбаскъæфта æмæ йæ артыл ауагъта. Хъохъори йæ

сæр асыкмæ баивæзта, стæй йæ цæст адæмыл ахаста æмæ йæхи сцагъта:

– Уæхи айсут ардыгæй! Дæуæй дæр зæгъын, Хъæрæу! Ма мæ-иу рахъаст кæнут! Мæнæ мæ кард уынут?! Адон ме ‘хцатæ сты! Æфснайæн кассæмæ сæ фæцæйхастон, æмæ, Тамако сдымынмæ хъавыдтæн ам. Цæмæдæр ныггуыбыр кодтон, æмæ æхцатæ... Риуы дзыппæй асыкмæ ныххаудысты. Ардыгæй куы ацыдтæн, уæд ма сæ агуырдтон, фæлæ...

– Цас уыдысты? – афарста йæ Хъæрæу.

– Цыппар мины!

– Уыйбæрц æхцатæ! Мæгуыры бонтæ! Йæ цардæмбал Риккæ йæхи кæуынæй амардзæн – уынгæг хъæлæсæй загъта постхæссæг Ануси.

Уыцы рæстæг сæ цуры æрлæууыд «Жигули». Рæвдз дзы рахызтысты хъæуæххæсткомы сæрдар Гадзыбе æмæ милицæйы кусæг Астемыр.

– Цы хабар у?! Цы ‘рцыди?! – афарста тагъд-тагъд хъæуæххæсткомы сæрдар:

– Мæнæ ме ‘хцатæ ам ныууагътон, æмæ... Æнæхъæн фондз мины!

– Хъусут æм?! Æрдæбон цыппар мины загъта, ныр та фондз! – йæ ныхас баппæрста хуыйæг Гæджида.

– Хорз адæм, фæпырх ма ут! Дæуæй дæр зæгъын, Хъохъори! Асыкк рафæлдахæм! Чи зоны, се ‘ппæт нæ басыгъдаиккой – йæ синтæ æфсæйнаг асыкмæ фæцаразгæйæ, дзырдта Астемыр.

Афæлдæхтой асыкк. Æддæмæ дзы ракалдтой, чи ныххуылыдз, кæрæдзиуыл чи нынныхæст, ахæм æрдæгсыгъд гæххæттытæ æмæ хъуымæцты лыггæгтæ. Фæлæ æхцатыл никæйы цæст æрхæцыд.

– Зæгъут-ма, фæдис чи ныхъхъæр кодта? – афарста Астемыр.

– Мæнæ Гæтæг! – дзуапп радта Ануси. Тилифонæй та уæм æз бадзырдтон. Гæтæг мын загъта.

Хъæуæххæсткомы сæрдар баздæхти Гæтæгмæ:

– Сайгæ акодтай, æви?!

– Ницы асайдтон. Сыгъди асыччы æхцатæ.

– Уыдон мæн уыдысты! – йæ ныхас та сæм баппæрста Хъохъори.

– Гæды ныхæстæ ма кæн, Мæцъæлы фырт. Дæу нæ уыдысты! – Гæтæг бауайдзæф кодта дзидзауæйгæнæгæн.

– Уæдæ кæй уыдысты? – фæцырд Астемыр.

Гæтæг исдуг зæхмæ нымдзаст. Йæ цъæх цæстытæ уæлтъыфылтæй нал зындысты. Арф ныуулæфыд, стæй сæр аныхта.

– Æз дæу фæрсын, Гæтæг. Нæ мæ хъусыс? – райхъуыст та милиционеры хъæлæс.

– Уыцы ‘хцатæ рахастой уæртæ цардыуаджы домæнтæ æххæстгæнæг комбинатæй. Федтон сæ мæхи цæстытæй.

– Цытæ дзурыс, Гæтæг?! Исты æрратæ стæм! – йæ къухтæ стылдта хуыйæг Гæджида.

Фæдисæттæ дарддæр змæстой, асыккæй цы быræттæ ракалд, уыдон.

Хъæусоветы сæрдар йæ цæст ахаста адæмыл æмæ загъта:

– Федтат уæхи цæстæй, асыччы æхцатæ нæй! Ацæут!

– Цыбыр дзырдæй, Гæтæджы хъазын æрфæндыд æмæ хъазыд, – загъта хъæуæххæсткомы сæрдар æмæ фæрсæджы каст бакодта Гæтæгмæ.

– Æз хъазгæ нæ кодтон! Æцæгæй дæр ацы асыччы сыгъдысты æхцатæ, стæй абон фыццаг хатт нæ! Ацы асыччы æхцатæ судзынц ныр ссæдз азæй фылдæр.

– Дæ ныхас ма фергомдæр кæн, Гæтæг! Мигъы нæ кæдмæ ракæ-бакæ кæндзынæ?! – Нал баурдта йæхи Астемыр.

– Ам æхцатæ судзынц мæнæ цардыуаджы домæнтæ æххæстгæнæг комбинаты кусджытæ. Рахæссынц сæ уæлæдарæсхуыйæн, цъындадзаумауафæн цехтæй.

Уыцы рæстæг дыууæ сылгоймаджы рахызтысты комбинаты бæстыхайæ, сæ къухты гæххæттын голджытæ, афтæмæй.

*ДЫГЪУЫЗТЫ Тенгиз*

# УАЛДЗЫГОН САГЪÆСТÆ

## МАДЫ РИС

Тар æхсæв йæ сау хъæццултæ
Хохаг къаннæг хъæуыл тауы...
Айнæджы ныхыл зæбултæ
Дуртæ къахвæндагмæ хауынц...

Рагон къæсы пецы фарсмæ
Бады саударæг фæллад ус.
Сау хъынцъым, фыдрыст хъарæгмæ
Къада доны хъæр дæр басус...

Уарзон фырт фæмард и тохы,
Знæгтæн фесæфæд сæ хъæстæ!
Урс бæрзыты астæу къохы
Баныгæдтой уый хъæубæстæ...

Сарæзтой йын цырт хъæубæстæ,
Уарди дидинæг йæ цуры.
Сахъ хæстоны мады зæрдæ
Дудгæ маройæ ныддур и...

* * *

Æз уарзын райсомы цъæхдзаст,
Куы зары булæмæргъ хъуытазæй,
Æмæ дзæбидырты гуыпп-хъазт
Куы хъуысы сау къæдзæхты фахсæй.

Æз уарзын тар хъæды хæтын,
Куы 'фтауынц бæлæстæ сыфтæртæ,
Æмæ зæрин хуры рæу тын
Куы тавы цъититы цъæх сæртæ...

Ӕз уарзын хъарм хохаг изæр
Ӕмæ сырх хъугæмттæ, æрдузтæ...
Фыццаг ыстъалыты цæхæр
Ӕмæ хæххон къæйты мызултæ...

Ӕз уарзын къададон, тæлтæг,
Мæ арм йæ фынчытæм фæдарын.
Вæййын куы сабийау сæртæг,
Куы та фæлмаст зæрондау зарын...

Бæллын, æгайнæг уды уарзт
Куы ссудзид уаз алдзæн цырагъау,
Ӕмæ мæйдар æхсæв æваст
Куы фестид сонт уарзæттæн аргъау.

Ӕз уарзын сабыр дуне, цард.
Ӕз кувын уый тыххæй Хуыцаумæ.
Ӕдзух нæ адæмы цæлхъзард
Куы хъуысид, ехх, тæхуды, дардмæ!

* * *

Уаддымгæимæ
Тохы, карз тохы
Тулдзы бур сыфтæ
Хауынц сау зæхмæ,
Хауынц ристимæ,
Раст цæф салдæттау,
Сау уымæл зæхмæ.
Арвæй рафæлдыст
Гага цæссыгтæ
Згъалы урс цадмæ
А тулдз, рагон тулдз,
Сау хъыг бамбæхста
Арф йæ уидæгты.
Гомгæрцц къалиутыл
Хиты сау халон,
Марой – сау марой...

* * *

Зонын æй, кæй нæ уыдзыстæм иумæ,
Зонын æй, дæ амонд у æндæр...
О, фæлæ цæмæн ыссыгъди риуы
Уарзонады артуадзгæ цæхæр?..

Зонын æй, фæллад уды бæллицтæ
Атайдзысты урс митау æваст, –
Никуы базондзынæ ды мæ ристæ,
Никуы базондзынæ ды мæ уарзт...

Иунæг хорзæх æз Хуыцауæй курын:
Уа æнустæм амондджын дæ цард.
Де 'рвон сурæт абарын æз хурыл,
Ды мæнæн – мæ цинты цин, мæ зард...

Балбæлæстæ дидинæг æфтауынц,
Уалдзыгон цъæх изæртæ – фæлмæн...
Сонт лæппуйау мæн сæхимæ сайынц
Сау цæстытæ – с' ахæсты фæдæн...

* * *

Æвзонг мыдхуыздзыкку сæрæн чызг
Мæ цин, мæ рухс мысинаг уыд...
Æнахуыр сусæг уарзт, цæхæр-зынг
Мæ тарф фæлмаст зæрдæйы сыгъд.

Æмæ изæрмилты цъæхдзасты
Йæ размæ адæргæй лыгътæн...
Мæ сонтæй айрох ысты м' азтæ,
Мæ хур, дæ фыды 'мгар кæй дæн.

## СÆРДЫГОН РАЙСОМ

Сабыргай фæтæры рагъыл
Фыййау дзуг.
Дзаг фæздонимæ уым дагъы
Хизы хъуг.

Мигътæ хæхты сæрмæ – скъуыдтæ,
Тугау – сырх.
Кæрты хъыбылтæ фыр зыдæй
Нуазынц хуырх.

Урс æхсæрдзæны фæрдгуытæм
Дарын арм.
Райгуырæн бæстæйы къуымтæ
Удау – хъарм.

## УАЛДЗЫГОН ЗАРÆГ

Уыд хъуынтъыз бон уалдзæджы,
Зæхх – лæхъир фæсуард,
Æз мæ уды нарæджы
Бамбæхстон мæ арт.

Дидинтыл – æвзист цæссыг,
Арв куыдта тæркæй.
Судзы риуы уарзты зынг, –
Дард дæ ныр мæнæй.

Иунæгæй, зæрдæрисгæ,
Бонтæ ‘рвитын æз,
Не ‘хсæн – сау, æндон систæ,
У мæ цард æгъуыз.

Нал хъусын дæ зарджытæ
Ацы рухс изæр, –
Удæхцон фæлмæн дзырдтæ
Атайынц кæмдæр.

*ХÆМЫЦАТЫ Юри*

## МÆ БÆЛЛИЦТÆ

Дуне мын куы сси хæдзар,
Гъе уæдæй бæллын: ыссар,
Ехх, йæ арфдæр мидис цардæн!
Мачи дын ысуæд æлдар,
Уæд дæ къæхты айст дæ бар, –
Хат йæ хин митæ мæнгардæн!

Дунейы хæрзтæ æвзар
Æмæ сæ мæгуыртыл уар,
Арт сын цæгъд æдзух дæ удæй!..
Ма ауæрд дæхиуыл ды, –
Дардыл кæн фæндтæ, хъуыды,
Ма цæр къулсæрæй, тæппудæй!

Æрдзæн фарнхæссæг ныллæуу,
Йемæ макуы кæн быцæу, –
Зон æй, рухс цæуы йæ удæй!..
Дæу ысфæлдыста Хуыцау, –
Кæн фæллой, ысгуых лæгау,
Нæй дын царды уæд фæцудæн.

# АЛЫ АДÆМТЫ ÆМБИСÆНДТÆ

## ХУЫЦАУÆН МА УАЙДЗÆФ КÆН

Иу хуыцауыуарзон лæг, дунейы мæнгтæ уынгæйæ, зæрдæрыстæй куывта Дунедарæгмæ, цæмæй йын раргом кæна дыууæ хъуыддаджы: Хуыцауы хæрзæджытæ, рæстаг адæм, арæх фыдбылызы бахауынц, æнаххосæй удхар кæнынц, зылынтæ æмæ тæригъæдджынтæ та цардæй тъæпп хауынц, сæ исбонæн ныккæнæн дæр нал вæййы.

Дингæнæг ма йæ тæккæ кувгæйæ уыд, афтæ дын йæ хъус куы ацахсид æнахуыр хъæлæс:

– Дæ бон бамбарын цæмæн нæу, уыдæттæн тæрхон ма кæн. Фæлæ дæ хъуыддаг базонын кæм фæнды, уым дунемæ ныццу, иу фæсвæд ран æрæнцай æмæ цы фенай, ууыл-иу лæмбынæг ахъуыды кæн. Афтæмæй Хуыцауы тæрхæттæн бамбардзынæ сæ иу чысыл хай.

Зæронд лæг йæ фæндаг адардта æмæ иу уыгæрдæнмæ бафтыд. Уым æввахс уыди мæра бæлас, йæ быны суадон, æмæ лæг мæрайы мидæг бамбæхст. Уалынмæ бæласы бынмæ æрбацыд иу барæг, хъæздыгарæзт. Æрфистæг, дон банызта, стæй йæ дзыппæй систа æхцадон æмæ банымадта дæс туманы. Фæстæмæ йæ куы фæцæйæвæрдта, уæд дзыпп фæивгъуыдта, æмæ, йе ‘хцадон кæрдæгмæ куыд æрхаудта, уый нæ федта.

Барæг дарддæр араст йæ фæндагыл, æмæ йæ хæдуæлвæд суадонмæ æрбахæццæ фистæг бæлццон. Æхцадон кæрдæгыл куы ауыдта, уæд æй фелвæста, тыгъд быдырыл цæхгæрмæ ныййарц æмæ фæаууон.

Уымæй чысыл фæстæдæр æрбазынд æндæр фæндаггон. Фæлладæй йæхи æруагъта суадоны цур, банызта дон, стæй йæ хызынæй систа дзул æмæ хæры. Уалынмæ хъæздыг барæг фæстæмæ тæргæбæхæй æрбахæццæ æмæ, мæстæй пиллæттæ уадзгæйæ, мæгуыр лæгыл йæхи ныццавта:

– Ме 'хца мын æри!

Мæгуыр лæг ын йæ хъуыддагæн, ай-гъай, ницы 'мбæрста æмæ бакатай кодта:

– Хуыцауæй дын ард хæрын, ницы федтон. Ницы мæм и.

Æхцайы хицауæн йæ маст бынтондæр рафыхт æмæ æназым лæджы нæмын байдыдта – фырнадæй йæ амардта. Уый фæстæ йын йæ дзаумæттæ басгæрста æмæ куы ницы ссардта, уæд æрдиаггæнгæ ацыд.

Зæронд дингæнæг мæрайы хуылфæй æппæтдæр федта æмæ дисæй марди. Мæгуыр лæджы тæригъæдæй йæ зæрдæ суынгæг æмæ йæ цæстысыг фемæхсти. Хуыцаумæ та кувын райдыдта:

– Йа, Хуыцау, зæгъ-ма мын æй, Дæ хорзæхæй, ацы фæндон Дын цы уыди? Фæрнджын Хуыцау куы дæ, уæд куыд и ныббарæн ахæм æнæраст мийæн? Иу лæг йе 'хца фесæфта, дыккаг сæ ссардта, æртыккаг та æназымæй мæрдтæм бацыд.

Кувгæ ма куыд кодта, йæ цæссыг згъалгæйæ, афтæ йæм фæзынди Дунедарæджы Зæд æмæ йын зæгъы:

– Ма тыхс, хорз лæг. Ацы хъуыддаг Хуыцауы фæндон кæй уыд, ууыл дæр дызæрдыг ма кæн. Уымæн æмæ, цыдæриддæр æрцæуы, уый Хуыцау Йæ уаз фæндоны фæрцы йе барæй æруадзы, йе адæймаджы раст фæндагыл бафтауыны тыххæй, йе та йын йæ уд фервæзын кæныны охыл. Уæдæ æрбайхъус.

Йе 'хца чи фесæфта æмæ сæ чи ссардта, уыдон сыхæгтæ сты. Мæгуырмæ уыди дыргъдон, дæс туманы аргъ. Хъæздыг лæг – зыд æмæ кæрæф – дыргъдоны аргъ æртардта фондз туманмæ, афтæмæй йæ балхæдта. Мæгуыр лæг фыртыхстæй Хуыцаумæ скуывта, цæмæй хъæздыджы бафхæра, æмæ йын Хуыцау йæ хъуыддаг сарæзта: фондз туманы уæле ма йын йæ къухы бакодта дæс туманы – йæ дыргъдоны аргъ.

Иннæ мæгуыр лæг, фæллад бæлццон, æназымæй мæрдтæм

чи бацыд, уый кæддæр йæхæдæг дæр лæг амардта. Фæлæ йæ фыдракæндыл тынг æрфæсмон кодта æмæ уæдæй фæстæмæ йæхицæн ныббаста æцæг чырыстон цардыуаг. Цæрæнбонты табу кодта Хуыцауæн, иудадзыг Æм куывта æмæ Дзы куырдта, цæмæй йын йе стыр тæригъæд ныббара: «Йа, Хуыцау, курын Дæ, æмæ кæддæр æз куыд амардтон, ахæм мæлæт мын мæхицæн дæр саккаг кæн!» Дунедарæг ын, ай-гъай, ныббарста, куыддæр æм фæсмон æрцыдис, афтæ. Йæхицæн тыхмарды мæлæт кæй куырдта, уый дæр ын сæххæст кодта, æмæ, Хуыцауыл йæхи зæрдиагæй кæй фæдзæхста, уый фæрцы йæ систа Йæхимæ, Йæ рухс дзæнæтмæ.

Уæдæ æртыккаг лæг дæр, йе ‘хца чи фесæфта æмæ мæгуыр лæджы чи амардта, уыцы бонджын, æфхæрд æрцыд йæ зыд æмæ кæрæфы тыххæй. Хуыцау æй бауагъта стыр тæригъæды бацæуын, лæг амарын, цæмæй йæ уд ныдздзыназа æмæ йæм фæсмон æрцæуа. Уымæ гæсгæ, ныр уый иртæсы ацы мæнг дунейæ æмæ суыдзæни моладзан.

Ныр ма мын зæгъ, ацы хабæрттæй кæцы æвдисы Хуыцауы зылынæй, дурзæрдæйæ кæнæ æгъатырæй?

Уæдæ макуыуал бауайдзæф кæн Хуыцауæн, хъысмæттæ раст нæ уарыс, зæгъгæ. Ноджы ма зон: Хуыцауы фæндонæй а дунейыл æрцæуы бирæ æндæр хабæрттæ дæр, лæджы зонд кæй нæ кæрды, ахæмтæ.

*Паиси Святогорец*

## ÆНÆХЪУАДЖЫ УАРГЪ

Иу лæг зæронд дингæнæгмæ бацыд æмæ йын йе ‘вæлмас зæрдæйы ахаст куы федта, уæд æм бахатыд:

– Ды куырыхон лæг дæ. Æдзух – зæрдæрухс, маст дæхимæ æмгæрон нæ уадзыс. Мæн дæр ма исты амалæй дæхи хуызæн скæн.

Дингæнæг ын, хорз, зæгъгæ, загъта æмæ йын æрбахæссын кодта иу картоф æмæ рухсдзыд хызын:

– Искæмæ куы смæсты уай, куы йæм фæхæрам уай, уæд райс ацы картоф, кæмæ фæхæрам дæ, уый ном ыл скъах æмæ йæ дæ хызыны ныппар.

– Ændær ницы? – бадис кодта уазæг.

– Куыннæ? – дзуапп ын радта дингæнæг. – Ацы хызын иудадзыг демæ хæсс, æмæ дæ зæрдæ искæуыл куы фæхуда, уæд таиу дзы ног картоф ныппар.

Уыйадыл уазæг ацыд. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ йæ хызын картофæй байдзаг, æмæ ма йæ тыххæйты фæрæзта. Ноджы ма картæфтæй иутæ разадысты, иннæтæ цъæх хъуына сæвæрдтой, æртыккæгтæ ныллæхъир сты, æмæ се 'мбыды тæф калди.

Уæд та лæг ногæй дингæнæгмæ бацыд æмæ йын загъта:

– Уыцы хызынæн мемæ хæссæн нал ис. Иуæй æгæр суæззау, иннæмæй та картоф бамбыд. Ændær исты мын æрхъуыды кæн.

Зæронд лæг ын загъта:

– Алы адæймагæн дæр йæ зæрдæ ахæм у. Афоныл æй нæ бафиппайæм, фæлæ алы ницытыл фæцахуыр вæййæм, стæй уыцы ахуыр боныфæстагмæ нæ удыхъæды ныффидар вæййы, æмæ ахæм удыхъæдæй райгуырынц смаггæнаг тæригъæдтæ. Æз дын фадат радтон, хъуыддаг куыд рауайы, уый фенынæн. Æмæ дын ныр фæдзæхсын: искæуыл дæ зæрдæ куы худа кæнæ искæй зæрдæхудты бацæуинаг куы уай, уæд-иу раздæр ахъуыды кæн, уыцы уаргъ дæ истæмæн хъæуы æви нæ, ууыл.

## ЗОНЫНДЖЫН ГÆККУЫРИ

Иуахæмы дингæнæг Паиси Святогорецмæ кæцæйдæр æрбацыди стыр ахуыргонд, бирæ чингуытæ чи бакасти, фæлæ Хуыцауыл чи не 'ууæндыд, ахæм. Æмæ йæ гуырысхо Паисийæн схъæр кодта:

– Зын бауырнæн мын у, Хуыцау ис, уый. Ныронг бирæ цыдæртæ базыдтон, мæ бон у раиртасын, а дунейыл цыдæриддæр æрцæуы, уыдоны аххосæгтæ. Фæлæ ды Чырыстийы тыххæй цы дзурыс, уый мæ зæрдæ нæ исы.

Дингæнæг æм лæмбынæг байхъуыста æмæ йын бауайдзæф кодта:

– Хорз лæг, раст дын куы зæгъон, уæд ды гæккуырийæ æдылыдæр дæ.

Ахуыргонд йæхицæн стыр æфхæрдыл банымадта уыцы уайдзæф. Фæлæ йæм дингæнæг ногæй бауырдыг:

– Иу хатт ма дын æй зæгъын, гæккуырийæ æдылыдæр дæ. Ныртæккæ йæ дæхи цæстæй фендзынæ.

Паисийы хæдзары раз цардис иу гæккуыри, дингæнæгæн йæ зонгæ. Куыддæр æм фæдзырдта, афтæ йæм уый æрбауад. Паиси йæ фæрсы:

– Зæгъ-ма мын, Хуыцау ис?

Гæккуыри йæ фæстаг къæхтыл алæууыд æмæ йæ сæр разыйы тылд бакодта.

Ахуыргонд хорзау нал фæцис æмæ йæ цæстысыг æркалд.

Паиси йын загъта:

– Гъеныр федтай, гæккуырийæ æдылыдæр кæй дæ, уый? Гæккуыри зоны Хуыцауы. Ды та адæймаг дæ, фæлæ ныффæрск дæ æмæ дæ нæ фæнды Хуыцауыл бауæндын.

Ахуыргонд рацыди уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй.

## МАЙМУЛИ
## ÆМÆ НЕСИЙЫ ÆППЫТÆ

Царди æмæ уыди маймули. Несийы æппытæй фылдæр ницы уарзта. Иуахæмы дын кæсы, æмæ иу талайыл ауыгъдæй лæууы неси, йæ фарс – хуынкъ. Маймули бацин кодта, йæ къух хуынчъы фæцавта æмæ йæ арм æппытæй айдзаг. Фæлæ йæ тымбыл къух дзагæй фæстæмæ ласын нал куымдта.

Маймули хъæр-хъыллист самадта, несийæн алывыдтæ калы. Дзæвгар фæудхар кодта, уæддæр æппытæ не суагъта. Куыд хъуамæ фенæхай уыдаид уыцы бæллиццаджы хойрагæй?! Уалынмæ уырдæм фæзынди цуанон æмæ маймулийы рацахста. Неси дæр рагацау уый фæхуынкъ кодта, цæмæй гуыбындзæл маймули йæ къухы бафта.

Æмæ цуанон маймулийæн загъта:

– Фæлтау æххормагæй куы баззадаис, несийы æппыты тыххæй байсæфыны бæсты.

## ЗЫНДОНЫ АРТ

Иу хæтæгхуаг зонынджын æмæ паддзах хæрхæмбæлд фесты фæндагыл.

– Кæцæй цæуыс, бæлццон? – фæрсы йæ паддзах.

– Зындонæй.

– Æмæ дзы цы куыстай?

– Зынг мæ хъуыди, мæ хæринаг бахъарм кæнынæн. Зындоны цæрджытæй мын исчи йæ зынгæй куы авæрдтаид, уый мæ фæндыд.

– Æмæ цы бадæ? Райстай зынг? – бафарста йæ паддзах.

– Нæ. Сæ паддзах мын загъта, мæнмæ, дам, зынг нæй.

– Уый та куыд?

– Æз дæр дисæй амардтæн, – загъта зонынджын. – Фæлæ мын зындоны хицау дзуапп радта, махмæ, дам, зынг нæй. Алчидæр, дам, йæ зынг йемæ æрбахæссы, æмæ йæ судзгæ дæр уыцы зынг кæны.

## ДЗÆГЪÆЛДЗЫХТЫ ТАУРÆГЪ

Иу лæг денджызы был ауыдта, рæстæг кæй сбур кодта, ахæм сæрыкъуыдыр. Арф ныуулæфыд æмæ, йæхинымæры дзурæгау, афтæ бакодта:

– Дæу та ардæм цы ‘рбахаста, цымæ?

Сæрыкъуыдыр дын æвиппайды куы срæцугъид:

– Мæ дзæгъæлдзых.

Лæгæн фыр диссагæй йæ дзых бахæлиу. Кæд фенди уый, æмæ сæрыкъуыдыртæ дзургæ кæной! Лæг сахары сæйраг фæзмæ дугъы фæуад. Фæзы бæстастæу æрлæууыд æмæ ныхъхъæр кодта:

– Дзургæ сæрыкъуыдыр фенын кæй фæнды, уый мын фондз суарийы бафидæд!

Адæм æрæмбырд сты. Бирæтæ йын фидгæ дæр бакодтой.

Лæг сæ денджызы былмæ ахуыдта, сæрыкъуыдырмæ сæ бакодта æмæ та йæм дзуры:

– Ардæм дæ цы ‘рбахаста?

Сæрыкъуыдыр йæхицæн хурмæ хуыссы æмæ ницы дзуры. Адæм загътой, ацы лæг нæ хъазгæ кæны, зæгъгæ, æмæ йæ паддзахмæ акодтой. Паддзах ын афтæ:

– Кæд сæрыкъуыдыр æцæг дæр дзургæ кæны, уæд нын æй равдис, науæд дын дæ сæр акъуырдзыстæм.

Рацыдысты та денджызы былмæ. Сæрыкъуыдыр хъусæй лæууы. Лæг ын бирæ фæлæгъстæтæ кодта, фæлæ уымæй иу сым дæр не схауди. Уæд лæгæн йæ сæр акъуырдтой, æмæ сæр

комкоммæ сæрыкъуыдыры цурмæ батылди. Адæм иууылдæр куы ацыдысты, уæд сæрыкъуыдыр фæрсы:

– Ардæм дæ цы ‘рбахаста?

– Мæ дзæгъæлдзых, – дзуапп ын радта сæр.

## БЫДЗÆУЫ УЫНАФФÆ

Раджыма-раджы цардис æмæ уыдис иу паддзах. Иуахæмы зæххы хъæбæртыл цæуынæй йæ къæхты дæлфæдтæ стугдæппæлттæ сты, æмæ йæ маст рафыхт. Бардзырд радта, цæмæй бæстæйы зæххыл гауызтау æрытауой галдзæрмттæ. Йæ фæнд йæ быдзæуæн куы рафæзмыдта, уæд уый худæгæй бакъæцæл:

– Уыцы уæлдай хæрдзтæ дæ чердæм хъæуынц? Фæлтау дæ къæхтæн чысыл базгæндтæ бахуыйын кæн.

Паддзах æм байхъуыста. Афтæ фæзынди фыццаг къахыдарæс.

## МÆРДДЗÆСТ МОЛАДЗАНЫ ÆМБИСОНД

Гречъы моладзандæттæй иуы ныффидар ахæм æгъдау: исты уæззау куысты тыххæй-иу моладзантæн мызды номыл бафыстой æхца. Уыдон сæ кæрæдзи нымайынц æфсымæртыл, алы ран дæр цæрынц иу стыр бинонтау. Афтæ ам дæр. Æмæ сæ алкæй дæр фæндыди фылдæр бакусын, стæй йæ куысты мызд мæгуыртыл байуарын. Фæлæ моладзантæй иу йе ‘фсымæрты нæ фæзмыдта. Никуы йæ ничи федта мæгуыргурæн уæд та иу суари авæргæ. Æмæ йæ схуыдтой Мæрддзæст. Азтæ цыдысты, фæлæ ацы моладзан, цы уыди, уымæй баззади.

– Æвæдза, куыд æлгъин у, – фаудтой йæ йе ‘фсымæртæ.

Уалынмæ «Мæрддзæстæн» йе ‘цæг дунемæ цæуын афон æрцыд æмæ амарди. Хабар алыварс хъæутыл куы айхъуыст, уæд æм иууылдæр æмбырдтæ кæнын байдыдтой, рухсаг зæгъынмæ. Тынг ыл фæрысти сæ зæрдæ, фæкуыдтой йыл.

Æфсымæртæ дисы бафтыдысты æмæ сæ бафарстой:

– Хорзæй уын цы фæцис ацы лæг? Афтæ тынг ыл цæй тыххæй хъыг кæнут?

Иу зæхкусæг афтæ:

– Мæнæн мæ ирвæзынгæнæг у.

Иннæ фæрæвдз и:

– Мæнæн дæр.

Зæхкусджытæ куыстой бон-сауизæрмæ. Фæлæ æнæ галæй цастæ бакусæн ис? Хæдзары гал куы уа, уæд та сабитæ сыдæй никуы амæлдзысты.

Гъемæ-иу, æфсымæртæ Мæрддзæст кæй схуыдтой, уыцы моладзан бамбырд кодта йе 'хцайы муртæ æмæ хъæуты цæрджытæй æппæты мæгуырдæр бинонтæн æлхæдта галтæ. Афтæмæй сæ ирвæзын кодта.

Моладзантæ дисæй куыннæ амардаиккой!

Ацы хабар ракодта рæстæвзар Паиси æмæ ма йæ ныхæстыл бафтыдта:

– Хъуыддагæн ницы зонгæйæ, куыд ис хатдзæгтæ кæнæн? Хуымæтæджы нæ дзырдта Чырысти: «Макæмæн тæрхон кæнут!»

## ЗОНД ÆВИ СЫГЪДÆГДЗИНАД?

Иуахæмы кæрæдзиуыл амбæлдысты куырыхон лæг æмæ зæронд дингæнæг.

– Дæумæ гæсгæ, ахсджиагдæр цы у, мæ фыды хай? – бафарста куырыхон.

– Сыгъдæгдзинад – Хуыцау æмæ адæмы раз æназым уæвын.

– Нæ, мæ фыдыхай, зонд ахсджиагдæр у.

– Уæд цæмæй? – бафарста дингæнæг.

– Йæ бон у хорз æмæ фыд кæрæдзийæ иртасын, – дзуапп радта куырыхон.

– Сыгъдæджы бон та у хорз кæнын, фыд кæнынæй та хи хъахъхъæнын.

## УЫЙ ХУЫЦАУЫ АРФÆ УЫДИ!

Уыди хуыцауыуарзон лæг, зæхкусæг. Афтæ тынг бауарзта Хуыцауы æмæ æрмæстдæр уый цæрайæ царди. Дыууæ фырты йын рахъомыл ис, фæлæ рацæй-рабон, æмæ сæ иу æнæнхъæлæджы æрбамард. «Уый Хуыцауы фæндон уыди!» – загъта лæг æмæ йыл йæ усимæ фæмаст кодтой.

Иуцасдæр рæстæджы фæстæ та сын райгуырди лæппу. «Уый Хуыцауы арфæ уыди!» – бацин кодта лæг, йæ усæн арфæ кæнгæйæ.

Фидæн аз зæхкусæгæн йæ хуым тыллæг нæ радта. «Уый Хуыцауы фæндон уыди!» – загъта лæг йæ усæн, быдырæй куы ‘рбаздæхт, уæд.

Иннæ аз йæ тыллæг тугыл аскъуыд, æмæ лæг райгондæй йæ усæн раппæлыд: «Уый Хуыцауы арфæ уыди!» Ацы хатт æм ус нал фæлæууыд æмæ цæхæртæ акалдта: «Æдзух „Хуыцау, Хуыцау“ цы байдайыс, и? Æви æндæр цы зæгъай, уый дæ сæр нæ ахсы? Гъеныр та ма цы ‘рхъуыды кæндзынæ?» «Уый Хуыцауы фæндон уыди!» – дзуапп ын радта лæг. «Уæддæр йæ кæнон куыд нæ уадзы! Гъемæ дæ бар дæхи! Цыфæндыйæ дæр фæллой кæнын уарзыс æмæ дæ бинонты дарын фæразыс!» – æрсабыр и ус. «Уый Хуыцауы арфæ уыди!» – сразы ис йемæ лæг.

***Мамыкъаты Хъазыбеджы*** *тæлмацтæ*

# САДИ ШИРАЗИ: 800 АЗЫ



*Саади́ у номдзыд персайнаг поэт Муслихаддин Абу Мухаммед Абдаллах ибн Мушрифаддины фæсномыг. Ахуыр кодта дины академийы Багдады. Уыдис, иронау хæтæг лæг кæй фæхонынц, ахæм. Иу 20 азы дæргъы фæзылди пысылмон бæстæтыл, ахуыр кодта адæмы цард. Ныффыста дыууæ стыр кадæджы («Бустан» æмæ «Гулистан»), стæй бирæ зарджытæ-газельтæ, цыппаррæнхъонтæ, зонды ныхæстæ. Æвдыста адæмы цард – паддзахæй райдай æмæ фæу мæгуыртæй, цагъартæй. Уыди цыргъзонд, парахатзæрдæ, дзыллæтæн уарзон адæймаг. Бавзæрста бирæ зынтæ, уæлдайдæр тæтæр-манголты æрбабырсты рæстæг. Йе сфæлдыстад стыр ахъаз фæци литературæйы фæстæдæры рæзтæн.*

*Джиппы йын уадзæм йæ дырæнхъонтæ, цыппаррæнхъонтæ, стæй йæ кадджытæй æмæ æндæр уацмыстæй ист скъуыддзæгтæ. Ирон æвзагмæ сæ раивта* ***Хъодзаты Æхсар.***

* * *

Æмбæхстæй дар дæ сусæгтæ, дæ зæрдæ
Æмгæрттæй дæр: æмгæрттæн ис æмгæрттæ.

* * *

Ратт къазнамæ дæ сызгъæрин, дзындздуртæ,
Дæ хæзнатæ – уыдзысты уым æфснайд.
Æрмæст дæ сусæг макæмæн кæ дзургæ,
Цæмæй дыл сонтæй ма æрцæуа сайд.

* * *

Дæуæн æндæртæй чи дзуры æвзæртæ,
Фæкæны уый дæ фыдгой та æндæртæн.

* * *

Æмзонд куыйтæ æнцонæй
Ныббырон кæнынц арсы,
Æвæлтæрдæй домбай та
Уырыйæ дæр фæтæрсы.

* * *

Фыдлæгæн у хъылмайæ дзаг йæ сæр,
Нæ хъæуы уымæн хорз кæнынил дзурын:
Цæйбæрцфæнды дæр ма архай, уæддæр
Зæгæл нæ ныкъкъуырдзынæ дуры.

* * *

Æвдис-иу тохы ныфс æмæ æхсар,
Æхсæндзарды дæр хотыхтæ сты махæн:
Кæм хъæуа, уым дæ дзых æхгæдæй дар,
Дæхиуыл хæц, æндæрты дзыхтæ ма ‘хгæн.

* * *

Зонддзжын ызнаг дæ уæлиаумæ сисдзæн,
Зондцух лымæн дæ æфхæрдзæн, æлгъитдзæн.

* * *

Хæрисæн донæй никæд ис æфсис,
Фæлæ дын дыргъ нæ ратдзæни хæрис.

* * *

Куыд и кæсæнмæ азымтæ хæссæн?
Цы фены, уый нын равдисы кæсæн.

* * *

Æмгар, дæ гуыбын сæфтмæ тæры дæу, –
Кæнынц дæ фиутæ алырдæм зæу-зæу.

* * *

Дæуæн дæ уæцъæф у æлдар,
Ды та йын – коммæгæс цагъар.

* * *

Æфсис ын нæй – кæндзæн зæрдæдзæф:
Хæссы хæрæгуаргъау йæ уæцъæф.

* * *

Æхсырæй бафсæды къæлæу
Æмæ фæлидзæг вæййы мадæй.
Ныййарæг схъомыл кодта дæу,
Æмæ йæ хиз æфхæрдæй, мастæй.

* * *

Ды иунæг удæн райхæлдтай
                    дæ сусæгтæ, дæ зæрдæ.
Æвиппайды сæ базыдтой
                    сæдæтæ ‘мæ æрдзæтæ.

* * *

Хуыцау гæдыйæн базыртæ куы радтаид, –
Æппæт мæргъты дæр а тугдзых фæцагътаид.

* * *

Тыхгæнды фæрцы байсæн и бæстæтæ,
Хæзнатæ, исбон – амондæй фæстæмæ.

* * *

Æз дæн уæлвонг дзырдтæй æлгъæд.
Хуыцау, мæнг æппæлдæй мæ бахиз!
Æлгъыст дæ, д‘ аиппытæ кæд
Ысхуыдтой де ‘мгæрттæ уæлахиз.

* * *

Рæстдзинад нæй, уый зонын рагæй.
Уæд та ныххъхъæр кæнон: «Æгъгъæд!»
Æркурон ме стырдæр ызнагæй:
Цы дæн æцæгæй, уый зæгъæд!

* * *

У иу буар Адамæн йæ зæнæг,
Æлыгæй йæ скодта нæ Кæнæг.

Нæ иу буар куы фæцæф уа искæм, –
Ныккæрзæм æнæхъæнæй, риссæм.

Дæу адæмæн се ‘хсæн сæ рысты нæ арæм, –
Дæу адæймаг хъуамæ куыд рахоной адæм?

* * *

Зæронд лæджы федтон æз иухатт нæ хохы,
Уый сахарæй алыгъди, бацарди хъоргъы.

Фæрсын æй: «Дæ хæдзар цæй охыл наууагътай?
Уым удæн – æнцондæр». Уæд урссæр лæг загъта:

«Дзæнæт» у нæ сахар, йæ «хæрзтæй» æфсæст дæн.
Хæфсбадæн цъымара... Пыл дæр дзы ныссæдздзæн».

* * *

Куыдзæн куы раттай иунæг хатт ыстæг,
Уæд дын, мæ хур, сæдæ ‘фхæрды ныббардзæн...
Дæ сæдæ хорзы ферох кæндзæн лæг,
Дæ иу уайдзæф та стыр æфхæрдæн райсдзæн,
Йæ риуы йæ сæдæ азы фæдардзæн.

* * *

Лæгæн вæййы æртæ хуызы хæлæрттæ.
Сæ иутимæ æмнозт æмæ æмхæрд дæ:
Æгъдау, бæркæдтæ, минас сын хъæуы –
Фæхынц-иу сæ, рæдау фысым фæу.

Ис а царды æндæрхуызон хæлæрттæ.
Ды сын вæййыс ныхасæмбал: хабæрттæ,
Æмбисæндтæ æнафонтæм хæссут,
Æмæ сæ буц у, райгонд у дæ уд.

Æцæг хæлæрттæ сты, мæ хур, æндæртæ:
Дæ удæн уыдон – йе ‘мгæрттæ-æрдхæрдтæ.
Сæрбахъуыды – дæ тых æмæ дæ ныфс,
Ды уыдонæн сæ цæрайæ цæрыс.

Æцæг æмгар... Зæххыл цы и зынаргъдæр!
Ды уый сæрвæлтау баназдзынæ марг дæр.

* * *

О райсомы ирдгæ, мæ хæлæрттæн радзур Ширазы
Мæ иунæджы катай, мæ уды æрдиаг, мæ хъæрзын.
Æз – фурдæй æппæрст кæф, æгуыппæг-æдзæмæй
дзыназын
Æцæгæлон зæхх мæ æрвылбон æвзоны, æвдæрзы.

* * *

Зонд æмæ амонд – æфсымæртæ-фаззæттæ.
Зонд дын нæ рардис – æнамондæй баззадтæ.

* * *

Æцæг хабар. Зæрдæрыстæй йæ мысын:
Кæй ахуыр кодтон фатæй æхсын раджы,
Ныр уыцы саггуырд йе 'ндон хотых райсы,
Æрбахсы мыл æй – æз ысдæн йæ мысан.

## У бонзонгæ, сæрныллæг

Æртагъди фурдмæ къаннæг æртах арвæй
Æмæ фæтарсти сонт уылæнты тарфæй.

«Æз ам цы дæн, гыцци æртах, æнæбон,
Мæ алыварс та дондуне – æгæрон!»

Ыскатай ис, æдзух йæхимæ хъусы,
Фæлæ дын бахауд иуахæмы хъузджы.

Уым фестадис æмбисонды хæзнадур.
Ныр паддзахæн йæ кады худыл бады.

Йæхимæ кастис асæй æмæ кондæй
Бынтон ницы. Æрттивы ныр бæрзондæй.

Ут хиуылхæцгæ, бонзонгæ, сæрныллæг.
Æртасын кæны къабузты сæ тыллæг.

* * *

Рагон æмбисæндтæ æмæ алыхуызон хабæрттæ зондджынтæн зонд-зонæн свæййынц, цæмæй сын фæстæдæры фæлтæртæ сæхиуыл æмбисæндтæ ма æрымысой, уый тыххæй.

* * *

Йæхæдæг мыггагмæ æдасæй фæцæрдзæни, зæгъгæ, афтæ чи 'нхъæлы, æрмæстдæр ахæм адæймаг бацин кæндзæн искæй мæлæтыл.

* * *

Дæ фыд цы бынтæ скодта, уыдон райсынмæ ма тырн, фæлæ йæм цы зонд уыд, уый райсынмæ.

* * *

Æххормаг кæнæ зыдыка чи нæу, уыцы маргъ къæппæджы никуы бахаудзæн. Уæдæ иу цуаноны дæр къæппæг сæвæрыны сæр никуы бахъæудзæн.

* * *

Æцæгæлон бæстæйы хуысгæйæ чи баззад, ахæм æвæджиау дугъæттæ бирæ ис. Фæлæ æцæгæлон бæстæйæ чи раирвæзт æмæ æгас хæдзар чи ссардта, ахæм къуылых хæрджытæ дæр дзæвгар ис.

* * *

Иу лæджы бафарстой: «Хорз æгъдæуттыл дæ чи сахуыр кодта?» «Æнæгъдæуттæ, – дзуапп радта лæг. – Мæхи хызтон, æнæгъдæуттæ цы чъизи митыл хæст уыдысты, уыдонæй!»

* * *

Фæлтау, цы дзурыс, ууыл хъуыды кæн, цы загътай, ууыл фæсмон кæныны бæсты.

* * *

Искæй чи нæ бафхæрдта, уый æфхæрынæй нæ тæрсы. Къæдздым (скорпион) алкæмæй дæр тæрсгæ кæны, уымæн æмæ йæхæдæг фыдгæнæг у. Гæды цæры хæдзары, адæмы ‘хсæн, никæмæй тæрсы, бирæгъ та фыр тарстæй быдыры ‘мæ хъæдты зилы, уымæн æмæ йæхæдæг тугмондаг у.

* * *

Дæ аиппыты тыххæй дæ хæлæртты ма фæрс – уыдон дын ницы зæгъдзысты. Фæлтау базон, де знæгтæ дæ цы дзуринц, уый.

* * *

Æрмæстдæр фæразон адæймагæн бауыдзæн йæ бон йæ хъуыддæгтæ кæронмæ ахæццæ кæнын, талф-тулфгæнæг та уайсахат æрхаудзæн.

* * *

Исбон цæрыны тыххæй хъæуы, фæлæ исбон æмбырд кæныны охыл цæрын нæ хъæуы.

* * *

Базар цас хъæздыгдæр уа, уыйбæрц мæгуыртæн сæ зæрдæ тынгдæр риссы.

* * *

Зæронды бонтæн сæ миниуæг ахæм у: сындзытæ цыргъдæр кæнынц, царды дидинджытæ – æгъуызыдæр.

* * *

Хивæндæн уынаффæтæ чи кæны, уый йæхæдæг уынаффæхъуаг у.

* * *

Кæрæдзимæ топпы кæсæнæй чи кæсы, хыл чи кæны, уыдонæн ахæм ныхæстæ зæгъ, куы бафидауой, уæд дæм фæсмон куыд не 'рцæуа.

* * *

Арф цæугæдоны дур куы ныппарай, уæд не слакъон уыдзæн. Адæймаг дæр афтæ у: æфхæрæн ныхæстæм куы смæсты уа, уæд цæугæдон нæу, фæлæ цъыфдзаст.

* * *

Зонджын лæгæн æнæгъдау адæмы 'хсæн йæ ныхас зæгъын куы нæ бантыса, уæд дис ма фæкæнут: хъисын фæндыры цагъд дæр нæ райхъуысдзæни, барабантæ гыбар-гыбур куы кæной, уæд; сырхмæтæджы тæф дæр нурыйы смагæй айсæфы.

* * *

Фæлмæн, хæларзæрдæ ныхасæй пылы æрдуйы уæлæ ахондзынæ.

* * *

Æнамонд адæмы хъæстытæ паддзахмæ хъуамæ министрты тарст хъæлæстæ ма хæццæ кæной, фæлæ хъуамæ паддзах йæхæдæг хъуса адæмы фæдисхъæр.

* * *

Раздæр ахъуыды кæн, стæй дзур. Фæлæ дын цалынмæ, æгъгъæд у, зæгъгæ, нæ загътой, уæдмæ æрлæуу.

* * *

А зæххыл цы хорзæхтæ ис, уыдонæй баззайы æрмæстдæр хорз ном, æмæ уый чи нæ ныууадзы йæ фæстæ, уымæй æнамонддæр нæй.

* * *

Мæнмæ нæй, мæ уæргътæ мын чи хæсса, ахæм теуа, фæлæ мæм уыйхыгъд уæргътæ дæр нæй. Мæнæн нæй, мæ уынаффæтæ мын чи æххæст кæна, ахæм цагъар, фæлæ уыйхыгъд мæхæдæг дæр никæй дæлбар дæн. Æз мæ сомбоныл нæ хъуыды кæнын, уæдæ мæ мæ аивгъуыд бонтæ дæр катайыл не 'фтауынц. Гъемæ мæ цард æвæлмасæй æрвитын, мæ удæн у æхцон.

* * *

Æвæндонæй чи ахуыр кæны, уый у æнæбазыр маргъ.

* * *

Зонды куыст цавæрфæнды хъыг æмæ маст дæр басæтты.

* * *

Зондылæг æдылытæм куы бахауа, уæд сæм хъуамæ хорзæй мацæмæ æнхъæлмæ кæса. Æдылы йæ дзæгъæл дзæнгæдайæ зондылæгыл куы фæуæлахиз уа, уæд уый дæр диссаг нæу, уымæн æмæ дурæй налхъуыт-налмас асæттæн ис.

* * *

Æгæр мæстыгæр куы уай, уæд адæмыл тас æфтауыс, рæвдыдæн дæр бæрц куы нæ зонай, уæд дæ кад дæлæмæ хауы. Афтæ карз ма у, æмæ адæмæн куыд сæнад уай, стæй ахæм фæлмæнзæрдæ ма у, æмæ дæм адæм куыд скъæйных уой.



*Саадийы ингæн Ширазы.*

* * *

Цæимæ абарæн ис адæймаджы æвзаг? Уый у хæзнадоны дæгъæл. Дуар æхгæд куы уа, уæд, мидæгæй цы ис, уый ничи зоны: зынаргъ дуртæ æви хæррæгътæ.

* * *

Искæй бынаты ма сбад, стæй тыхджынты ‘хсæн дæхицæй домбай ма араз.

* * *

Знаджы фæлитой митыл ма бауууæнд, стæй цæстмæхъус адæймагæй æппæлдтытæ ма ‘лхæн. Сæ иу дын йæ хинтæй къæппæг аразы, иннæ та дæм йе ‘нæфсис дзых хæлиуæй дары.

* * *

Армæй тыхджын уæвын æмæ кардæй хорз арæхсын лæгдзинад нæу. Лæгдзинад у, хиуылхæцгæ æмæ рæстзæрдæ куы уай, уæд уый.

* * *

Фыдгæнджытæн хатыр куы кæнай, уæд хæрзгæнджытæн зиан хæссыс.

* * *

Æдых знаджы бон дын ницы у, зæгъгæ, афтæ чи ‘нхъæлы, уый, æвæццæгæн, не ‘мбары, зынджы стъæлфæнæй стыр арт кæй равзæры.

* * *

Фыдæх тауæгæн йæ фæстаг – фæсмон.

* * *

Дунесфæлдисæг хъахъхъæны, рæстзæрдæ хицау йæ разамонæг кæмæн у, ахæм амондджын адæмы.

* * *

Тиран разамонæг цы ран у, уым адæм сæ дзыхтыл хæцынц, закъонтæ та æнахъаз сты.

* * *

Йæ дæлбар адæмыл æфсондз чи сæвæрдта, удхарæй сæ чи мары, уыцы разамонæгæн йæ фæндаг дзæнæтмæ нæ цæуы, фæлæ – комкоммæ зындонмæ.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Нæ равдысты –*
***Къорнаты Аланы** куыстытæ.*

*Алан райгуырди 1952 азы Дигорайы. Каст фæци Мæскуыйы Суриковы номыл нывгæнынады институт. У Уæрæсейы нывгæнджыты цæдисы уæнг. 1980 азæй фæстæмæ йын йæ куыстытæ фенæн уыди Цæгат Ирыстоны, Уæрæсейы, стæй дунейы бирæ бæстæты нывгæнджыты равдыстыты – Дзæуджыхъæуы, Мæскуыйы, Бургасы (Болгари), Равеннæйы (Итали), Бремены (Герман), Кливленды (АИШ), Стокгольмы (Швеци), Страсбургы (Франц) æмæ æндæр рæтты.*

*Алан у, Беслæны фыццæгæм скъолайы цы сабитæ бабын, уыдон номыл арæзт цыртдзæвæн «Фыдохы бæлас»-ы автор. Уый тыххæй йын Уæрæсейы аивæдты академи 2005 азы саккаг кодта сызгъæрин майдан.*



*Поэт Малиты Геуæрги.*



*Сергей Есенин.*



*Александр Пушкин.*



*Фæткъуытæ.*



*Стай æмæ калм.*



*Кавказ.*



*Ныванд хæссын.*



*Хорз æмæ фыд.*





*Сæрибар тахт.*



*Фыййау.*



*Фыды бæлас.*

*Соскъиты Владимир.*





*Бинонтæ.*



*Ясон.*



*Хуымгæрдæг.*



*Скульптор*
*Дзантиаты Давиды мысгæйæ.*



*Скульптор*
*Гадаты Лазæры мысгæйæ.*



*Гатуты сауджын Алыкси.*



*Цыртдзæвæн*
*Лавр Корниловæн Краснодары.*



*Сыгъдæг Георги.*

# ÆВЫД-ДЫВЫДОНЫ ДУГ

*КЪОСИРАТИ Сæрмæт*

## КЪÆРЦХЪУСДЗИНАДЫ ТЫХХÆЙ[1]

Къълассон тох, къълассон знагмæ цырддзастдзинад большевиктæн кæддæриддæр уыди æмæ у сæ егъаудæр миниуджытæй иу. Уымæ гæсгæ большевиктæн сæ бон уыдис æмæ у сæ идеологон знæгты алкæддæр æргом кæнын æмæ уыдонимæ æнæхатырæй карз тох кæнын.

Сæрмагондæй литературæйы хъуыддаджы дæр стыр хæстытæ арæзт æрцыдис большевизм æмæ, зæгъæм, дунейы контрреволюцийы авангард троцкизмы ʻхсæн. Троцкий æмæ йæ фæдонтæ афтæ дзырдтой, цыма пролетарон режим, пролетарон цардарæзтæн не суыдзæн пролетарон литературæ аразыны фадат. Экономикæ, стæй политикæйы троцкизм куыд мæнг разынд æмæ куыд пырхгонд æрцыд, афтæ фæмæнг ис æмæ саст-пырхгонд æрцыдис литературæйы дæр. Пырхгонд æрцыдысты рахизонтæ дæр, националистытæ дæр. Фæлæ къласты æмæ сæ идеологиты баззайæццæгты сафыны процесс афтæ хуымæтæг нæу æмæ афтæ æнцонæй нæ ацæуы. Ног æмæ ног мадзæлттæ мысынц, агурынц алы хуызы ног фæрæзтæ, цæмæй мах афæливой зыгъуыммæ фæндæгтыл, сæхи контрреволюцион фæндæгтыл. Гъе ахæм æнæрынцайгæ къълассон тохы фадæтты уæвгæйæ, мах хъуамæ уæлдай цæттæ уæм знагæн аккаг дзуапп раттынмæ, иунæг минут дæр хъуамæ нæ зæрдæйæ ма цух кæнæм, йæ хæрамдзинад æмæ хæст æрвылбон цыргъдæр чи кæны, уый ныхмæ большевикон къæрцхъусдзинад дæр тыхджындæр кæнын кæй хъæуы, уый.

«Мах дуджы» №1 программон раздзырды мах фыстам: «Ног Ирыстоны ног зондахаст, ног æгъдауджын адæмы уæйгуыты

---

[1] Обкомы арæзт къамис куыста æмæ сбæрæг кодта нæ литературæйы къорд хъуагдзинæдтæ. Уымæ гæсгæ раттинаг стæм къорд библиографион фысты. Зæгъын хъæуы, нæ мыхуырон оргæнтæн стыр хъуагдзинад кæй у, æдзухæй ацы куыст кæй нæ кæнынц æмæ афоныл кæй нæ æргом кæнынц нæ литературæйы рæдыдтытæ.

тох аккаг аивæй равдисын хъæуы. Йæ равдисын та сæ къухы уæд бафтдзæнис, æмæ ирон советон фысджытæ сæхи куы бамбарой, куыд социализм аразæг гæрзифтонг хæстонтæ æмæ уый куы равдисой се 'ппæт фыстытæй».

Иттæг раст æмæ бæлвырд нысан уыд журнал «Мах дуг» æмæ нæ советон фысджыты раз. Сæххæст кодтой сæ нысан? Басæттын хъæуы, – не сæххæст кодтой, куыд æмбæлди, афтæ. Æппындæр басусæг кæнинаг не стæм не стыр æнтыстытæ дæр, фæлæ нæм уыцы стыр æнтыстытимæ хъæнтæ, аиппытæ кæй разынд, уый æппæты фыццаг бæрæг кæны, къæрцхъусдзинад кæй фæлæмæгъ кодтам, хæддзуйы уагыл кæй ацыдыстæм нæ иуæй-иу куыстыты-фыстыты.

Æвдисæнæн райсæм, æмбал Бæдоаты Хъ. йе статьяйы цы социализмы «къæсæры» кой кæны, уый.

Æмбал Молотов Советон Цæдисы Советты VII съезды загъта, «нæ бæстæйы социализм бынтон кæй фæуæлахиз ис», уый. ÆК(б)П XVII съезды æмб. Сталин дæр йæ историон стыр ахадæг ныхасы иттæг бæлвырдæй равдыста, æгас дунейы бæстæты æхсæн æрмæст мах бæстæйы фидарæй кæй рæзы хæдзарад дæр, æрмæст мах бæстæйы кæй бантысти социализмы фæуæлахиз. Нæ программон раздзырды та мах кæнæм æрмæстдæр социализмы къæсæрмæ балæууыны кой, – уый дæр фыццаг фондзазоны райдайæны нæ, фæлæ «абон» (ома 1934 азы). Уый у политикон егъау рæдыд, уымæн æмæ бынтон зыгъуыммæ кæны, нæ партийæн, кусæг къласæн æмæ колхозонтæн ахъаззаджы къассон тохы руаджы а фæстаг къорд азы дæргъы цыдæриддæр бантысти, уыдон. Уыцы рæдыд мах фæстæмæ здахы æмæ нæ абоны (æмæ, чи зоны, сомбоны) дæр архайын кæны, 4–5 азы размæ цы нысæнттæ æмæ методтæ æвæрдтам нæ разы, уыдонмæ. Æмбал Бæдойы-фырты статьяйæ бæрæг кæны, ахæм хицæн чысыл рæдыдтытæ куы акъорд вæййынц (мæнæ «Мах дуджы» куыд аисты, афтæ), уæд тæссаг кæй свæййы рæдыдтыты æнæхъæн системæ сырæзынæй дæр.

Уæлдæр кæй æрхастам, уыдонæй дарддæр æмб. Бæдоаты Хъ. кæй кой кæны, уыдон дæр равдыстой къæрцхъусдзинады нæ уæвын. «Мах дуг» йæ размæ цы хæстæ сæвæрдта, уыдонмæ гæсгæ хъуамæ «советон фысджыты куыстæн æххуыс кодтаид», хъуамæ фаг бацархайдтаид «ирон литературæйы идейондзинад æмæ аивад ноджы бæрзонддæр кæныныл». Æмæ уый

афтæ куы уыдаид, уæд куыд æгъдауæй рацыдаид мыхуыры Хуадонты Иссæйы националистон-троцкистон роман «Устур горæти», куыд æгъдауæй рацыдаид иннæ ахæм – Фæрнион Къостайы пьесæ «Хæрзбон»? Советон ирон литературæйы цы къалассон тох цыди, уый цыди иуæрдыгæй, интернационализмы тырысаты бын чи лæууыди, уыдон, иннæрдыгæй та æргом æмæ сусæг националистытимæ. А фæстæгтæн сæ номхæссæн тырыса уыдис «Малусæг» – журналы алфамбылай фысджыты иугонд.

Хъуамæ иунæг секунд дæр рох ма кæна, махæн кæд социализм аразыны хъуыддаджы стыр æнтыстытæ нæ къухы бафтыди, кæд националистон элементтæ сæхи мынæггондæй дарынц, уæддæр кæй нæма фæцис тох семæ æмæ кæддæриддæр æцæг хæрзифтонгæй лæууын кæй хъæуы уыдон ныхмæ дæр, уый.

«Мах дуджы» №5–6 редакци цыбыр раздзырд дæтты фольклоры тыххæй æмæ дзы иу ран фыссы: «...Адæмон уацмыстæ кæй хонæм, уыдон æвдисынц æфхæрд, ссæст æмæ талынг фæлтæрты цæстæнгас.

Кæд уацмысты арæх вæййы хуыцæутты кой, зæдтæ, хæйрæджытæ, базырджын æфсургъытæ æмæ æндæртæ, уæддæр сæ апп уыдон нæ вæййынц. **Ныртæккæ ницы уыйас тас и ацы койтæй** (Бахахх кодтам мах. – *С. К.*).

Раст зæгъын хъæуы, мах бæстæйы кусæг адæм æмæ колхозонтæ фыццагон кусæг адæм æмæ зæхкусджыты хуызæн талынг æмæ æнахуыргонд нал сты, фæлæ уæддæр раст нæу, дины фæдыл хъуыдытæй æмæ ныхæстæй «ныртæккæ ницы уыйас тас у», уый. Фыццагон заманты, сæфт къласы идеологийы тæфаг ма æрæмбудæн ис абон дæр. Уымæ «хæлар, фидыды уаджы цæстæй» кæсын нæ хъæуы, фæлæ судзаг, æнæрæнцой тох самайын хъæуы йæ ныхмæ. Æмб. Сталин фысджыты схуыдта «удты инженертæ». Уыцы ныхасы фæдыл схонæн ис фысджыты мыхуырон оргæнты та сæйрагдæр æрмадзтæ. Æмæ афтæмæй цас фидауы, «Мах дуджы» редакци ахæм хъуыддæгтæм йæ къæрцхъусдзинад бынтон кæй суагъта, уый? Максим Горький бирæ хæттыты дзырдта адæмы уацмысты стыр ахадындзинады фæдыл. Фæлæ уый никуыдæр дзырдта афтæ, æмæ цыма «хуыцæутты, зæдты, дауджыты» æмæ дины æндæр ахæм нысæнттæй ницы уыйас тас у. Уый нæ, фæлæ Максим Горький æдзухдæр фæдзуры, адæмы зондады ивгъуыд замантæй цы сафинаг хъуыдытæ (пережитки прошлого в созна-

нии людей) баззад, уыдон цас стыр фыдбылыз сты ӕмӕ сӕ цы мадзалӕй сафын хъӕуы, уый.

Бӕдоаты Хъазыбеджы ныхӕстыл разы уӕвгӕйӕ, нӕ рӕдыдтыл сӕттгӕйӕ, мах уӕддӕр уый зӕгъын фӕразӕм, ӕмӕ нӕ хъӕнтимӕ махмӕ кӕй ис стыр ӕнтыстытӕ дӕр, кӕд сӕ ам хицӕнтӕй нӕ ранымайдзыстӕм, уӕддӕр.

«Мах дуг»-ӕн йе стырдӕр хъӕнтӕй схонӕн ис уый, ӕмӕ нӕ алфамбылай цард фаг кӕй не 'вдисы, стӕй йӕ аразыны тохы аккаг бынат кӕй не 'рцахста, уый.

Журналы ма зынгӕдӕр бынат ахсы ивгъуыд заманты тематикӕ, фаг ӕрмӕгӕй дзы нӕй равзарӕн, «Мах дуг» кӕй цӕуы советон Цӕгат Ирыстоны, индустрион-аграрон бӕстӕйы, ӕххӕст коллективизациджын бӕстӕйы, чиныгӕй кӕсын-фыссын ӕппӕт дӕр кӕм базыдтой, национ йӕ хуызӕй, социалистон йӕ аппӕй, – уыцы културӕ тынг бӕрзӕндтӕм кӕм схызти, уыцы бӕстӕйы.

Иттӕг разы стӕм Бӕдоаты Хъ. уымӕй дӕр, ӕмӕ ног фысджытӕ, цас ӕмбӕлы, уыйбӕрцӕй кӕй нӕма ӕрбацыдысты «Мах дуг»-мӕ. Уый та уымӕн афтӕ у, ӕмӕ нӕ редакци фаг разамынд дӕттын нӕма бафӕрӕзта ног фысджытӕн, ирон литературон змӕлды йӕ аккаг фидар бынат нӕма ӕрцахста.

Нӕ куысты хъӕнтӕ ӕргом кӕнгӕйӕ ӕмӕ афтӕмӕй сомбоны хӕстӕ бӕрӕг кӕнгӕйӕ, мах уӕддӕр уӕлдай хатт уый зӕгъинаг стӕм, ӕмӕ «Мах дуг» карз тох кӕй кӕндзӕн ӕрмӕджы хӕрзхъӕдыл. Фӕсивӕд-фысджыты, ног фысджыты литературӕмӕ кӕнгӕйӕ, «Мах дуг» уыдонӕй дӕр домдзӕн куысты хӕрзхъӕддзинад – аивдзинад, бӕрзонд идейондзинад ӕмӕ къӕрцхъусдзинад.

«Мах дуджы» редакци хӕсджын кӕны нӕ ирон газетты – се 'ппӕты фыццаг та, Бӕдоаты Хъазыбег редактор кӕмӕн у, уыцы газет «Рӕстдзинад»-ы, цӕмӕй райдайой кусын ног фысджыты ӕхсӕн се 'рвылбон куыстӕй, сӕ литературон раст амынды фӕрцы уыдон хъуамӕ сбирӕ кӕной нӕ ног фысджыты нымӕц ӕмӕ сын сбӕрзонд кӕной сӕ куысты хъӕд.

*«Мах дуг», 1935 аз, №1–2*

*БÆДОАТЫ Хъазыбег*

# «МАХ ДУГ»

**Цæгат Ирыстоны советон фысджыты цæдисы аив-литературон æмæ æхсæнадон-политикон мæйон журнал. Рацыди дзы æхсæз номыры – цыппар чиныджы. Йæ редактор – Къосирати Сæрмæт.**

Цæгат Ирыстоны фæллойгæнджыты политикон æмæ культурон рæзты æвдисæнтæй иу у нæ аив-литературæ æмæ нæ советон фысджыты рæзт бæрцæй дæр æмæ хъæдæй дæр. Уый дызæрдыггаг никæмæн у. Уымæн æвдисæн у уый, æмæ нæ фысджытæн арæзт æрцыди сæрмагонд организаци – советон фысджыты цæдис. Ис дзы 12 уæнджы, ис йæ алыварс актив ног рæзгæ фысджыты фæлтæрæй. Фысджыты цæдис рауагъта æмæ цæуы мæйон аивады литературон журнал «МАХ ДУГ». Уый иттæг стыр хъуыддаг куыд у, уымæ гæсгæ зæгъын хъæуы йæ хорздзинад, йæ аиппыты тыххæй иу дыууæ ныхасы.

Журналæн йæ хæс у, цæмæй æвдиса фыссæджы аив ныхасæй, Цæгат Ирыстоны мидæг социалистон арæзтад куыд цæуы, куыд хъæбатыр тох кæнынц кусджытæ, колхозонтæ æмæ фæллойгæнджытæ коммунистон партийы разамындæй социалистон арæзтады æппæт къабæзты дæр, куыд цæттæгонд цæуы адæймаг йæхæдæг æнæкъласон социалистон æхсæнадмæ бацæуынмæ – ома социалистон хъомылад.

Уыцы хæс журнал йæ размæ æвæргæ дæр кæны йæ фыццаг номыры раздзырды.

Ацы ран цыбырæй зæгъынмæ хъавæм, цас сарæхсти абоны онг уыцы хæсимæ æмæ цы нæма сæххæст кодта уыцы хæсæй. Фæлæ ныхас тынгдæр цæудзæни, журнал «Мах дуг»-мæ цы рæдыдтæ уыди æмæ цы хъуагдзинæдтæ ис, уыдоны тыххæй.

Уыдон сты ахæмтæ: политикон рæдыдтæ, фаг кæй не ‘вдисы абоны хæстыл (куыстытыл) тох, ома тематикæ у актуалондæр хъуаг, стæй фаг нæ кусы ног райдайгæ фысджытимæ.

Æрдзурæм уыдоныл хицæнтæй.

Журнал йæ фыццаг номыры цы раздзырд фыссы, уым ис афтæ фыст: «Фæзынди, сæвзæрди æмæ дарддæр фидар кæны

ахæм экономикон базæ, кæцы фадат радта зæронд Уæрæсейы талынг, æфхæрд адæмтæн абон балæууын социализмы къæсæрмæ». Ацы ранæй фыццаджыдæр бæрæг нæу, куыд «фæзынд» æмæ «сæвзæрди» уыцы фадат (ома тохы руаджы, æви афтæ хæддзуйæ), стæй афтæ зæгъы, цыма нæ баци æрмæст «абон балæууын социализмы къæсæрмæ». Ома уый афтæ æмбарæн ис, цыма уыцы номыр мыхуыры куы цыдис – 1934 азы майы мæйы, – уæд бахызтыстæм социализмы къæсæрмæ. Афтæмæй та мах зонæм, кæй сарæзтам фыццаг фондзазоны мидæг социалистон экономикæйы бындур, кæй бахызтыстæм дыккаг фондзазоны – æнæкълассон социалистон æхсæнад аразынмæ.

Стыр гуымиры политикон рæдыдтытæ æруагъта редакци Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххæй фысгæйæ. Зæгъæм, мæнæ Коцойты Арсены мысинæгты тыххæй «Брытъиаты Елбыздыхъойы тыххæй» (№ 5–6). Уым райдайæны Арсен фыссы Дæргъæвсы тыххæй æмæ йæ афтæ хоны: «... Хуымæтæджы рæстæджы адæм æвууылдтой хъæбæрхоры кæнæ нартхоры кæрдзын донимæ, æхсыримæ кæнæ цыхтимæ, дзидза та уыдтой æрмæст хистыты, куывдты, чындзæхсæвты. Фæлæ бæрæгбон ралæууыди, уæд-иу алы хæдзары дæр – кусарт, бæгæны, арахъхъ. Хъазт, худт, зард, фæндырдзагъд, куывдтæ, хуындтытæ, – сыскъуынæн сын-иу нал уыдис».

Ацы скъуыддзагмæ гæсгæ, стæй йæ мысинæгты разæй куыд зæгъы Арсен, уымæ гæсгæ, «хъæздыг хъæутæй нæ уыдис Дæргъæвс», æмæ цыма иууылдæр æмхуызон цæрæг уыдысты Дæргъæвсы адæм, афтæ æвдыст цæуы. Фæлæ уый раст нæу, кълассон дихтæдзинад ам ацыди, Арсен куыд дзуры, уымæй бирæ раздæр, хæхбæсты цы мæгуыртæ уыди, «йæ сихор, йе ‘хсæвæр – йæ мæт» кæмæн уыдысты, йæ цары хæлынбыттыртæ кæмæн уасыдысты, стæй йæ «афæдзы мызд иу хоры кæфой» кæмæн уыди, уыдоны тыххæй фыста йæ заманы Хетæггаты Къоста дæр, афтæмæй йæ уыцы хуызонæй не ‘вдисы Коцойты Арсен, редакци та цыма йемæ разы у, уый хуызæн æй æнæ исты койæ мыхуыр кæны.

Брытъиаты Елбыздыхъойæн йæхи тыххæй дзургæйæ, Арсен ракодта альманах «Малусæг» æмæ йæ литературон къорды кой æмæ зæгъы: «Уыцы къордæн йæ саразджыты зынгæдæртæй иу уыдис Брытъиаты Елбыздыхъо. Абон ын йæ амæлынæй иуæндæс

азы бон мысæм йæ ном æмæ йын хъуамæ æрмæст йæ рæсугъд пьесæты тыххæй нæ, фæлæ йæ уыцы куысты тыххæй дæр зæгъæм бузныг». Арсен, стæй «Мах дуджы» редакци æнæ зонгæ не сты, «Малусæджы» программæ кæй уыди реакцион программæ, уыцы «литературон къорд» йæхицæн хæсæн кæй æвæрдта равдисын **«... нæ æгъдæутты бæрзонддзинад, нæ æвзаджы хорздзинад, нæ æхсар, нæ намыс»**, уыдон хъæрæг кæй кодтой, зæгъгæ, «революци куы райдыдта... уæд чысыл адæмтæ сæхимæ æркастысты, сæхи батымбылтæ кодтой, цæмæй стыр змæсты фæйлауæнты ма фесæфой... Фæлæ ирон адæмæн фадат нæ æрцыди сæ царды уавæртæ аразын хи къухтæм райсын». Уый тыххæй Брытъиаты Елбыздыхъо æмæ Бекъойы-фыртæн арфæ хъæуы?

Ноджы Арсен æппæлы Бекъойты Дзипкайæ, зæгъгæ, «уый тынг зæрдиагæй бавнæлдта хъуыддаг рæвдз кæнынмæ» (ома «Малусæг» рæвдз кæнынмæ), уый та у ацы контрреволюцион раздзырды автор.

Афтæмæй уæддæр уыцы стыр къуыппытæ алæгъз кодтой, Брытъиаты Елбыздыхъойы ном мысгæйæ. Уый раст нæу. Дзыллæйæн алцы хъуыддаг дæр хъæуы йæ номæй хонын, æмæ кæсæджы сæр ма кæна дзæгъæлтæ, раст æмбара хъуыддаг.

Зæгъын хъæуы уый дæр, æмæ редакци йæхицæй ницы загъта Елбыздыхъойы тыххæй, æмæ кæсæг нæ зоны, цавæр аргъ кæнын хъæуы Елбыздыхъойæн, уый.

Кæнæ райсæм Елбыздыхъойы биографи («Мах дуг» №5–6) йæ хуызисты цур мыхуыргондæй. Уым фыст ис, зæгъгæ, Елбыздыхъо йæ фæстæдæр фыстыты ацыд нарæг национ къуындæг проблемæтæй æппæт фæллойгæнæг дзыллæты ссæрибар кæныны фарстатæм (трагеди «Амран»).

Ацы ран дæр афтæ. Кæсæгæн раст æмбарын кæнын хъæуы, Брытъиаты Елбыздыхъо цавæр партийы уыди æмæ, «нарæг национ проблемæтæй æппæт фæллойгæнджыты ссæрибар кæныны проблемæтæм рахизгæйæ», уыцы хъуыддаг куыд æмбарын кодта, уый, ома йыл Елбыздыхъо дзуры, куыд пролетарон революционер, афтæ нæ, фæлæ лыстæг буржуазон интеллигенты цæстæй (трагеди «Амран»). Уый дæр æргом зæгъын хъуыди, æмæ йæ кæсæг зона æмæ раст аргъ кæна Елбыздыхъойæн, куыд фыссæгæн, стæй куыд политикон фигурæйæн.

Ис ма дзы ахæм «лыстæг» рæдыдтытæ дæр. №3–4 ис мыхуыргонд Дзанайты Иван æмæ Дзесты Куыдзæджы очерк «Бе-

тонæмдых герой», зæгъгæ. Уым ис иу ран ахæм фыст: «Мемæ ма куыста дыууæ уырыссаджы æмæ алыгъдысты. Мæнæн дæр дзырдтой – алидз, науæд ам куыдзы мард ныккæндзынæ, зæгъгæ, фæлæ æз уыдонмæ нæ байхъуыстон». Ис уыцы номыры ноджы Цæголты Георгийы фыст «Петушок! Петушок!», зæгъгæ. Уымæн йæ хъуыды у афтæ: цыдæриддæр ирон æвзагыл чингуытæ рацыди, уыдон 3–4 фæстæмæ, стæй афтæ ног ирон фысджытæ дæр ницæмæн бæззынц, нæй сæ апп, сты æнæуд æмæ æнд.

Журнал цæуы дунейыл æппæты диссагдæр дуджы – социалистон арæзтад йæ тæккæ тæмæны куы бацыди, мингай раджыйы талынг æмæ фынæй фæлтæртæ куы райхъал сты æмæ стыр æнувыдæй социалистон арæзтады куы бацыдысты, культурон революцийы цæхæртæ дардыл куы пырх кæнынц, уæд. Афтæмæй уыцы æппæт фарстатæн фæстæмæ æххæст дзуапп нæ, фæлæ сæ хæрз чысыл уыны журнал, зæгъгæ, зæгъæн ис, уæлдайдæр фыццаг дыууæ номыры («Сих», «Зæронд фынтæ», «Иссæ æмæ Нох» – Къубалты Ал. фыстытæ, «Цыппар æмæ ссæдз боны» – Коцойты Арсены фыст, «Чермены зарæг» – Болайы-фырты, «Иу бон» æмæ «Сахары уынгты» – Фæрнионы романы скъуыддзæгтæ). Ис дзы æнæнысан рæстæджы æмæ æнæ æргом хъуыддаджы фæдыл фыст æмдзæвгæтæ: «Хур – фæдисон» æмæ «Нæ тæрсын æз» – Нигеры фыстытæ, «Кизгайи зар» – Малиты Георгийы фыст æмæ æнд.

Стыр хъуагдзинад у журналы редакцийæн, ног райдайгæ фысджыты фæллæйттæй дзы мыхуыргонд кæй нæ цæуы, стæй сын амынд (консультаци) кæй нæй журналы, уый. Æхсæз номыры ис æрмæст æртæ æмдзæвгæйы ног райдайгæ фысджытæн (Æгъуызарты Г., Токаты Асæх æмæ Хозиты Яковæн).

Ацы рæдыдтæ тагъддæр саразын хъæуы редакцийæн. Большевикон къæрцхъусдзинад хъуамæ уа идеологон фронты ацы ахсджиаг участокы. Йæ тематикæйы зынгæ фылдæр хай журналæн хъуамæ уа абоны ахсджиагдæр фарстатæ. Журнал хъуамæ дæс хатты тынгдæр фæкæна йæ куыст æвзонг райдайгæ фысджытимæ, мыхуыр сын кæна сæ фыстыты хуыздæртæ, дæтта сын консультаци, æмæ ахуыр кæной.

*«Мах дуг», 1935 аз, №1-2*

*Я. ЛУРЬЕ*

# ГНЕЗДО БУРЖУАЗНЫХ НАЦИОНАЛИСТОВ

Перед научно-исследовательским институтом Северной Осетии стоят огромной важности задачи. Институт должен выращивать кадры молодых ученых. Во всей своей повседневной работе институт должен быть тесно связан с социалистическим строительством. Путем живой связи с учебными заведениями, со всеми культурными учреждениями, путем издания печатных научных трудов по актуальным вопросам Институт должен принимать непосредственное участие в этом строительстве.

Однако эти задачи институт не решил. Почему? Потому, что там окопались враги народа – буржуазные националисты и делают свое гнусное дело.

Много лет директором института был профессор Дзагуров. Этот верный слуга «правителя Осетии» деникинского полковника Хабаева, «директор народных училищ» при белых, сумел после окончательного установления советской власти на Кавказе пролезть в партию. Это двурушник, на словах распинавшийся за советскую власть, проваливал каждое дело, которое ему поручали. Точно так же поступал он и будучи директором института.

После него директором был Гарданов. Он не выправил положения, не ликвидировал последствий идеологического вредительства Дзагурова.

Наконец, последний год директором института – Баракова. Она продолжает и сейчас дзагуровскую линию. Уже давно разоблаченный как буржуазный националист и исключенный из партии, Дзагуров продолжает руководить литературным отделом института.

На должность руководителя лингвистическим отделом Баракова пригласила другого буржуазного националиста – профессора Алборова.

Все руководство институтом – в руках этих трех человек. Что они делают?

Подготовка кадров. За 12 лет, что существует институт, в нем

перебывало 56 аспирантов. Ни одного из них нельзя считать прошедшим полный курс аспирантуры, так как не один не защитил диссертации. 7 человек из 56 учатся сейчас, 11 считается окончившимися условно так как курс прошли, но диссертации не защитили, остальные – «отсеялись».

При каких условиях происходил этот «отсев»?

Дзагуров окружил себя троцкистами и буржуазными националистами. Долгое время ядро института составляли враги народа Косирати, Дзесов, Мартиросов, Дзасохов, Дарчиев. Эти люди безнаказанно занимались вредительством. Все, кто пытался выступать против этого вредительства исключались из института.

Так был исключен с последнего курса аспирантуры член партии В. Тегкаев, так за самокритику были исключены коммунисты Кайтуков и Джанаев.

Из 11 человек, окончивших аспирантуру (хотя бы и без диссертации), не один не остался при институте в качестве научного работника. Коммунисты Барон Боциев и Хадаев и беспартийный Бигулов окончив аспирантуру, были некоторое время научными сотрудниками. От них скоро избавились, как от «неспособных».

И так, никаких кадров институт за 12 лет не подготовил.

Чем же он занимается?

Посмотрим его печальную продукцию.

Раз в 2–3 года институт выпускает пухлый сборник статей по самым различным вопросам, именуемый «Известиями института». Нет ни одного из этих сборников, где бы враги народа не протаскивали троцкистскую, буржуазно-националистическую контрабанду. В 2-х последних сборниках содержаться такие ошибки, такая клевета на партию и советскую власть, что эти сборники пришлось изъять.

Мы заинтересовались содержанием того сборника, который готовится к печати в настоящее время. В него предполагается включить статью «Философское понимание материи, основанное на арифметике представлений». Статья попала в институт совершенно случайно.

Следующая статья: «Кормовые достоинства сена Сунженского плоскогорья Северо-Осетинской АССР».

Следующая: «Имя прилагательное в осетинском языке...».

«Сунженское сено» между «арифметикой представлений» и «именем прилагательным». Бред сумасшедшего или хуже? Люди, не желающие пальцем шевельнуть для решения насущнейших вопросов сегодняшнего дня, занимаются чем угодно. Только не тем, что от них требуется. Они подбирают первые попавшиеся рукописи и без всякой системы суют их в сборник, выход которого в свет должен показать, что научно-исследовательский институт еще жив, что он выпускает «Известия», что он исследует... «сунженское сено» попутно с «арифметикой представлений...».

Другая работа «в плане» озаглавлено так: «Миссионерская деятельность православного духовенства с колонизаторской деятельностью царизма в Осетии XVIII столетия».

Еще одна: «Собирание материалов по установлению исторической даты по истории гражданской войны в Осетии». Этот труд создает для института Мулукаев, исключенный из ВКП (б) за службу у белых.

Такого же характера большинство остальных тем. Научной истории Осетии до сих пор нет. Необходимость в создании книги по истории Осетии давно назрело, но этим делом институт не занимается. Нельзя объяснить такое положение вещей простым недомыслием. Это – организованный саботаж. Вот факты:

Все учебные заведения в Осетии кричат в один голос: «Дайте нам грамматику осетинского языка!» Серьезный научный труд по осетинской грамматике необходим. Дозарезу нужен хороший школьный учебник грамматики. Этих книг нет. Есть три учебника грамматики – Алборова, Багаева и Сеоти – и все три противоречат друг другу. Первейшая обязанность института создать, – наконец, доброкачественный учебник. Это работа давно включена в план работ института. Она поручена Алборову. Проходят месяцы и годы. Планы меняются, но грамматика фигурирует в каждом плане: ею никто не занимается. Алборов подготовил зато к печати за последнее время такие «актуальные» труды: «Задалеск-Ханасский говор дигорского диалекта», «Происхождение религиозного праздника Джиоргуба».

Алборов считается в институте непререкаемым авторитетом. Почему? Что дает ему право на это, кроме бесконечных ошибок? Он издает «Абречьи песни» и «Историю осетинской письменности» и проявляет себя в этих работах как буржуазный

националист. В работах по осетинской грамматике он идет вразрез со всем советским языкознанием, говоря о происхождении осетинского языка от мифического индоевропейского «праязыка». Советская наука о языке говорит, что человечество от великого множества языков идет к единому языку. По Алборову получается наоборот: был один «праязык» и он все больше и больше разветвляется.

Второй авторитет – Дзагуров. О прошлом его мы уже говорили. Обман партии. Подрыв работы органов народного просвещения в Осетии. Составление контрреволюционного сборника. Дзагуров вместе с Сарматом Косирати клеветал на народного поэта Осетии Коста Хетагурова, заявляя, что Коста происходит из контрреволюционно-настроенной буржуазной интеллигенции и считать его поборником освободительного движения нельзя. Не в интересах Дзагурова, чтобы осетинский народ любил и изучал своего поэта. Он хотел бы спрятать Коста от своего народа.

Такая установка не случайна. Дзагуров составляет программу преподавания осетинской литературы в средней школе и протаскивает в этой программе творчество буржуазно-националистически настроенного поэта Малиева, а произведения советских молодых осетинских писателей в программу не включает. По такому же принципу составляет он и хрестоматию.

А Коста институт, все-таки спрятал. Основная работа института на 1936 год была подготовить академическое издание Коста Хетагурова в 4-х томах. Была создана редакционная комиссия, которая абсолютно ничего не сделала. По приказу Бараковой эта комиссия была распущена и назначена другая. Председателем этой комиссии считается сама Баракова. Эта комиссия тоже до сих пор абсолютно ничего не сделала.

Все рукописи Коста хранятся в институте. Как хранятся? Года три назад три рукописи пропали. Одну из них в последствии писатель Ив. Джанаев купил у своего же студента в ОСПИ. Две другие исчезли бесследно.

Это никого и нечему не научила. Недавно из шкафа стоявшего в кабинете Бараковой, пропала ценнейшая рукопись – блокнот Коста, его подарок невесте – Цаликовой. В этом блокноте, примерно на 40 листах, рукою поэта были записаны лучшие его стихи. Враг народа Косирати имел свободный доступ ко всем

этим рукописям. Он в буквальном смысле слова спекулировал документами, имеющими отношение к биографию поэта. Получив бесплатно кое-какие материалы, продавал их институту за большие деньги.

Научно-исследовательский институт существует много лет. Все условия для плодотворной работы были. Однако, он не подготовил молодых советских научных кадров. Он не создал ценных научных трудов. Он ничем не помог социалистическому строительству в Осетии. Пролезшие к руководству института буржуазные националисты сгруппировали вокруг себя контрреволюционную нечисть, вышвырнув из института всех способных и честных людей.

*«Пролетарий Осетии»,*
*15.04.1937*

# ИРОН
# ПРОЗÆЙЫ
# АНТОЛОГИ

# МАЛИТИ ГЕУÆРГИ

*(1886–1937)*

*Зындгонд ныхæстæн, «Революци хъæбулхор у», зæгъгæ, æвдисæн кæй хъысмæт у, уыдонмæ хауы Малиты Гæдойы фырт Геуæрги дæр.*

*Уый райгуырди Чырыстонхъæуы (ныр горæт Дигора) 1886 азы 23 октябры (зæронд нымадæй). 1902 азы Мæхческы дыууæкъласон скъола каст куы фæцис, уæд цыппар азы дæргъы фæцахуыр кодта Æрыдоны семинары, æцæг дзы кæронмæ нæ баззад – 1907 азы йæ рацух кодтой, ахуырдзауты змæстыты кæй архайдта, уый тыххæй.*

*Уæрæсемæ афтыд. Фæлæ йын æнæхъæн егъау бæстæйы, йæ ахуыр дарддæр кæм ахæццæ кодтаид, иу ахæм бынат нæ разынд. Сыздæхт фæстæмæ æмæ Мæздæджы газет «Терек»-ы иу афæдз уацхæссæгæй бакуыста, стæй 1914 азæй 17-æм азмæ уыд ахуыргæнæг-репетитор.*

*Уырыссагау цы уацтæ æмæ æмдзæвгæтæ фыста, уыдон ын мыхуыры цыдысты газеттæ «Терек», «Горская жизнь», «Владикавказский листок», «Хабар», «Терские ведомости»-йы. Уæдмæ бæстæ абухын райдыдта. Геуæрги йæ тохæмбæлттимæ бындур сæвæрдта демократон парти «Кермен»-æн, ссис йæ сæрдар.*

*Бонтæ цыдысты. Геуæрги йæ зонджын цæстытæй уыдта, большевиктæ цард керменистты райдианы идеалтæй куыд дард кæнынц, сæ сырх тырыса адæмы тугæй куыд сырхдæр кæны, уый. Æмæ йæхи фæиуварс кодта политикон архайдæй – ацыд Дыгургоммæ. Ам рæбинагдæр хъæу Гулæры куыста ахуыргæнæгæй.*

*Фæлæ ног хицаудзинады æргæвдæн кард ссис ахæм лозунг: «Махимæ чи нæй, уый нæ ныхмæ лæууы!»*

*Геуæрги та нæ уыд семæ, нæ сыл фыста, æхххуырст æмæ тугтарст поэттау, одæтæ æмæ гимнтæ. Уыдон дæр ыл ацъапп ластой «Уголовное дело №ФС – 1740» æмæ дзы ныффыстой: «Малиев Георгий Гадоевич... 4.12.1937 года Тройкой НКВД СО АССР за к.р. (контрреволюционную) деятельность осужден на 10 лет И.Т.Л. (исправительно-трудовых лагерей).*

*Уыцы концентрацион лагерьты йын йæ туг банызтой æхсныфæй, бахус ын кодтой йæ уд, æмæ Дард Хурыскæсæны Бирлагы 1942 азы 30 майы æцæгæлон зæххы хай бацис...*

*Геуæргийы уацмыстæ хицæн чингуытæй джиппы уагъд цæуынц 1924 азæй фæстæмæ. Æппæтæй æххæстдæр æмбырдгонд та у чиныг «Уадзимистæ» (рауагъдад «Ир», Дзæуджыхъæу, 2005).*

# НОВЕЛЛÆТÆ

## ФЕДОГИ МÆЛÆТ

Гъæууон къæнцæлармæ бацудæй бæрзонд, ставд кæндтитæ лæг. Зæронд цæрмин пихцилтæ ходæ, зæронд æмпъузтитæ цохъа гæрзин ронæй баст, фæсбунфий худихалд дзабуртæ адтæнцæ æ дарæс. Йе адтæй гъæууон федог Дадо. Цудæй Дадобæл, æвæдзи, æртинсæй анзи фулдæр, уотæ зæгъун æнгъизтæй, уой æнхъирдтæ цæсгон æма уорсалист закъæмæ кæсгæй.

Къæнцæлари стъоли сæргъи бадтæнцæ йефтонг лæхъуæнлæг, гъæуихецау, æма æд кæсæнцæститæ каргин уруссаг писир.

– Уæ райсом хуарз! – исдзурдта сæмæ Дадо.

– Арфæгонд уо! – загътонцæ йин йетæ дæр.

Йеу усмæ, уæдта гъæуихецау курæти дзиппæй уорс къохмæрзæн исиста æма ‘й æ цæсгонбæл радаудта.

– Гъи, Дадо, – загъта йе æрæгиау, – гъигæ дин уодзæнæй, æвæдзи, фал дæ цохвæндæ скодтан.

– Куд цохвæндæ? – къех фæрсæ ракодта Дадо.

– Æндæр федог ихуæрсæн, – загъта гъæуихецау. – Ду æрзæронд дæ, дæ хъур сфæлмаст æй, æма федогæн нæбал бæззис.

Æгуппæг цума фæцæй, уотæ йеу усмæ Дадо дзорунгъон нæбал адтæй, æ бауæр диз-диз кодта; æ хузæ нийвадæй, хеди тæф рагъардта йе ‘нхъирдтæ тæрнихæй.

Дæс æма инсæй анзей бæрцæ йе федогæй фæххаттæй гъæргæнгæ устур дзилли гъæунгти. Дадо, цид, ку рацæуидæ гъæр кæнунмæ, уæд гъæунгтæ адæмæй байдзаг уиуонцæ, нихæси зæрæндтæ сæ дзубанди ниууадзиуонцæ, силгоймæгтæ къæрæзгитæй, каути цъæстæй нийгъосиуонцæ; биццеутæ уадæнцæ, цид, æ размæ. Уотемæй гъæунгæй гъæунгæмæ, гъæуи йеу кæронæй иннемæ гъæргæнгæ хаттæй зæронд федог Дадо.

Анз дууæ-æртæ хатти бегарай уæрдун æма къæбиси хæццæ дзиллæбæл æрзелидæ æ мизд йесунмæ.

Лæвардтонцæ йин – ка æхца, ка мæнæуæ, ка нартихуар, ка æндæр йести. Уотемæй, хуæздæр цардмæ æнæбæлгæй, хаста зæронд Дадо æхе æма æ зæронд хæфцæстæ уоси, – зæнæг ин нæ адтæй. Ци ма кæна? Куд ма дара æхе, косæн дзаумау имæ ку неци йес?

– Ци дин кодтон? Цæмæн мæ исафис? – кæунгъæлæсæй батхалдта йе гъæуихецаумæ.

– Неци мин кодтай, – загъта гъæуихецау, – фал дин ку зæгъун, базæронд дæ æма федогæн нæбал бæззис.

Дадо куддæр гъæла кæсæ никкодта, гъавта ма цидæртæ зæгъунмæ, фал уоди унгæгдзийнадæ хъурмæ схъæрттæй æма ‘й дзорун нæбал уагъта.

– Æндæмæ цо, ма нæ хъор кæнæ, – загъта йин еу усми фæсте гъæуихецау.

Дадо бадонзонуг æй, æ бæрзæй ин цума устур гъелæй ницъцавдæй, уотæ имæ фæккастæй, æма гупгæнгæ рахаудтæй уæлгоммæ.

– Гъей, йесгетæ рацæуæнтæ медæмæ, – радзурдта къæразгæй гъæунгæмæ гъæуихецау, – мæнæ зæронд федог Дадо рамардæй.

## ÆХГÆД ЗÆРДÆ

Сах кастæй рæфтон тæвдæ хор. Æргъау æркъупхæнцæ донбæл æма бонасадæн кодтонцæ. Дони билæбæл, æргъаумæ хæстæг, донхæреси буни бадтан æз æма зæронд гъонгæс Бидзих.

Цудæй мæйи бæрцæ, Бидзихи хæццæ кæрæдзей кæдæй базуд-

тан, уæдæй. Æз йеци сæрдæ цардтæн гъæдрæбун уотари, йе ба уоцирдæмæ йе 'ргъау арæх скъæридæ. Æргъау цалдæн рæфтон уолæфт кæнионцæ донбæл, уалинмæ æз æма Бидзих дзубандибæл исбадианæ донхæреси буни, аууони.

Бидзих адтæй бæзæрхуг, ставдгомау лæг, æ сау цæрмин ходæ, æ зæронд скъудтæ цохъа æмбуд хæдони æндегæй рагæй æййевуйнаг адтæнцæ, фал ин, æвæдзи, цард уæхæн равгæ нæ лæвардта. Гъунтъуз æрфгути бунæй æнкъард æма дæлбункæсæ кодтонцæ уой фæлмæн цæститæ. Бидзих æнæ уосæ ке 'рзæронд æй, уой зудтон, фал гъуддаг цæмæн уотæ 'рцудæй, йе ба мин бæлвурд нæ адтæй.

– Хуарз нæ 'й, Бидзих, – батхалдтон имæ æз, – æнæ уосæй ке 'рзæронд дæ, йе.

– Ци киндæуа, мæ хор, – загъта мин Бидзих гузавæ хъурæй, – амонд агоргæ нæ 'й.

– Нæ, Бидзих, æз уотæ нæ зæгъун.

– Мадта куд зæгъис?

– Амонд нæ агурдтай, æндæра 'й иссердтайсæ.

Бидзих баходæзмолтæ 'й, фал неци исдзурдта йеу усмæ, уæдта равналдта æ галеу фарсмæ, сласта кæрдбадзæй кард æма æ лæдзæги сæр амайун райдæдта. Балæдæрдтæн, мæ дзубандий æздæх æ зæрдæмæ ке нæ бацудæй, уой. Æндæр ести дзубанди æркæнунмæ куд гъавтон, уотæ надæрдиги топпи гъæр фæццудæй. Фæкъкъех ан дууемæй дæр. Уалинмæ нади фездæхæни, урдугмæ æд нимæт, æд топп, гъазгæ æма сергæ фæззиндтæй бæхгин. Уой фæдбæл æрурдуг æй дууæ уæрдуни. Раззаги бадтæнцæ æртæ кизги, сæ еу хизæй æмбæрзт, æма лæхъуæн – бæхдзорæг. Кизгуттæй йеу цагъта фæндур. Иннæ уæрдуни ба бадтæнцæ лæхъуæнтæ. Стур айдæнæ се 'хсæн æрттевæнтæ кодта хормæ. Сегасей фæсте заргæ цудæнцæ бæхгинтæ.

– Атæ киндзхонтæ 'нцæ, – сабургай исдзурдта Бидзих.

Донгони киндзхонтæ бæхтæн дондарунбæл йеу усмæ бадзебæлæнцæ. Донордæг ку фæцæнцæ, уæд зарун гъæр æма фæндури цагъд нæуæгæй исигъустæнцæ. Дзæвгарæ, сæ фæййаууони уæнгæ, сæ фæсте кастан æз æма Бидзих донхæреси бунæй.

– Гъе, Бидзих, – загътон æз ходгæй, – йеци рæсугъди кæмæн фæххонунцæ, уомæ, цума, нæ хицæ кæнис?

Бидзих зæнхæмæ кæсгæй, цидæр бахъур-хъур кодта йæхенимæр, уæдта сиргъувта æ цæститæ мæнæрдæмæ æма мæмæ листкæсæ

никкодта; адтæй цидæр уæззаудзийнадæ йеци касти. Бæрæг адтæй, киндзхонти уиндæмæ уой зæрди цидæр ке 'ригъал æй, йе.

– Амонд агорæ æма 'й иссердзæнæ, зæгъис, фал уотæ нæ 'й, – загъта мин Бидзих æрæгиау, – æз æй агурдтон æма 'й не ссердтон.

– Агорун дæр зонун гъæуй, Бидзих, – батхалдтон бабæй имæ æз, – амонд не ссерундзийнадæ, æвæдзи, дæхе лазæ адтæй.

– 'Ма уой туххæн дин æз æрхæсдзæнæн таус, – загъта мин Бидзих. – Мæ лæхъуæни доги, цудæй мæбæл, æвæдзи, фондз æма инсæй анзи, уæд æз адтæн лæскъдзæрæни йеу гъæздуг æссонмæ, худтонцæ 'й Иналдо. Кæми фиййау, кæми уотаргæс, уотемæй евгъудæнцæ бæнттæ. Уотармæ хаттæй-хатт фæззиннидæ, цид, Иналдой кизгæ Зулемæт. Æхцул, таведзæгæнагæ адтæй йе мæнбæл. Хебæрагæй байзайгæй дзубанди, цид, раеудагъ уидæ не 'хсæн. Адгингъарæ кодта мæ зæрдæмæ уой цъухи дзурд. Арви ирдæй рæсугъддæр адтæй æ цæстæнгас. Ме 'хснуйнаг, ме 'мпъозуйнаг, – гузавæ мæ нецæмæй уагъта, гъуд мæ кодта, мадæй райгургæ хуæрау. Кæми ниллæудтæй ме 'взонг зæрдæ, – фехсайдта Зулемæтмæ, фал ин мæ зæрдиаг ской кæнун ба нæ разæнгард кодтон.

Цудæнцæ бонтæ. Афæй мæбæл ку рацудæй лæскъдзæрæни, уæд нæхемæ цæун фæндæ скодтон.

– Цæй, нур мæ рахецæн кæнæ, – загътон æз еу бон мæ хецауæн, – афонæ мин æй нæхемæ.

– Барæ дæу, – загъта мин йе, – æз дæ нæ къулумпи кæнун, абони сбæрæг кæнæ дæ мизд, исон – фæндараст.

Уотæ зæгъгæй, æссон гъæдæрдæмæ исевгъудæй фæрæти хæццæ – æнгъæлдæн, сæмæйнаг æй æркæнун гъудæй. Йеци бон æз адтæн уотаргæс.

Сæумон гъудтæгонд ку фæдтæн, уæд медосонгæ арти фарсмæ сагъæси бадт бакодтон. Адтæй фæззигон сæлфæг бон, æма мæ зæрдæ æндæмæ не 'хсайдта. Арт сугъдæй мæ размæ, пеллонтæ скъардта аллирдæмæ.

– Ци сагъæс кæнис, Бидзих, – сдзурдæй мæ фæсмæкъур фæлмæн гъæлæсæй.

Ракастæн – мæ размæ лæудтæй ходæзмолтæ идзулддзастæй Зулемæт.

– Æгас цо, Зулемæт, – загътон æз æма фестадтæн арти фарсæй.

– Бадæ, бадæ, цæмæн истис? – сдзурдта Зулемæт.

Фæстæмæ æрбадтæн арти фарсмæ. Зулемæт ба лæугæ байзадæй мæ сæргъи.

– Æз цæунмæ гъавун нæхемæ исон, Зулемæт, – загътон æз йеу усми фæсте.

– Йеугур цуд, æви бæрæг кæнунмæ? – бафарста мæ Зулемæт.

– Йеугур цуд.

– Мадта де ‘мпъозуйнæгтæ æрдарæ, æз ба дин сæ барæвдзитæ кæнон дæ цæунмæ, – загъта мин Зулемæт.

Æмпъозуйнаг мæмæ берæ нæ адтæй – æрмæст мæ йеу дзабур йеу рауæн рахудихалд æй, æма имæ уой равардтон. Зулемæт æндæуосонгæ къудуронбæл æрбадтæй, æриста сæрбæттæнæй æрций æд бæхснуг æма дзабур æмпъозун райдæдта.

«Нур ралæудтæй мæ сахат, – фæндæ кодтон мæхенимæр, – райгон кæнон ин мæ зæрдæ, ци фæдтæн, уой фæдтæн».

Ме ‘уæнгтæ куддæр базир-зир кодтонцæ, фал мæхебæл фæххуæстæн, фестадтæн арти фарсæй æма Зулемæти цормæ рацудтæн. Зулемæт мæмæ куддæр къех каст никкодта, æвæдзи, мæ хузæ мæхе кеми нæбал адтæй.

– Зулемæт! – исдзурдтон æз тæрсгæ хъурæй.

– Ци кæнис? – бафарста мæ йе, дзабур æмпъозун ниууадзгæй.

– Уарзун дæ! Уарзун дæ! – исдзурдтон æз дууæ хатти, уæдта, цума, цавддор фестадтæн, уотæ фегомуг дæн.

Зулемæт рагæпп кодта къудуронæй, фехста мин еуварсмæ мæ дзабур. Дзабур бадæлгоммæ ‘й согфадæни листити ‘хсæн.

– Мæгурдæйраг, – загъта мин йе мæстхузæй, – æз дин тæрегъæд кæнинæ æма дæ æхцул таведзæгæнгæ уомæн гъуд кæнинæ, ду ба æндæр зæрдитæ дæхецæн байвардтай!

Уотæ зæгъгæй, Зулемæт цидæр фæцæй мæ цорæй. Зæнхæ мæбæл разилдæй. Нецибал балæдæрдтæн йеу усмæ. Æз æнгъæл нæ адтæн, Зулемæт мæнæн уотæ зæгъдзæнæй, уой. Фехгæд æй мæ зæрдæ æма нæбал райгон æй уæдæй нурмæ.

Бидзих нигъгъос æй. Æз дæр имæ нецибал исдзурдтон.

– Æргъау фезгули æнцæ, – загъта Бидзих еу усми фæсте æма фестадæй донæхсинцъи бунæй.

Фонс æцæгæй сæхе йесун байдæдтонцæ донæй.

# ХÆРÆ

## I

Йеу сæрдæ æз фæдтæн Дигори. Ци гъæуи цардтæн, уой мæкъурмæ лæудтæй устур, бæрзонд фахс. Фахси тæккæ сæрæй ба гъæумæ цъæх-цъæхид зиндтæй нæзи гъæдæ. Фæсгъæдæ æндиуд æма бæрзонд истонцæ сæхе арвмæ бекъæгун сау хуæнхтæ. Хонхæй, кенæ ба гъæдæй фахсбæл урдугмæ, хормæ æрттевæнтæгæнгæ, гъæуæрдæмæ уадæй йеу сауæдон. Йеу къуар къадай ибæл зилдæй гъæуи дæллæй. Минкъий дæлдæр гъæуæй версти 'рдæги бæрцæ коми хурфи æнсарæ æма гъæргæнгæ пурф кодта Ирæф. Йес Ирæфи сакъадæхтæбæл дæр къадатæ, фал ку райвулуй, уæдта сæ нимпурсуй æма сæ фæлласуй. Ирæф гириз нæ кæнуй.

Хуæнхтæ æма къæдзæхти хæццæ тохун ин зин æй, æндæра мæгур хуæнхаг æхецæн цæмæйдæрти къада басадзуй, уой уомæн фехалунмæ ци гъæуй? Йеу бон æрцудæй устур уарун. Мах æртæ лæги – æз, мæ фусунти лæхъуæн æма нæ синхон Мисирбий, зæронд уорсалист лæг, бадтан медхæдзари æма игон дуарæй кастан æндæмæ. Нецибал бæрæг ахæста цæстæ – арв, хуæнхтæ, зæнхæ, мегъæ æма дон исхæлæмулæнцæ йеугурæй дæр.

– Ирæф бабæй ивулдзæнæй, – загъта Мисирбий, æ рехæ даугæй, – æма ласдзæнæй курæнтти.

– Хуцау ци зæгъа, йе уодзæнæй, – исдзурдта не 'ннæ 'мбал, æ къохтæ æ меддустæ, уотемæй.

– Хуцау дæр ци зæгъуйнаг æй, – райдæдта Мисирбий нæуæгæй дзорун, – адæм исналат æнцæ, кæрæдзей æфхуæрунцæ æма курæнттæ нæ, фал син сæхе ку фесафидæ, уæддæр хуæздæр æй.

– Йес адæммæ хуæрзтæ дæр, лæгъузтæ дæр, – загъта йин не 'ннæ 'мбал, – æма хуæздæртæ лæгъузти туххæй ку фесæфонцæ, уæд йе хуарз куд уодзæнæй?

Мисирбий неци исдзурдта. Æ рехæ радаудта æ къохæй, æ бæзгин æрфгутæ æринцъулдта æма мургъузкæсæ кæнун байдæдта зæнхæмæ. Ци сагъæс кодта Мисирбий, ка 'й зонуй, фал мæнмæ ба уотæ фæккастæй, цума адæм æма уой æхсæн æрзадæй, кæрæдземæ сæ бацæун ка нæ уадзуй, уæхæн синдзин будур.

Æцæгдзийнадæй, куд мин дзурдтонцæ уой фæсте, уотемæй Мисирбий адæми нæ уарзта æма син æхуæдæг дæр уарзон нæ

адтæй... Мулк ин æ фидæй берæ байзадæй, фал имæ нур ба еунæг тикис, еунæг хæрæг, хуми гæппæл æма игуæрдæнæй æндæр нецибал адтæй. Бинонтæй дæр рæвдзæ нæ фæцæй: еунæг фурт ин адтæй æма йе дæр сонт разиндтæй...

– Хуцау зонуй, кæмæн ци ‘мбæлуй, уой, – дзурдтонцæ, Мисирбийи ка нæ уарзта, йетæ. Мисирбий игъуста æма лæдæрдтæй йеци фаутæ æма дзубандитæ, иста сæ æ зæрдæмæ, фал цума неци зудта æппундæр, æхе ба уотæ дардта.

## II

Уалинмæ уарун дæр гъоскæнун райдæдта. Мегътæ сæхе исистонцæ, æма арвгæрæнттæ фæррохсæнцæ. Раргомæнцæ нæуæгæй хуæнхтæ, гъæдтæ æма зæнхæ. Гъæууон мингий æма нарæг гъæунгти фæззиндтæнцæ адæм дæр. Мингий усмæ, уæдта æвеппайди гъæунги гъæр æма згули исцудæй. Ци ‘й йе, зæгъгæ, мах рауадан æндæмæ. Кæсæн æма дин уæлæ фахсбæл сауæдони дондон, арви нæрунау гур-гургæнгæ, дортæ æ разæй тæргæ, рацæуй хæрæ. Йеу устур дор тубудтитæгæнгæ, фæдесони хузæн, раздæр æрхæццæй, исцавта æхе йеу хæдзари сæрбæл, фесхъиудтæй æма рандæй дæлдæр... Ци гъæунги æрцæуйнаг адтæй хæрæ, уой фалдзос адæмæй райдзаг æй. Еугурей цæсгæнттæ дæр адтæнцæ къех æма тарстхуз.

– Гъей, гъей! – цудæй адæми æхсæн гъæр, – гъæуай кæнæд алке æхе! Рацæуй хæрæ, рацæуй!..

Тарст æрахæста йеугурей дæр, бустæги ба, сæ хæдзæрттæ донгæрон кæмæн адтæнцæ, уони. Лæгтæ фонси йергъæви фæцæнцæ. Уоститæ æма кизгуттæ ба хæдзайрон листæг дзауматæ синхонтæмæ давтонцæ, уалинмæ хæрæ дæр гур-гур æма æрсæнпурсæнтæгæнгæ гъæунги исмедæгæй. Гъæунгæ адтæй идтæг унгæг: йеугурæй æ фæтæ æййафта дууæ сардзини, кенæ ба мингий фулдæр. Хæдзарæй-хæдзарæмæ æ фæйнæ фарси адтæнцæ листæг хурæй тæссонд даст. Уæхæн мингий гъæунги уæхæн устур хæрæ фæндон над не ссердта æма хæдзæртти сератæ уæд, хурдаст уæд – йеугурæй дæр сæ бурцитæгæнгæ цудæй.

Адæми згули æма хæри æнсар гъæрмæ æз Мисирбийи нæбал æргъуди кодтон, æрæги-дурæги ба ‘й æристæфтæн; йеу зæронд, уотид гъæдæй конд кирæ æ гъæбеси сувæллонау ниттухта, уотемæй сæ медтургъæ истадæй. Æ зæрдæй кири хæццæ адæммæ раледзунмæ гъавта, фал æй хæрæй бон нæбал фæцæй æма къех

лæугæ райзадæй æ медбунат. Кумæ ма лигъдайдæ? Гъæунгæрдиги – хæрæ, иннæрдиги ба синхон хæдзæртти сератæ æрзилдæнцæ тургъæбæл. Тургъæ ба адтæй бустон мингий гæппæл. Хæрæ фиццаг Мисирбий хæдзари æндаг сера фехалдта, уæдта тургъæмæ кæлуни фæцæй. Гурусхаг нæбал адтæй, хæдзарæ бунтон ихæлд ке ниццайдæ, тургъæ ба хæрæй ке байдзаг адтайдæ, йе.

– Кирæ ниууадзæ, – гъæр кодтонцæ адæм Мисирбиймæ, – æма дæ уоци фарс хæдзари хурæбæл уæлиндзæмæ исхезæ!..

Адæммæ ку байгъустайдæ Мисирбий, уæд уæлиндзæй иннæ гъæунгмæ рæвдзæ рахезæн адтæй, фал æй æ кирæ ниууадзун нæ фæндадтæй, æд кирæ бабæй хурæбæл исхезун нæ бафæразтайдæ.

– Ме ‘хца кæми исæфунцæ, уоми гъæуама мæхуæдæг дæр фесæфон! – исгъæр кодта Мисирбий æма æд кирæ дæлгоммæ æрхаудтæй... Уалинмæ хæдзарæ дæр аллирдиги змæлун æма кæлун байдæдта; хæрæ тургъæмæ байвулдæй æма Мисирбийи æд кирæ æ буни никкодта...

– Æллах, æллах! – дзиназтонцæ адæм. – Фесавдæй лæг, фесавдæй!..

## III

Хæрæ æ куст бакодта, уæдта æрсабур æй. Адæм æнгулфæй бацудæнцæ Мисирбийи тургъæмæ æма йин æ мард хæри бунæй исистонцæ. Бауæр йеугурæй ницъцъæрæмухститæй; тог мизтæй аллирдæгæй, гъостæ, гъæлæс æма финдзи цъæстæ сигит æма зменсæй байдзаг æнцæ... Йеу зæронд уосæ резгæ хъурæй зæрддон гъарæнгæ никкодта, æма адæм никкудтæнцæ... Изолмæ игъустæй адæми кæунгъæр æма сауæнгæ зæрди бунмæ гъардта... Рарвистонцæ гъæргæнгутæ иннæ хуæнхаг гъæутæмæ, æма цудæнцæ уордиги дæр адæм хъонц æма тæфирфæс кæнунмæ...

Дуккаг бон Мисирбийи марди фæлуст искодтонцæ, нийййæвардтонцæ нæуæг конд кири, исаргъудта ибæл саугин, æма ‘й банигæдтонцæ.

– Æнамонд адтæй æма æнамонди мард ракодта, – хъонц кодтонцæ беретæ, – фал цума циуавæр кирæ адтæй, Мисирбий æхе кæбæл фесафта, йе?

– Райгон кæнун æй гъæуй, – исдзурдта адæмæй йеу.

Кирæ фæззиндтæй, æма ибæл адæм æрзилдæнцæ фæйнер-

дигæй. Йеу бæзæрхуг, сауцъарæгæсгæ лæхъуæн ин фæрæти мæкъурæй æ къума расаста. Йеу усмæ, уæдта кирæ, алли хузæн æхцатæй йе 'мбæр, уотемæй райгон æй...

Адæм æнæ хъипп, æнæ стуф æхцай кирæмæ сæ цæститæ ниццавтонцæ. Йеу дзæвгарæ фæллæудтæнцæ уотемæй, уæдта кæцæйдæр æркодтонцæ Мисирбийи сонт фурти, Баззей, кири сæргъæмæ.

– Уинис, Баззе, – загъта йин еу зæронд лæг, – дæ фидæ дин цæйбæрцæ æхцатæ ниуугъта æ фæсмæрдæ...

Баззе æ сунтæбæл фæххуæстæй, низзулун кодта æхцатæрдæмæ æ дзангъир цæститæ æма ходунти фæцæй:

– Хе-хе-хе! Æхцатæ, æхцатæ! Хе-хе-хе!

# АРВИСТОН

## АЛЫХУЫЗОН ЦАУТÆ

* * *

Нæ эрæйы агъоммæ III æнусы Египеты пирамидæтæ куы арæзтой, уæд Зæххыл царди 30 милуан адæймаджы. Ныртæккæ адæмыл алы аз дæр æфты 8 милуаны.

* * *

Æрвылбон нæ рекламæтæй чи ‘фсады, уыдон æнæуаг митæ алкæмæн дæр зындгонд сты. Фæлæ, æвæццæгæн, историйы æппæты æнæфсармдæр рекламæ фендæуыди 1910 азы. Уæд, ауындзæн бæндæн йæ хъуырыл кæмæн уыд, уыцы фыдгæнæг ныхъхъæр кодта адæммæ: «Нуазут Ван Гутены какао!» Йе «сгуыхты» тыххæй фыдгæнæджы байзæддæгтæн какаойы хицау бафыста дзæвгар æхца. Уыцы ныхас бахаудис æппæт газеттæм дæр, æмæ какао æлхæнджыты нымæц дзæвгар фæфылдæр. Владимир Маяковскийы поэмæ «Облако в штанах»-ы дæр йæ кой ис.

* * *

Азербайджаны Шамкиры районы ис сомихаг хъæу Чардахлы. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг йæ цæрджытæй бирæтæ фесгуыхтысты. Хæстмæ дзы ацыди 1250 адæймаджы. Уыдонæй се ‘мбисæн саккаг кодтой ордентæ æмæ майдантæ, дыууæ та систы маршæлтæ (Амазасп Бабаджанян æмæ Иван Баграмян), дыууадæс – инæлæрттæ, авд – Советон Цæдисы Хъæбатыртæ. Карабахы быцæуы размæ хъæуы фылдæр царди сомихæгтæ, фæлæ 1988 азы тард æрцыдысты.

* * *

1985 азы Советон Цæдисы рапарахат алкоголы ныхмæ тох. Сæнæфсирдæттæн сæ 30 проценты сæфт æрцыдысты. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæг сæнæфсиры цæхæрадæттæ уыйбæрц æфхæрд нæ баййæфтой. Фæлæ советон разамонджытæн уый сæ фыццаг фæлварæн нæ уыди: 1918 азæй фæстæмæ бæстæйы

уыди 4 антиалкоголон кампанийы. 1972 азы фæзынди лозунг «Тох расыггæнджыты ныхмæ!»

Уымæй 300 азы раздæр та Петр Фыццæгæмы бардзырдмæ гæсгæ саразтой орден «Тох расыггæнджытимæ». Орден уыди цæнгæтæй конд, йæ уæз – 10 килæйы. Расыггæнаджы æфцæгыл-иу æй æрцауыгътой, сисæн ын куыд нæ уыдаид, афтæ, æмæ йæ «орденхæссæг» хъуамæ йе 'фцæджы æмпъыхтаид æнæхъæн къуыри.

* * *

1535 азы Уырысы бæстæйы уыдис æхцайы реформæ. Уымæй размæ лыстæг æхцатыл нывгонд цыди барæджы ныв æхсаргардимæ. Реформæйы фæстæ сыл фæзынди стыр кънйаз Иван Æртыккæгæмы фæлгонц арцимæ. Уæдæй фæстæмæ лыстæг æхцатæ хонын райдыдтой копейкатæ, уырыссаг дзырд «копье»-мæ гæсгæ.

* * *

Адæмты историйы сæдæазон хæст кæй хонынц, уый æппæты дæргъвæтиндæр нæ уыд (ахаста 116 азы). Дзæвгар дæргъвæтиндæр рауад испайнаг тыхгæнджыты хæст чилиаг индейæгтимæ (араукантимæ). Уыцы хæст цыди 238 азы – 1535 азæй 1773 азмæ. Испайнæгтæн æндæр гæнæн нал уыд æмæ арауканты банымадтой сæрибар адæмыл. Арауканты нæдæр инктæ басастой, нæдæр испайнæгтæ. Хуссар Америкæйы æндæр ахæм адæмыхатт нæ уыд, знæгтæ кæй нæ басастой.

* * *

Стенфорды университеты (Калифорни) ахуыргæндтæ гориллæ Кокойы ахуыр кæнын райдыдтой, чысыл ма куы уыд, уæд. Æмæ маймули базыдта дыууæ мин англисаг дзырды нысаниуæг. Ноджы арæхсы къухæй амындтыты мидис æмбарынмæ. Зоны йе 'нкъарæнтæ æвдисын дæр, загъд кæнын, хъазын дæр. Зæгъæм, иуахæмы йæхи рахуыдта «хорз маргъ», стæй загъта, тæхын дæр зонын, зæгъгæ. Фæстагмæ басасти, хъазгæ, дам, кодтон.

* * *

Помпейы сахар вулканы бын кæй фæцис, уый зындгонд хабар у. Æмæ уыцы сахары «хал ахордта» Сен-Пьер дæр 1902 азы æстæм майы. Сахар уыди, Карибы денджызы, Мартиникæ,

зæгъгæ, цы сакъадах ис, уым. Вулкан Мон-Пеле куы стыдта, уæд цалдæр минутмæ йæ быны ассæста сахар. 28 мин адæймагæй ма аирвæзт æрмæст дыууæ. Сæ иу разынд ахст лæг, бадти, рудзгуытæ дæр кæмæн нæ уыд, ахæм иубынатон карцеры. Уым æй ссардтой вулканы стындæй дыууæ къуырийы фæстæдæр. Хицауады уынаффæмæ гæсгæ йын йæ фыдракæнд ныххатыр кодтой æмæ йæ рауагътой.

* * *

Куыдз адæймагыл куыд æнувыд у, уый фæдыл бирæ хабæрттæ ис. Йæ иузæрдиондзинады тыххæй ма йын цыртдзæвæнтæ дæр æвæрынц. Эдинбургы сахары, Бобби, зæгъгæ, иу куыдзæн йæ хицау куы амард, уæд 14 азы дæргъы æрвылбон цыди кафемæ (йæ хицау сихор уым хордта). Уым ын-иу хæринаг радтой, æмæ та-иу куыдз уæлмæрдтæм азгъордта æмæ йæ хицауы ингæны уæлхъус бадти. Мæлгæ дæр ингæны цур акодта. 1872 азы Эдинбургы Боббийæн сæвæрдтой цыртдзæвæн – дунейы куыйтæн сæ тæккæ æнувыддæр, иузæрдиондæр кæй разынд, уый тыххæй.



## ЗОНИНÆГТÆ

* * *

Газеттæ куыд хъусын кæнынц, афтæмæй 2013 азы Уæрæсейы инфляцийы æмвæзад схиздзæн уæлиаумæ.

* * *

Алы бон дæр иу гамбургер куы хæрай, уæд дæ цардæй æрвылбон хаудзæни 30 минуты.

* * *

Ахуыргæндтæ куыд амонынц, афтæмæй мармелад æххуыс у, буары цы зианхæссæг хъылматæ ис, уыдон сафынæн.

* * *

Чъизи хуыссæнтæ адæймагæн сты зианы хос: фæзыны йæм астмæ æмæ æхснырсæг.

* * *

Стрессы азарæй згъæлын байдайынц сæрыхъуынтæ.

* * *

Æгæр бирæ куы фынæй кæнай, уæд уый зиан хæссы адæймагæн.

* * *

Фырхæрдæй чи снард вæййы. уыдон арæхдæр мæлынц, стонг чи æййафы, уыдонæй.

* * *

Бедуинтæ Сахарæйы ссардтой, Марсæй чи æрхауд, ахæм метеорит.

* * *

Уæрæсейы цæрджытæй 64 минæн нæй цæрæнбынæттæ.

* * *

Зæххы къорийыл æппæты амондджындæр цæрджытыл нымад сты Латинаг Америкæйы адæм. Æппæты æнæниздæр та сты япойнæгтæ.

* * *

Уæрæсейы мидхъуыддæгты министрады æппæты æмбæхстдæр структурæ у хи æдасдзинад. Уый 2012 азы мидхъуыддæгты оргæнты раргом кодта 1518 коррупционеры. Уыдонæй 303 сты гæртамхортæ.

* * *

Официалон миллиардерты нымæцмæ гæсгæ Уæрæсе дунейы мидæг ахсы æхсæзæм бынат. Махмæ ис 97 миллиардеры, сæ исбоны аргъ 380 миллиард доллæры кæмæн у, ахæмтæ. Америчы Иугонд Штатты та миллиардертæ ис 480.

* * *

Гуырдзыстоны амарди дунейы æппæты зæронддæр ус – цыдис ыл 132 азы.

* * *

Газет «Аргументы и факты»-йы эксперты бæрæггæнæнтæм гæсгæ Уæрæсейы илциисæны (таможнæйы) гæртамхортæ ис дзæвгар. Уыдоны цæстфæлдахæн миты аххосæй паддзахад æрвылаз фесафы 20 миллиард доллæры. Сæ фæлитой митæ рахъæр вæййынц, дæлдæр бынæттæ чи ахсы, уыдонæн. Уæлдæртæ та æнцад-æнцойæ сæ рæбынтæ дзаг кæнынц æмæ цардæй къæртт æппарынц.

## КУЫД ТОХ КÆНЫНЦ ФÆСАРÆНТЫ КОРРУПЦИЙЫ НЫХМÆ

**Китай.** 2009 азы марыны тæрхон рахастой Пекины аэропорты разамонæг Ли Пейлинæн, 16 милуан доллæры кæй адавта, уый тыххæй. Афæдзы фæстæ агæрах кодтой Китайы сæйраг сахары вице-мэр Лю Чжихуайы – чиновник йæ сусæг уарзоны сæвæрдта арæзтадон фирмæйы президентæй. Уыцы сылгоймаг 2008 азы Олимпиадæмæ цæттæ кæныны охыл райста 40 милуан доллæры. Китайы Æхсæнадон æдасдзинады бюройы министры хæдивæг инæлар Ли Цжичжоу ахст æрцыди, машинæтæ æмæ нефты продукттæй контрабандæйы тыххæй. Инæларимæ ма тæрхондонмæ бахаудтой 200 (!) пъæлицæйаджы æмæ илциисæны кусæджы – бæрзонд бынæттæ чи ахста, ахæмтæ. Фæстаг æртæ азы марыны тæрхон рахастой 40 мæрæн, провинциалон сахарты чи куыста æмæ гæртæмттæ чи иста (500 мин доллæрæй 50 милуан доллæры онг), уыдон.

**Сингапур.** Ам коррупцион хабæрттæ бæрæггæнæг Бюро сарæзтой 1952 азы. Уæдæй нырмæ тæрхондонмæ лæвæрд æрцыди сæдæгай гæртамхорты хъуыддæгтæ, уыдонимæ – премьер Ли Куан Юйы æртæ хæстæджы. Гæртам исгæйæ æрцахстой национ рæзты министр Де Цзинваны. Уый ныууагъта гæххæтт ахæм фыстимæ: «Ацы худинаджы фæстæ цæрын мæ бон нал суыдзæни». Стæй йæхи æрцауыгъта. 2011 азы та ахст æрцыди Граждайнаг хъахъхъæнынады кусæндоны хицау Питер Люмсин Пан. Уый æнахуыр гæртам райста: æртæ амалхъом сылгоймагимæ пайдайаг контракт сарæзта, æмæ йын уыдон йæ хорзраконд бафыстой... сексæй. Премьер бирæ кæй уарзта, уыцы лæг – Наркотикты ныхмæ тохгæнæг центрон бюройы хицау Нгбун Гэй дæр къалатийы смидæг, гæртам райсыныл кæй сразы,

ærmæstdær uyй тыххæй. Афтæмæй йæ исгæ та нæ ракодта: ацы бæстæйы ахæм закъон ис, чиновник æхца ма райсæд, фæлæ сæ райсыныл куы сразы уа, уæд уый дæр фыдракондыл нымад у.

## РАГОН ÆМÆ НЫРЫККОН АНЕКДОТТÆ

* * *

Сылгоймаг бацыди дохтырмæ æмæ йæ фæрсы:

– Нæ лæг фыны иудадзыг дзургæ фæкæны. Цæмæн афтæ у?

– Уымæн æмæ йæ бонæй дзурын нæ уадзыс, – дзуапп радта дохтыр.

* * *

Иуахæмы Сталин Горькийæн афтæ зæгъы:

– Роман «Мад» ныффыстай æмæ уымæй хорз бакодтай. Фæлæ дын ныр афон у роман «Фыд» ныффыссынæн. Сæйраг фæлгонц дзы хъуамæ æз уон. Разы дæ?

– Уæллæй, нæ зонын, Иосиф Виссарионы фырт. Гуырысхо кæнын, мыййаг куы нæ сарæхсон...

– Бафæлвар, бафæлвар, Алексей Максимы фырт. Попытка – не пытка. Афтæ нæу, æмбал Берия?

* * *

Фысымуатмæ бацыдысты карджын джентльмен æмæ æрыгон рæсугъд чызг.

– Æгас цæут, сэр, – дзуры лæгмæ хъуыддæгтæ аразæг. – Дыууæбынатон цæрæнуат уын æрцæттæ кодтам – дæуæн æмæ дæ чызгæн.

Джентльмен рамæсты æмæ карзæй дзуры фысымуаты кусæгмæ:

– Дæ цæстытæ хизынмæ сты, нæ йæ уыныс, зæронд кæй дæн, уый? Хъуамæ мын ахæм æрыгон чызг куыд уа? Уый мæ ус у, мæ ус!

* * *

Лæг мæстæй цæхæртæ калгæ йæ хæдзары смидæг æмæ йæ усмæ дзуры:

– Наташæ, æз алцы дæр зонын!

– Рæдийыс, – дзуапп ын радта ус. – Уæдæ ма зæгъ, Волгæйы дæргъ цал километры у?

* * *

Хицæуттыл æмæ сылгоймæгтыл æппындæр æуузæнк нæй. Фаронæй фæстæмæ та – майяйы индейæгтыл дæр.

* * *

Дыууæ 'мбалы сæмбæлдысты. Иу иннæйы фæрсы:

– Нуазыс?

– Кæд мæ фæрсгæ кæныс, уæд – нæ. Кæд хонгæ кæныс, уæд та – нуазын.

* * *

Джонæн йæ усы адавдæуыди. Дыууæ боны фæстæ йæ фатеры райхъуысти телефоны дзæнгæрæг:

– Сахат æмæ æрдæгмæ дæс мин доллæры куы не 'рбахæссай, уæд дын дæ «хæзнайы» дæ тæккæ хæдзарыл сæмбæлын кæндзыстæм.

* * *

Аходæн афон фермеры ус йæ лæгмæ дзуры:

– Мæ удлæууæн, райсом цы бон у, уый дæ нæ ферох?

– Куыд мæ хъуамæ ферох уа?.. Æмæ цы бон у, цы?

– Нæ цард куы баиу кодтам, ууыл райсом ссæдз азы сæххæст уыдзæни. Куыд дæм кæсы, хъыбыл куы аргæвдиккам...

– Омæ хъыбыл та цы аххосджын у?

* * *

Чысыл Сашæ фæрсы йæ фыды:

– Баба, Ленин æмæ Сталин та чи сты?

– Нæ фæтæгтæ, мæ хур, нæ фæтæгтæ.

– Æз та афтæ 'нхъæлдтон, фæтæгтæ æрмæст хъæддаг адæмтæн ис!

* * *

– Ды та чи дæ?

– Депутат.

– Æмæ дын худинаг нæу? Къæдзæхыйас лæг куы дæ! Фæлтау ацу æмæ исты куыстыл ныххæц!

* * *

Кæддæр Платон загъта: «Адæймаг у, бумбулитæ кæуыл нæ зайы, ахæм дыкъахыг цæрæгой».

Диоген дын иуахæмы куы бавдæлид, уасæг куы ‘рцахсид. Ныллæгуын æй кодта, Академимæ йæ бахаста æмæ дзуры: «Мæнæ уын Платоны адæймаг».

* * *

Париж. Елисейы быдыртæ кæй хонынц, уым ноздджынæй тезгъо кæнынц Чапаев æмæ Петькæ. Чапаев иу хæрзарæзт нæлгоймаджы бакъуырдта. Уый æрлæууыд æмæ францагау дзуры: «Æвæстиатæй хатыр ракур!» Чапаев ын йæ ныхæстæн ницы бамбæрста æмæ ма йæ ноджы æлгъитгæ дæр ракодта. Лæг бынтон рамæсты æмæ та дзуры: «Мсье! Бафхæрдтай мæ, æмæ дын æй нæ ныббардзынæн!» Стæй йæ æрмкъух фелвæста æмæ йæ йе ‘фхæрæджы къæхты бынмæ баппæрста: хылмæ йæм сидтис. Уæд Петькæ нал фæлæууыд æмæ афтæ: «Васили Иванович! Иу хатт ма йæ фесхой, æмæ кæд йæ пъалто дæр рауæлдай кæнид!»

* * *

Афтекмæ бацыд, йæ уæз 100 килограммæй фылдæр кæмæн уыд, ахæм чызг æмæ фæрсы:

– Антиставдин уæм ис?
– Нæй.
– Касхурганан та?
– Нæй.
– Фиутайан та?
– Нæй. Фæлæ дæ уыдæттæ нæ хъæуынц.
– Уæдæ цавæр хостæ хъæуы?
– Антигубундзал, цусафтаран æмæ фастагзмалинкан...

Цъары фæрстыл:

*2. Къоста.*

*3. Суворовы цыртдзæвæн.*

*4. Задæлески Нана.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |

* * *

*Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алания.*

*Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00064 от 30 марта 2012 г.*

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

*Учредитель: Министерство культуры и массовых коммуникаций РСО-Алания.*

*Подписано к печати 15.03.13. Формат издания 60х84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 8,37. Учетно-изд. л. 7,27. Тираж 1000 экз. Заказ № 175. Цена свободная. Выход из печати 28 марта 2013г.*



*Адрес редакции: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста 11.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru; http: // www.mahdug.ru.*

*Тел.: гл. редактор – 25-09-64;*

*отдел поэзии, корректор – 25-09-74; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.*



*Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис» РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.*





Индекс 73247